


1800

C 44

1800
C44





1800

LAJANG ISI KAWROEH BAB BASA DJAWA SAWETARA

KANG NGANGGIT

M. MARDJANA

ING NGAJOGJAKARTA

KAETJAP ING PANGETJAPAN J. B. WOLTERS
GRONINGEN — DEN HAAG — BATAVIA — 1933

C 44

1800
C44
KAWEDALAKEN DÉNING J. B. WOLTERS

SERAT PANOENTOEN WOELANG BASA

KANGGÉ TOENTOENAN NINDAKAKEN
MOELANG BASA DJAWI ING PAMOELANGAN
ANDAP, MANOET DAPOEKAN ÉNGGAL

KARANGANIPOEN

O. DHARMABRATA

KABIJANTOE

KI WIGNJASOEMARTA

f 0,50

ALAT KARANG MENGARANG

DIHIMPOENKAN OLÉH

RADÉN SASRASOEGONDA

TJÉTAKAN JANG KETIGA

f 0,80

BATAVIA, GANG SCOTT 5

Y.R. Kio

LAJANG ISI KAWROEH BAB BASA DJAWA SAWETARA

KANG NGANGGIT

M. MARDJANA

ING NGAJOGJAKARTA



f 0,90

KAETJAP ING PANGETJAPAN

J. B. WOLTERS' UITGEVERS-MAATSCHAPPIJ N.V.
GRONINGEN — DEN HAAG — BATAVIA — 1933

Gang Scott 5

Cu
60757

9029/63

PANGETJAPAN J. B. WOLTERS



pangoengakan - luttelijke
 gegaran - handleiding
 wor - doorengemengd, gemengd
 soek - band
 woroek - doorelkaas
 pamanggih - panemol - oordel
 PAWARTOS.

Serat „Kawroeh basa Djawa” poenika wontenipoen koela damel,
 awit roemaos betah serat ingkang kénging kanggé pangoengakan
 oetawi gegaran moelangaken woedjoeding basa. Inggih poenika
 basa ingkang kanggé witjantenan oetawi basa ingkang kaserat;
 bab pamilihing temboeng oetawi béda-bédaning oekara ingkang
 kanggé ing satoenggal-satoenggaling basa, makaten oegi bab basa
 ingkang mawi rerenggan oetawi ingkang boten, poenapa déné
 basa enggén-enggénan. Preloenipoen dipoen soemerepi satoenggal-
 satoenggal, soepados sampoen ngantos wor soeh penganggénipoen.
 Wasana saged pilah-pilah, sageda njaèkaken basa ingkang dipoen
 anggit oetawi ingkang kanggé witjantenan. Pemanggih koela,
 manawi sampoen soemerep dateng wados-wadosipoen, oetawi
 dateng tjatjad-tjatjadipoen, temtoe gampil damel anggitan oetawi
 witjantenan nganggé basa ingkang leres.

Serat poenika pendapoek koela manoet penoentoenipoen padoeka
 Toewan Dr. T. Pigeaud kalijan pitedah werni-werni saking R. B.
 Sasrasoeganda ing Ngajogjakarta. Makaten oegi para sedèrék
 oetawi kantja-kantja kawah ingkang koela soewoeni pitoeloeng
 prakawis werni-werni.

Ing riki koela ngatoeraken gènging panoewoen koela dateng
 ingkang sami paring pitoeloeng waoe.

Wasana pengadjeng-adjeng koela, serat poenika toemrapipoen
 dateng moerid-moerid sageda maédahi, soemerep dateng elak-
 eloeking basa Djawi. Toemrapipoen dateng para kantja, sageda
 dados srana nggampilaken pedamelan.

Ngajogjakarta, Maart 1933.

MARDJANA.

tjatjad - gebrek
 wadi-wados - 1. t. eijentijke
 2. geheim
 dapoeck - 1. in hoopen overdeeld
 2. bewest
 pitedah-pitedah - aanwijzing
 geng - groot, grote
 pandemoen - 1. noekbalke
 2. vraag, verzoek
 pangarep - dank
 pangarep - aarep - hoop, verwachting

Watjan - leesboek, lektuur
gendang, oendang - afkondiging
Jessorak - lesing, voordracht

*tjatoer-witjanten - n. geschik
 printje - printje - afen - n. delyk, precies
 kagok - { iets hebben v. rimbag - vorm
 & buitengewoon
 enggon-enggonan - plaatselyk*

PÉRANGAN KAPISAN.

(Nerangaké bédané basa ing toelis karo basa kang dienggo tjatoeran ing wong).

Basa ikoe ana werna loro, jaikoe:

- A. Basa kang kanggo ana ing toelis.
- B. Basa kang kanggo tjatoeran.

Déné peprintjèné basa kang dienggo tjatoeran ikoe:

I. Basa kang dienggo tjatoeran karo sanak sedoeloer. Jaikoe:

- 1. Basané botjah tjilik.
- 2. Basané botjah.
- 3. Basané wong toewa.

II. Basa kang dienggo tjatoeran wong kang toenggal gawé.

III. Basa kagok, jaikoe basa enggon-enggonan. (Bakal kapraté-lakaké déwé ana ing **Pérangan kang kaping lima**).

Ing ngisor iki kapraté-lakaké woedjoedé sidji-sidjiné basa maoe nganggo toelada satjoekoepé, sarta katerangaké béda-bédané moeng-goehing:

- a. Pamilihing temboeng.
- b. Penataning oekara.
- c. Lagoené.
- d. Pengrimbaging temboeng. (Penganggoné ater-ater, seselan, oetawa penambang).
- e. Owahing swara.

A. BASA KANG KANGGO ING TOELIS.

Basa ing toelis ikoe kang kanggo ing lajang-lajang, kajata: lajang kabar, lajang watjan, lajang tembang, oendang-oendang, pijagem. Oega dienggo ing wong sesorah, ing pakoempoelan, dienggo tjrita ing dalang, l. s. p.

*ater-ater - { geschied
 & voorvoegsel
 seselan - zich ergens tus van dingen
 panambang - aachtvoegsel
 panambangan - overwaart, over
 delajangan - correspondent*

pramasastra — spraakkunst
dirambak — a. d. buit komen
berikaké — voor, opgelesen
gesèh — niet pabren. by ⁶afwijkend
bergas — nelpes v. d. dag komen
 Woedjoedé.

Jèn arep ngremboeg woedjoeding basa, koedoe ngélingi limang prakara kang kaseboet ing ngisor iki:

1. Pamilihing temboeng.
2. Penataning oekara.
3. Lagoe.
4. Penganggoné pramasastra (kang kerep kesrambah jaikoe traping ater-ater, seselan, oetawa penambang).
5. Owahing swara.

1. *Pamilihing temboeng-temboeng.*

Temboeng-temboeng kang kanggo ing basa ing toelis jaikoe:

a. Temboeng kang pantjèn ora dioenèkaké kaja penoelisé, dadi anané ija moeng ana ing toelis baé. Kajata:

poenika — pematjané: menika.
poenapa menapa.
manawa menawa.
nagara negara.
ananging nanging.
sanadjan senadjan.

b. Kang gèsèh karo kang dienggo goeneman, Kajata:

jèn ing patjalaṭon: nèk.
teka kok.
moeng goer.
dak, ko tak, kok.
isih idjih.
déné kok.
déning ing, menjang.
marang menjang.
doemateng dateng.

c. Temboeng kang kanggo bregas-bregasan, loemrahé ndjoepoek temboeng kawi, oetawa temboeng mantja. Kajata:

soepaja, soepadi, soepadya, ing patjalaṭon:
tjikbèn, karebèn, bèn.
prasasat sasat.
noelja noeli.
djer awit.
kang sing, djing, ding.

Owah - éwah — anders, veranderd

*seloe - zaaiën
 2 vieren rekken
 wanda - fatoes, lichaam, model
 golong - remlaag
 - te rekenen tot 7*

*patjak - hording
 2 begunn
 gambelang - slaar en
 duichelike
 pepak - vol tallig
 lufden*

Temboeng kang dioeloer wandané ija kagolong temboeng patjakan, kajata:

<i>loemakoe, malakoe</i>	saka:	<i>mlakoe.</i>
<i>malajoe</i>	„	<i>mlajoe.</i>
<i>gambelang</i>	„	<i>gamblang.</i>
<i>tjarita</i>	„	<i>tjrita.</i>
<i>mariki</i>	„	<i>mriki.</i>

2. Oekara.

Penataning oekara basa ing toelis ikoe koedoe pepak djedjer wasésané oetawa péranganing oekara lijané, kajata:

a. Temboeng pangiketing oekara ikoe jèn ana ing patjalaṭon loemrahé diboewang baé. kajata:

Marsam matoer, *bilih* ingkang raka kala wingi pamitan késah.

Jèn wong goeneman:

Marsam matoer, ingkang raka kala wingi pamitan késah.

Koela radi boten sekétja, *sabab* sampoen tigang dinten poenika koela boten saged tilem.

Jèn wong goeneman mengkéné:

Koela radi boten sekétja; sampoen tigang dinten poenika koela boten saged tilem.

b. *Katrangan wajah* ana ing ngarep. Kajata:

Kala wingi koela késah dateng Kalioerang.

Jèn wong goeneman kena sakarepé, endi kang preloe, didokok ing ngarep, Kajata:

Kala wingi koela dateng Kalioerang.

Koela dateng Kalioerang kala wingi.

3. Lagoe.

Lagoené wong matja ikoe betjiké ija kaja wong goeneman baé, nanging ija mawa-mawa kang diwatja; jèn mranggoeli lajang sing basané patjakan, lagoené ija mèloe dibregas-bragasaké. kajata jèn matja lajang pakem, lagoené ija kaja ḍalang.

4. Pramasastra.

Ing basa ing toelis penganggoné ater-ater, penambang apadéné, *hancut ta* seselan koedoe sing bener.

Temboeng pangiket ing patjalaṭon diboewang baé. (wis kapraté-lakaké ing doewoer).

*djedjer - grandbeginnel
 mosisan - ineen, ineen
 tallimaat, alles*

*mawa-mawa - n. gelang v.
 mranggoeli - ontmoeten, aantreffen
 pakem - handhede v. *hijzelf*
 verhalen*

*lyané - anderszooen - anders, anders dan
 djet - gebonden, gedicht, herinneren, gesteld.
 Pamitah - verlof, afscheid*

wisoech - handen en voeten wassen.
loh - vruchtbaar
loh en *djinawi* - vrucht v. melk en haring

Penganggoné ater-ater:

pasoeketan ing patjalaton: soeketan.
penggoréngan goréngan.
kawedanan wedanan.
kaloerahan loerahan.

Penganggoné penambang.

didjoepoekaké jèn wong goeneman: *didjoepoekké*.
djoepoekna " " " *djoepoekaké*.
embahé " " " *embahné*.
djoepoeken " " " *djoepoek*.

Penganggoné seselan.

Seselan *in* moeng kanggo ana ing toelis baé kajata:

ginawé jèn wong goeneman: *digawé*.
tinoelis " " " *ditoelis*.

5. Owahé swara:

Basa ing patjalaton kerep ngowahi swara, kajata:

isih dadi: *idjih*.
bisa " *indjoh*.
wisoeh " *isoeh*.

Toelada basa ing toelis.

1. Lajang kabar.

Kala djaman roemijin tijang Djawi poenika awrat nilar *tanah woetah rahipoen*, djer kala semanten tanah Djawi taksih kénging kawastanan *loh djinawi* jektos, poenapa-poenapa taksih sarwa mirah. Ananging saja dangoe tjatjah djiwanipoen bangsa Djawi saja mindak katah, makaten oegi tetijang *ngamantja* ingkang sami dateng ing ngriki preloe *ngoepaboga*, temahan wontenipoen panggesangan ing riki saja dangoe saja mindak rekaos. Djaman gangsal welasan taoen sepriki laré Djawi wedalan pamoelangan tengahan poenika kasaged-anipoen sampoen kaanggep tjekap; wangsoel *samangké* sampoen katah sedèrèk Djawi ingkang wedalan saking pamoelangan loehoer angsal seboetan doktor, meester oetawi ingenieur; dados manawi *amoeng* wedalan saking pamoelangan tengahan kémawon, raosipoen dèrèng barang-barang.

(Darma kanda).

2. Lajang watjan.

Tindakipoen Sang Praboe *ginarebeg* para abdi ingkang sami mbekta dedamel warni-warni sarta kadèrèkaken karéta toewin kapal pinten-pinten. Tindakdalem waoe dateng Nandana wana, inggih poenika wana ingkang angèl ambah-ambahanipoen. Kakadjenganipoen ageng-ageng sarta roengkoed *déning* kebak kañoekoelan alang-alang toewin reroempoetan. Para pandèrèk ladjeng sami ngepang wana ngantos *temoe gelang*. Déné kréta-krétanipoen kakempalaken wonten ing satoenggaling panggénan. (Serat Sakoentala).

3. Basa Pedalangan.

Sinigeg genti kotjapa ingkang wonten ing salebeting kadaton, pramèsuari Ngastina, ingkang *akakasih* retna dèwi Banowati, *wanodya* saking poendi, saking nagari ing Mandraka. *Samija* poetri ing Mandraka boten wonten kados retna Banowati. Dasar wanodya *éndah* warnané karengga ing *boesana*. *Patòeté* kaja doedoe manoengsa. Katah jèn *dènoetjapena tan* wonten *pedoté*. Étja *génipoen* pinarak angadjeng-adjeng *rawoehé* ingkang raka. *Sinigeg* datenging parekan ngoendjoeki oeninga *kondoeré* Sri Nata Ngastina. Ladjeng tedak meñoek kondoeripoen kang raka. Kang *poetra tan* kantoen.

4. Sesorah.

Pambagja.

Koela ingkang minangka dados *lalantaran* anglairaken *tjiptaning* katah, para tamoe ingkang sami *pinarak* wonten ing pasamoewan poenika sadaja, *asoeka* wiloedjeng *doemateng* radèn ngabèhi Tangkilan, doemoegi ing daloe poenika angsal *kamirahaning* Pangéran *ginandjar* ngoemoer 33 taoen, toemboek kapisan: moegi-moegi toeloesa sapanginggilipoen doemoegi toemboek kaping kalih 65 taoen, sarta angsala gandjaran langkoeng saking poenika *kalajan* kasarasan sarta kabegdjan *toemerah* doemateng garwa poetra.

(Ki Padma soesastra; Serat Tatatjara).

5. Basa ing lajang kiriman.

Serat *saha* ingkang pangabekti koela poen djaler èstri, katoer ing pandjenenganipoen ingkang rama sakalijan.

Sasampoenipoen ingkang kadya poenika, noewoen wijosipoen, koela ngatoeri *oeninga* ing pandjenengan sampéjan sakalijan, manawi Goesti Allah nggandjar wiloedjeng, béndjing dinten Senèn legi tanggal kaping koela badé netakaken anakkoela djaler nama

Ingkang poenika manawi *kepareng dangan ing penggalih* saha pinoedjoe sela ing pandamelan, béndjing ing dinten Senèn legi waoe, pandjenengan sampéjan koela atoeri *pinarak* ing grija koela, paringa pandonga willoedjeng *doemateng* anak koela.

Wasana sanget ing panoewoen koela tijang kalih rawoehipoen bapak sakalijan.

Katoer ing kaping

Koela

6. Toelada lajang kekantjingan.

Tedakan saking *registering* serat-serat kakantjingan dalem Sampéjan Dalem Ingkang Sinoewoen Kandjeng Soeltan.

Ngajogjakarta tanggal ping 4 Soera Dal 1868 oetawa ping 11 Mei 1932.

Ingsoen Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan ing Ngajogjakarta woes *saremboeg* lan Kangdjeng Toewan Goepernoer Ngajogjakarta.

Woes maos lajang *welingané oendjoek* Papatihingsoen kang dititi mangsani dina Senèn tanggal ping 18 Besar 1867 oetawa tanggal ping 25 April 1932 angka No. 5692/422/1 *sakantiné* tedakan pratélan sapanoenggalané bab panoewoené Si Ngabèi D. abdiningsoen ondercollecteur wengkon onderditricht Toegoe, sarta si Ngabei P. abdiningsoen ondercollecteur wengkon onderdistrict Kraton pada kadistrikan Koeta, kaboepatèn Ngajogjakarta, pada njoewoen woewoeh paparingingsoen bajar.

Angèneti lajang kakantjinganingsoen kang dititimangsani tanggal ping 1 Doelkangidah Djimawal 1861 oetawa ping 21 Maart 1931 angka 39,

Maramané ing samengko kang dadi *keparengé karsaningsoen*; Amaringi woewoehan paringingsoen bajar kang kapisan marang

1. Si Ngabèi D. abdiningsoen ondercollecteur wengkon onderdistrict Toegoe.

2. Si Ngabèi P. abdiningsoen ondercollecteur wengkon onderdistrict Kraton pada kadistrikan Koeta kaboepatèn Ngajogjakarta kèhé f 25 (salawé roepijah) sesasi sidji-sidjiné saka kagoenganingsoen kas kasoeltanan. Dadi kaleboe karo bajar lawas goenggoeng f 150 (satoes sèket roepijah) sesasi sidji-sidjiné, kapétoeng wiwit ing tanggal 1 sasi April taoen angka 1932, sabab olèhé pada nglakoni penggawéjan ondercollecteur *toemeka* poengkasané sasi Maart taoen angka 1932 lawasé woes 1 taoen.

Tedakané kakirimaké marang soepaja disoemoeroepi ing spreloené.

Kadawoehaké awit saka Dawoeh Dalem Sampéjan Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan ing Ngajogjakarta.

Sampoen tjotjok kalijan ingkang kawrat ing register kasebat nginggil.

asma.

7. Toelada lajang oendang-oendang

1932. Angka 5. Wara-wara. Oendang-oendang bab gawé wara-wara ing koeta Ngajogjakarta.

Oendang-oendangé pepatih dalem katitimangsan *Soerja* ping 20 Maart 1932. angka 5/H.

Manira pepatih Dalem ing Kraton Ngajogjakarta, kang woes diparingi pangawasa Dalem Sampéjan Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan ing Ngajogjakarta, sarta *panindak manira* iki woes sarembog Kangdjeng Toewan Gouverneur Ngajogjakarta.

Angalih preloe andawoehaké oendang-oendang bab wara-wara ing koeta Ngajogjakarta ngiras anjoewak pisan oendang-oendang katitimangsan soerja ping 9 Januari 1926 angka 3/1H. 23 Djoemadilakir Bé 1856 lan 29 Januari 1927 angka 5/1H, 25 Redjeb Wawoe 1857 kang pada kapatjak ing oendang-oendang nagara Rijksblad 1926 angka 3 lan 1927 angka 4.

Andawoehaké oendang-oendang kaja ing ngisor iki:

Oendang-oendang bab gawé wara-wara ing koeta Ngajogjakarta.

Bab 1.

Toemrap oendang-oendang iki kang kaaranan gawé wara-wara ikoe: *sadéngaha wewarah* mawa *pepetan* oetawa mawa toelisan minangka *ngalembana* oewong oetawa barang sarana patrap kang katon tjeta saka ing dalan toemrap ing akèh.

Bab 2.

.....

Bab 3.

.....

Bab 4.

.....

Bab. ...

.....

Lajang pranatan iki wiwité toemindak ing dina tjandaké dina nalika kaoendangaké.

Doemawoeh ing Ngajogjakarta tanggal ping

Woes sarembog lan manira

Kangdjeng Toewan Gouverneur.

tjap asma.

8. Toelada lajang Pijagem.

Pènget nawalaningsoen Kangdjeng Soesoehoenan PakoeBoewana Sénapati ing Ngalaga Ngabdoerrahman Sajidin Panatagama, ingsoen gaðoehaken marang anaké Bok randa Pamenang kang aran Ki Sabariman. *Marmané* ingsoen gaðoeh nawalaningsoen Ki Sabariman, déné ingsoen gawé kawoelaningsoen wong papredikan ing Pamenang, lan ingsoen *alihaken namaningsoen aran djenengaken* (?) Ki Pamenang, *amadanaa* marang poetranningsoen Ki Adipati Anom, sarta *ingsoenpatedani* kagoenganingsoen désa ing Pamenang sakeboné tjatjahé sawah gawéné wong 16.

Ikie dèn sanggaa ing sagawé-gawéné sarta ing salaladéné wong papredikan adja *ngowah* kaja adaté kang oewis kalakon kang *dingin-dingin*; ana déné leboené ing saben-saben sasi Moeloed ikoe andjoedjoega marang ing Poetranningsoen Ki Adipati Anom. Ikoe *patjoewan-patjoewan*, Bok Pamenang, pepatjakingsoen marang ing sira, sira ingsoen gawé kawoelaningsoen wong papredikan ikoe *dèn* netepi ing sapagawéjanira wong papredikan, sarta dèn bisa anggemahaké désa, angénaki atining wong tjilik. *Teka* kongsi sira gawé roesaking désa oetawa roesaking wong tjilik, amesti jèn sira nemoe bilahi, ikoe patjoehan-patjoehan sakéhing kawoelaningsoen pada sira angéstokna ing saoenining nawalaningsoen kang soen gaðoehaken maring Bok Pamenang. *Taha* jèn tan angéstokena *atanapi* jèn amaido, *kaplaksanaa* ing akèh ana ing aloen-aloeningsoen ing Soerakarta adiningrat, sarta kondjoeka ing sampéjaningsoen.

Titi.

Kala dawoeh pangandika dalem ing dinten Djoemoewah tanggal ping sangalikoer sasi Redjeb ing taoen Djé, angkaning warsa 1710.

Pitakon.

Tjoba sidji-sidjiné toelada ing doewoer maoe terangna; tandingen karo basané wong tjatoeran:

- Toelada angka 1. Lajang kabar,
 angka 2. Lajang watjan,
 angka 3. Basa pedalangan,
 angka 4. Basané wong sesorah,
 angka 5. Basa ing lajang kiriman,
 angka 6. Toelada lajang kekantjingan,
 angka 7. Toelada lajang oendang-oendang,
 angka 8. Toelada lajang pijagem.

a. keprijé moenggoeh *pemilihé temboeng-temboeng*; jaikoe temboeng apa sing moeng kanggo ing lajang; salinana: jèn wong goeneman keprijé.

b. Penataning *oekara* keprijé? Jaikoe: keprijé gèsèhé karo oekara kang dienggo tjatoeran.

c. *Lagoené* keprijé? Keprijé lagoené wong matja basa kang kaseboet ing toelada-toelada maoe.

d. *Pengrimbaging* temboeng (penganggoné ater-ater, seselan, penambang) keprijé gèsèhé karo jèn wong goeneman?

B. BASA KANG KANGGO TJATOERAN.

BAB I. BASA KANG KANGGO TJATOERAN KARO SANAK SADOELOER.

Basané sanak sadoeloer kena kaprintji mengkéné:

1. Basané botjah tjilik.
2. Basané botjah.
3. Basané wong toewa.

a. *Gèsèhing temboeng* ora pati akèh. Moeng ing basané botjah tjilik ana temboeng-temboeng sawetara kang moeng kanggo goeneman ing botjah tjilik baé. Wong toewa ija sok mèloe nganggo jèn goeneman karo botjah tjilik. Kajata:

<i>maem</i>	— mangan.
<i>emik</i>	— ngombé.
<i>boeboek</i>	— toeroe.

b. Oekara.

Botjah tjilik oekarané tjekak-tjekak. Basané wong toewa oekarané ganep kaja basa ing toelis. kajata:

mBok, maem! woetoehé: mBok, akoe ndjaloek mangan!

c. Lagoe. Botjah tjilik jèn goeneman lagoené béda karo wong toewa; jèn ndjedjaloek lagoené ngrintih kaja nangis. Wong toewa jèn goeneman karo botjah tjilik ija mèloe nganggo lagoené botjah.

d. Pramasastra. Traping ater-ater oetawa penambang ora dié-lingi; kajata:

Akoe toekokké djadjan, ja! Beneré: toekokna.

Kéné akoe wènèhi. Beneré: wènèhana.

Kana adoes! Beneré: adoesa!

e. Owahing swara kang kerep ana ing basané botjah, kajata:

mangan — *maem.*

ngombé — *mbé-mik-emik.*

iki mengko — *kingko.*

Déné basané wong toewa temboengé ora pati akèh gèsèhé karo basa ing toelis. Moeng jèn goeneman karo botjah ija nganggo basané botjah.

Toelada:

1. *Basané botjah tjilik.*

mBok maem!

— Simbok isih éwoeh. Doelang joe, ja!

Heeh. Joe, maem, joe!

— Ija, maem karo apa?

mBèk témpé.

— Enja, hak, hak!

Joe, emik, joe!

— Nja, Wis apa enèh, maemé?

Wis joe. Éndong, joe!

— Wis gedé kok ndjaloek géndong!

2. *Botjah pada botjah.*

Bapak soek sekatèn menjang Sala. Akoe mèloe karo ditoekokké plendoengan karèt.

— Soek bada akoe toekoe elong.

Akoe doewé nganténan, sing nggawèkké joe Soel.

— Akoe ja diolèh-olèhi wajang kang Karman. Saiki wis boebrah. Wis dèn, ajo pada nèkeran.

Nèk gendiran akoe emoh. Ajo pada géndongan.

— Ija ta ajo, dak-dakan disik.

Na, akoe radja, kowé oenjik Min.

— Wé, dadi tjedak akoe ki!

Ajo ta pada ditepoes disik, tjedak endi.

— Ja wis akoe trima kalah.

BAB II. BASA KANG KANGGO TJATOERANÉ WONG KANG TOENGAL GAWÉ.

Sidji-sidjining golonganing wong, jaikoe wong-wong kang pada mlakoe gawé, doewé basa déwé-déwé. Kajata: wong tani, toekang, soedagar, toekang-toekang ing pabrik, wong amèk iwak, koendi, mranggi, wong mbatik, wong njamboet gawé ing kantor, bangsa prijaji, dalang, toekang ngarang lajang kabar, lan lija-lijané basané béda-béda.

1. *Temboeng*. Mèh saben golonganing wong mlakoe gawé doewé temboeng déwé-déwé. Akèh temboeng-temboeng kang kanggo saben nindakaké pagawéjané.

2. *Oekara*. Oekara ing sidji-sidjining golongan ija béda-béda. Toekang grobag oekarané tjekak-tjekak, bangsa soedagar loewes jèn nata oekara. Wong njamboet gawé ing kantor, djoeroe ngarang lajang kabar, oekarané sing akèh tjéngkoké oekara Walanda oetawa Mlajoe.

3. *Lagoë*. Lagoené wong goeneman ing sidji-sidjining golongan ija béda-béda. Kajata: bangsa koesir oetawa toekang grobag lagoené santak. Toekang amèk iwak lagoené seroe. Batoer-batoer lagoené aloes, andap asor. Ikoe maoe kabèh kegawa saka koelinané ing saben nindakaké pagawéjané.

4. *Paramasastra*. Toemrap wong mlakoe gawé, bangsa soedagar, para prijaji, djoeroe ngarang lajang kabar oetawa wong maradajoh, pada manoet paramasastra kang bener. Nanging bangsa krija, wong tani, jèn goeneman ora ngélingi marang traping paramasastra.

5. *Owahing swara*. Jèn ana owahing swara ikoe marga kegawa saka ing basa enggon-enggonan.

Toelada.

1. *Basané wong tani.*

Ing pinggir kaoebengan, dipoen *waloedjeng* antawis *tigang singkal*, kaantawisaken *pendak dinten*, ladjeng *kadjanget*.

Ing tengah kawaloedjeng *sasingkal*. ladjeng kawaloedjeng sadaja, kakèndelaken sapeken oetawi *pendak dinten*, toemoenten *dipoen rambahi*. Antawis sepeken *kalawed*, tegesipoen kawaloedjeng malih, antawis sepeken *anglèr*.

Mengah *pandaoeting* widji waoe, manawi *pantoen gèndjah* delapan dinten oetawi kalih tengah woelan. Jèn *pantoen lebet* ngantos *tigang woelan*; saampoening kadaoet ladjeng *kabentèlan*. Ladjeng katanem, antawis setengah woelan widji waoe *nglilir*.

2. *Wong mbatik.*

Pepétanganing mori ingkang badé dipoenserat poenika *katjon*, boten élon; pilah-pilahipoen makaten: Kampoech limrahipoen 7 *katjoe*, Kampoech *adèn-adèn* ageming para loehoer 8 *katjoe*. Sindjang: kalih setengah *katjoe*. Iket: sakatjoe langkoeng setebah; manawi dipoen pesti sakatjoe, dadosipoen iket, *tjawak*.

3. *Toekang.*

a. Lo, kang, arep menjang endi iki?

b. Arep *kredja* ngéné kok! Kowé saiki njamboet gawé ngendi?

b. Moeng *potjokan* baé nèk ana gawéjan. Wah kang rekasané wong golèk doewit djaman saiki; mrana-mrana nèk toekang koewé ja moeng *nem wang*, njengkané menjang nem ketip. Semono maoe nèk ana gawéjan, nèk ora ija sida nglikik temenan Kowé koewé sing bedja, kang, *bajar minggu*.

b. Sing njawang ja ngarani bedja di; njatané ija pada baé. Ésoek djam pitoe wis *tapoek*, djam lima soré lagi *laoet*. Njamboet gawé ora kena saénaké, sasat *dipleter-pleter*.

a. Ngonowa kaé rak wis kena didjagakaké, toer ming *mara bae*. La akoe kijé *bekakas-bekakas* ija koedoe ngroepakaké. Kepéngin gedé, pawitané ija koedoe *kandel*.

b. Ning rak merdika ta di, ora ana sing ngerèh, ora kaja akoe kijé, lowok sedina baé ija *dipotong* bajarkoe.

4. *Soedagar.*

a. Kresa moendoet njamping Dèn Ngantèn?

b. Tjoba kaja napa.

a. Poenika, seratan, semèn ageng latar petak.

b. Kok blotjok ngèten!

a. Kados poendi ta Dèn Ngantèn, Kados mekaten kok dipoen westani blotjok. Montenipoen aloes, seratanipoen netes, mangga ta dipoen priksani. Tjelepanipoen sepoeh, bironanipoen mèpèt, boten njénggol, babaranipoen semringah.

b. La pinten nikoe regané?

a. Inggih poen *dawahi ringgit nenem kémawon*.

b. Tobat-tobat, ana apa-apa wis moerah kok djarit selemba rega limalas.

a. Ha mangga, poen ngendikani pinten?

b. Nem gélo nèk olèh.

a. Dèrèng njaosaken. Toembasan monten, lilin, babaranipoen kémawon dèrèng *mantoek*; poenapa *baoenipoen noenoet kémawon*?

5. *Poenggawa kantoran.*

a. Tindak poendi kiraka?

b. Badé dateng petjinan. Poen adi saking poendi?

a. Saking pendamelan badé *mantoek*.

b. Lo, wantji mekaten kok saweg kondoer.

a. Inggih, manawi tanggal enèm makaten ramé-raménipoen pandamelan. Pantjénipoen djam kalih sampoen *toetoe kantor*. Poenika waoe *ngondjot* ngantos doemoegi djam gangsal. Poenika dèrèng; *mantoek taksih mbekta garapan*. Mangké daloe *nglemboer*.

b. Kok rekaos temen ta di!

a. Inggih poenika awratipoen tijang pados tedà. Nanging manawi *nglemboer* makaten inggih angsal *overwerk* sekedik-sekedik. Kiraka poenapa *djagi éndjing*, wantji mekaten sampoen tindak-tindak?

a. Inggih Di, poenika waoe kleresan *djagi éndjing*. Béndjing-éndjing *djagi sijang*.

6. *Basa ing lajang kabar kang wis kena dajané basa mantja.*

Ondersetan.

Kanggé mitoeloengi para *amtenar priboemi* sarta para ingkang kasamèkaken kalijan amtenar waoe, ingkang sampoen kinéndelan saking pedamelan nagari saha boten angsal *pènsioen*, kangdjeng pamaréntah sampoen ngawontenaken pinten-pinten pranatan. Ing pranatan poenika ingkang kawrat ing *setatseblad* 1918 No. 110 lan *Setatseblad* 1925 No. 146 lan 200 kaseboetaken *kados poendi*

sagedipoen amtenar priboemi ingkang makaten poenika angsal ondersetan.

Manawi wonten amtenar ingkang *dinesipoen* sampoen wonten 5 taoen oetawi langkoeng, woesana kinèndelan saking padamelan nagari saha dèrèng angsal pènsioen, amtenar waoe oegi kénging kaparingan ondersetan.

Amtenar ingkang tjepeng damel nagari kelijan *tèdelek*, oegi angsal ondersetan *kanggé sawatawis mangsa*.

Pitakon.

Toelada ing ngarep maoe, jaikoe:

Toelada Bab I. Basané botjah tjilik,
Basané botjah.

Toelada Bab II. 1. Basané wong tani,
2. Basané wong mbatik,
3. Basané toekang,
4. Basané soedagar,
5. Basané poenggawa kantoran,
6. Basa ing lajang kabar kang wis kena dajané
basa mantja,

sidji-sidjiné terangna:

a. Keprijé moenggoeh *pemilihing temboeng*. Temboeng-temboeng sing moeng kanggo ing golonganing botjah oetawa oewong, keprijé beneré. Jèn disalini basa ing toelis, dadi keprijé?

b. Keprijé moenggoeh *penataning oekara*? Jèn moenggoeha basa ing toelis, oekarané keprijé?

c. *Lagoené* sidji-sidjiné golongan keprijé?

d. *Pengrimbaging* temboeng-temboeng keprijé? (jaikoe traping ater-ater seselan oetawa penambang).

e. *Owahing swara*. Temboeng apa sing pendjoepoeké saka temboeng ing toelis sarana diowahi swarané?

PÉRANGAN KANG KAPINDO.

(Moela boekané ana oenggah-oenggoehing basa).

(Petikan saka lajang anggitané Padoeka Toewan Dr. T. Pigeaud).

Ana basa kang wis ora kanggo goeneman ing wong. Anané ana ing toelisan baé. Ikoe kena diarani *basa mati*. Kajata: basa Djawa koena, jaikoe basané wong djaman Madjapait seprana; jèn katanding karo basané wong saiki wis akèh banget gèsèhé. Wong saiki wis ora ana kang nganggo tjatoeran basa maoe.

Basa kang dienggo goeneman ing wong sedina-dina, ikoe kena diarani *basa oerip*.

Basa oerip ikoe tansah owah saka ladjéré. Déné owahé ikoe marga: Wong-wong padoenoengané pada pating prentja; malah ana kang ora doewé padoenoengan kang tetep, dadi oeripé moeng ngoembara baé. Wasana basané bandjoer owah, jaikoe owah temboeng-temboengé, owah lagoené, owah iketaning oekarané, sapanoenggalané.

Basa kang owah saka ladjéré maoe nganakaké basa anjar, jaikoe basa enggon-enggonan. (kapratélakaké ing *Pérangan kang kalima*). Toemrapping kasoesastran, basa enggon-enggonan ikoe dianggep basa kang ora pati aloes.

Sadoeroengé ana aksara, wong Djawa jèn nglairaké rasaning ati, weðaring basa kang mawa rerenggan, ikoe moeng dikandakaké oetawa ditembangaké apalan baé, woedjoed *goeritan*, *parikan*, oetawa woedjoed *oekara patjakan*. Kabèh maoe olèhé nglairaké kang loemrah jèn noedjoe ana ing pasamoean.

Bareng wong Djawa wis doewé aksara, goeritan, parikan oetawa oekara patjakan maoe bandjoer ditoelis. Nganakaké basa ing toelis kang tetemboengané oetawa temboeng-temboengé apa déné iketaning oekarané gèsèh karo basa pedinan. Basa ing toelis dianggep loewih bregas tinimbang basa pedinan.

Soewé-soewé basa kang dienggo tjatoeran ing sedina-dina ija bandjoer owah, preloené soepaja aloes oetawa bregas. Noeli nganakaké:

a. *Owah-owahaning temboeng*, kajata:

swara poengkasan *i* dadi: *os*

kati „ katos

djati „ djatos,

dadi „ dados,

swara poengkasan	ri	dadi:	ntoen
	kari	,,	kantoen,
	mari	,,	mantoen

lan sapanoenggalané.

b. Temboeng mantja (kajata: temboeng Sanskrit, Arab lsp).

Wong ndjoepoek temboeng mantja ikoe, ora merga boetoech temboeng, bakoéné moeng merga boetoech bregas baé. Mengkono ikoe ora moeng ing basa Djawa baé. Ing basa Walanda oetawa basa lijané ija akèh temboengé mantja kang preloéné moeng arep golèk bregas.

Djalaran saka sabab kang kapratélakaké ing a, lan b maoe, soewé-soewé bandjoer ana *owah-owahaning temboeng*, karo temboeng kang tegesé *pada oetawa mirib*. (ndelenga Pérangan kateloe bab III).

Saroepaning tetemboengan oetawa oekara kang ditata: parikan, goeritan, tembang, wangsalan sapanoenggalané, (ndelenga Pérangan kang kaping pat) ikoe dianggep bregas.

Ing sadjroning tjepoeri kedaton ana *owah-owahaning temboeng*, kang kanggo goeneman ing sok wonga marang kantjané déwé.

Anané *owah-owahaning temboeng-temboeng* ing kraton ikoe djalarané saka wedi-wedi jèn kesikoe ing ratoe jèn nganggo temboeng-temboeng pedinan. Soewé-soewé ija bandjoer dadi tjara, nganggo temboeng *owah-owahan* ikoe dianggep loewih ngadjèni.

Sarèhning basa bregas-bregasan ikoe dikandakaké oetawa ditembangaké, dadi ija ndajani marang basa pedinan. Akèh wong kang bandjoer *pada niroe*, ngoedi marang oendaking bregasé temboeng-temboeng kang dienggo tjatoeran ing sedina-dinané. Kang mengkono ikoe bandjoer nganakaké *oenggah-oenggoehing* basa. Dadi doemadining *oenggah-oenggoehing* basa ikoe saka srawoenganing wong-wong.

Basa kang minangka babon kanggo patokan oetawa tetoeroetan, ing djaman saiki jaikoe basa ing tanah Djawa tengah sisih kidoel. (kraton Soerakarta lan Ngajodjakarta).

Basa kang toekoelé saka kraton ikoe dianggep basa kang aloes déwé. Dadi basa Djawa ing tanah Djawa tengah ikoe mirid basa ing kraton Mataram. Ilanging kraton Mataram bandjoer kraton Kartasoeira kang dadi telenging basa aloes; wasana ing saiki kang dadi telenging kasoestran Djawa, Soerakarta lan Ngajodjakarta (mengko sebandjoéré takarani basa Sala baé). Ing tanah Djawa koelon mirid basa ing Banten lan Tjirebon; déné basa ing tanah Djawa wétan mirid basa ing kraton wétanan kono. (Toeban, Giri, Blambangan).

Mengkono oega ing djaman koena, kraton Madjapait ija dadi telenging kasoesastran Djawa.

Asalé basa kang rinengga ikoe saka wong akèh, kajata: goeritan, parikan sapanoenggalané lalagon kang isih prasadja. Bareng wong Djawa wis doewé aksara, lelagon ikoe maoe bandjoer ditoelis, noeli diowahi sarta diimboehi roepa-roepa, nganakaké tembang gedé, tengahan, matjapat lan gendingan. Dadi anané kasoesastran kang minangka paoegeran ikoe ija mirid saka kasoesastrané wong akèh.

Basané wong ing tanah Djawa tengah sisih kidoel setitik banget gèsèhé karo basa Sala. Nanging basané wong-wong ing tanah pesisir jèn katanding karo basa Sala, akèh banget gèsèhé.

Sailangé kraton Banten, Tjirebon lan wétanan basa Sala bandjoer dadi paoegeran minangka baboné basa Djawa kang aloes.

Moenggoeh satemené basa Sala ikoe doemadiné ija saka oelet-oeletané basa kraton (kasoesastran) karo basa pesisiran. Terangé mengkéné:

Nalika djaman Mataram, ing tanah Djawa wétan ana kradjan Blambangan, djadjahané mèh satanah Djawa wétan kabèh; karo kradjan Soerabaja lan Gresik. Kradjan-kradjan maoe ija doewé kasoesastran déwé-déwé. Sarèhning kradjan ing tanah Djawa wétan ikoe doenoengé ing pesisir, dadi bisa srawoengan karo kradjan Banten lan Tjirebon. Wasana kasoesastrané ija petik-pinetik. Noeli ditoelis ing lajang, dadi *kasoesastran pesisiran*.

Bareng kraton Mataram wis madeg déwé, kasoesastran pesisir maoe ija bandjoer dipresoedi. Toemrapé wong Mataram temboengé akèh kang angèl. Wong Mataram roemasa katembèn weroeh basa ikoe, pantjèn doedoe basa ing Mataram. Temboeng-temboeng ing pesisir kang angèl-angèl maoe bandjoer diarani temboeng *kawi*.

Kasoesastran pasisir maoe toemrapé kasoesastran Mataram, ngoendakaké kawroeh akèh banget, moelané basa kawi maoe dianggep akèh adjiné toemrapping kasoesastran. Basané déwé pangrenggané sarana diwènèhi temboeng kawi kang sanjatané basa pesisir. Bareng kasoesastran pasisir maoe wis dipetik-petik ing basa Sala, lajang-lajang koena wis ora diwatja manèh, moeng temboeng-temboeng baé kang dioedi, digawèkaké baoesastra. Ing djaman saiki wong-wong jèn arep ngrengga basané, adakané bandjoer ndjoepoek temboeng kawi. Dadi temboeng kawi ikoe ija kanggo bregas-bregasan.

Soewé-soewé temboeng kawi maoe toemrap basa Sala akèh sing dadi temboeng pedinan. Moelané didjoepoek ing basa Djawa

kanggo bregas-bregasan, marga asalé saka tembang. Kasoesastran pesisiran pendapoeké kang akèh nganggo sinawoeng ing tembang; jaikoe basa kang rinengga.

Ing djaman Madjapait moenggah, ija wis ana basa kang rinengga kang katoelis, diarani basa *Djawa koena*. Ikoe wong-wong akèh kang kliroe tampa, dikira Djawa koena ikoe ija kawi maoe. Dikira basa kawi ikoe pendjoepoeké saka koena.

Basa Djawa anjar kang minangka dadi paoegeraning basa saiki, asalé saka kraton Kartasoera.

Wondéné basa kagok toemrapé para mrasoedi basa ija akèh paédahé, sabab ikoe basa oerip. Basa Sala oega gedé paédahé, sabab bandjoer nganakaké paoegeran, soepaja basa-basa ing satanah Djawa bisaa paða, sarta aloes.

Wong tjatoeran nganggo basa Sala kanggo pedinan, ikoe dianggep koermat, jaikoe sarana njalini temboeng-temboeng krija, temboeng kaanan oetawa temboeng kang mratélakaké darbéking wong kang arep diadjèni, sapenoenggalané. Moeng jèn menjang sanak sesoeloer nganggo basa pedinan.

Basa kang temboeng-temboengé wis nganggo owah-owahan oetawa rerenggan, diarani *basa krama*; kang pedinan diarani *basa ngoko*. Déné basa kang loewih ngadjèni diarani *basa krama inggil*.

Temboeng-temboeng kang kanggo pedinan kang ora ana salinané, ija lestari dienggo ing basa ngoko oetawa krama. (jaikoe temboeng kramangoko).

Owah-owahaning temboeng-temboeng kang kanggo ing oenggah-oenggoeh ikoe wiwit djaman Kartasoera wis dipatoki sarana katoelis. Nanging sawisé ikoe ija meksa isih ana baé owah-owahané anjar manoet pangkat, dradjad, oetawa asal; noeli nganakaké peprintjèné basa ngoko, krama. (ngoko andap, werða krama sapa-noenggalané). Nanging ikoe maoe kang nganggo moeng setitik banget, prasasat anané ikoe moeng ana ing oetjap-oetjapan baé.

Ing djaman saiki basa krama maoe ija doeroeng aran rampak ing ngendi-endi. Ing Sala ana patokan peprintjèning basa (bab oenggah-oenggoehing basa); ikoe minangka dadi paoegeran. Nanging ing sadjabané Sala akèh owah-owahan kang minangka pakoermatan.

Owah-owahan kang moeng ana ing toelis, ora dienggo tjatoeran wong, arané *kawi*. Kang dienggo ing wong désa djenengé *krama désa*.

Anané kawi karo krama désa ikoe merga saka koeranging sesoe-roepan.

Ana temboeng-temboeng kang para ahli basa ngarani temboeng

kawi, nanging ing sanjatané ing pasisir isih akèh kang kanggo. (nDelenga basa kagok Banten-Soerabaja, ing Pérangan kang kaping lima).

Temboeng krama désa kang akèh ija owah-owahan minangka kanggo ngadjèni, moeng baé olèhé mangoen oetawa ngoetjapaké béda; jaikoe manoet kagoké déwé-déwé. Ing basa krama désa ija akèh owah-owahan manoet tjara koena. Toemrapé para mrasoedi basa ikoe ija akèh paédahé.

Lajang-lajang gantjaran akèh temboengé krama, kang kena dienggo patokan oetawa paoegeran.

Ing lajang-lajang tembang akèh temboengé kawi. Temboeng kawi maoe tjatjahé saja soewé saja akèh. Ing lajang-lajang tembang gawéjané wong Sala déwé ija akèh temboeng-temboengé kang olèhé ngowahi kaja temboeng krama désa. Dadi kena ditemboengaké: penganggoné kawi karo krama désa ikoe wor soeh.

Penganggoné basa kang dadi paoegeran (basa Sala) moeng jèn arep ngadjèni; jèn ana ing omah meksa nganggo basané déwé. Dadi basa paoegeran ikoe moeng sidji, nanging basa pedinan werna-werna.

Basa Djawa kang diwoelangaké ana ing pamoelangan ikoe manoet patokan basa Sala (basa paoegeran). Dadi basa Sala maoe disinaoe ing wong-wong satanah Djawa kabèh.

Kedjaba piwoelang, kang bisa ndjembaraké tebané basa Sala ikoe bab tetoenggangan. Ing djaman saiki wong leloengan wis ora pati mikir marang rekasaning lakoe. Dadi srawoenganing wong-wong loewih gampang. Ikoe ija ndajani marang pentjaring basa paoegeran maoe.

Ana manèh lajang kang nganggo basa kang rinengga (bregas-bregasan) jaikoe kang njritakaké para Nabi oetawa para linoewih ing djaman koena. Kajata lajang indjil kitab soetji, kitab madjemoek sapanoenggalané. Ikoe basané ketara jèn pantjèn nganggo rerenggan.

PÉRANGAN KANG KAPING TELOE.

(Bab soerasaning temboeng oetawa oekara).

BAB I. TEMBOENG ÉNTAR.

Ing basa Djawa akèh temboeng kang soerasané werna loro, jaikoe teges barès karo teges éntar. Kajata:

<i>Sikilkoe</i> lara ketjotjog ing eri. Temboeng <i>sikil</i> ing kono ateges barès.	
Ngajodja ikoe ana ing <i>sikilé</i> goenoeng Merapi. <i>Sikil</i> ateges éntar.	
<i>Sirahkoe</i> ngeloe temen!	(barès)
Kali Sala <i>sirahé</i> ing goenoeng kidoel.	(éntar)
Bétèt ikoe <i>tjoetjoeké</i> mlengkoeng.	(barès)
Tékokoe <i>tjoetjoeké</i> potèl.	(éntar)
<i>Ilatkoe</i> liḍas.	(barès)
<i>Ilat</i> baja iki tandoeren.	(éntar)

Kedjaba temboeng-temboeng oega ana tetemboengan oetawa oekara kang soerasané éntar. Kajata:

Batoerkoe <i>dawa tangané</i> .	tegesé: tjlimoet, gelem njenjolong.
Si Soenarja ikoe <i>gedé endasé</i> .	tegesé: goemedé.
Soenarja kaé bijèn kantjakoe dolan, bareng saiki dadi prijaji bandjoer <i>ora weroeh oewong</i> .	tegesé: lali karo akoe.
Tjatoeranmoe <i>ora ana isiné</i> .	tanpa teges, ngajawara.
Wong toewa mono <i>akèh gémbohané</i> .	tegesé: soegih kawroeh.
Meneng-meneng <i>ngandoet kreneng</i> .	doewé kekandoetan ala; doewé pikiran ala.

Kang loemrah digawé éntar kapratélakaké ing ngisor iki:

1. Temboeng-temboeng kang pantjèn béda moeng mirid wewatekané oetawa kaanané kang paḍa. Kajata:

Oewong sok diarani: *bantèng* oetawa *djago* merga kendel. Kajata:
Damarwoelan ikoe *bebantèng* ing Madjapait.
Si Kasman ikoe *djago* bal-balan.

Oewong sok diarani *djempol*, tegesé sing oenggoel déwé, mirid kaanané *djempol*, *djempol* ikoe paḍa-paḍa dridji, sing gedé déwé.

Karim ikoe jèn noenggang djaran, *djempol*, tegesé: pinter déwé paḍa-paḍa kantjané.

Anak sok diarani: *toentoenging ati*, *maniking mata*, *gantilaning*

ati, njawa. tegesé kang ditresnani, kaja déné tresnané marang péranganing awak maoe.

Si Djaja ikoe *baekoe tengen.* tegesé: sing kerep tak kongkan-kongkon.

Oewong sok diarani *matjan*, marga kereng,
diarani *kebo* marga boḍo,
diarani *kantjil* marga djoelig,
diarani *widadari* marga ajoe.

2. Diarani nganggo péranganing barang lija, marga kaanané mèmper. Kajata:

Sikilé goenoeng Merapi. tegesé: péranganing goenoeng kang ngisor déwé; mirid kaanané sikil oewong, jaikoe péranganing awak ing ngisor déwé.

Sirahé kali Bengawan. péranganing kali ing doewoer. mirid kaanané sirah oewong, jaikoe péranganing awak ing doewoer déwé.

Koeping wadjan, *mata* woeden, *endas* kendi.

3. Temboeng kaanan oega sok disilih digawé teges éntar, kanggo ngarani oetawa mratélakaké barang lija. Kajata:

wit <i>doewoer</i>	(barès)
swarané <i>doewoer</i>	(éntar) tegesé: ngelik.
<i>doewoer</i> pangkaté	(éntar)
omah <i>gedé</i>	(barès)
prijaji <i>gedé</i>	(éntar)
tembang <i>gedé</i>	(éntar)
djaran <i>tjilik</i>	(barès)
wong <i>tjilik</i>	(éntar) tegesé: kawoela.
<i>keṭoel</i> pikiré	(éntar) tegesé: boḍo.
<i>rosa</i> boediné	(éntar) tegesé: kekarepané kentjeng.
<i>peteng</i> pikiré	(éntar) tegesé: ora bisa memikir.
<i>paḍang</i> oelaté	(éntar) tegesé: bingar.

Isih *tangèh* penganjangmoe (éntar)

temboeng *tangèh* tegesé: doeroeng mangsané.

dadi oekara maoe tegesé: doeroeng mangsané

takwènèhaké; doeroeng takwènèhaké.

4. Temboeng-temboeng kang kapidaké soerasané temboeng lija kang kaanané paḍa; kajata:

Goenemé *njlekit* banget. (éntar) tegesé: krasa lara ing ati; dioe-pamakaké kaja bisa njakot.

Temboengé *sengak* banget (éntar) tegesé: ora kepénak diroengok-aké.

Botjah ikoe pantjén wis ora *moeloer* nalaré.

Temboeng *moeloer*, mirid kaanané barang lija kang bisa moeloer (moendak dawa); dadi ora *moeloer* nalaré, tegesé: ora bisa moendak pinter.

5. Arep ngarani tjatjah, moeng dipretélakaké nganggo barang sidji, oetawa sapérangané barang baé. Kajata:

Ngajodja ikoe *djiwané* 100 000; *djiwa* karepé: tjatjahing wong kabèh.

Pradjoerit sing ndèrèkaké lajon ana *nem gendéra*.

moeng diarani *gendéra* baé, wis doewé teges kabèh pradjoerit kang ana ing saboerining gendérané.

Omah sing kobong maoe bengi ana *limang woewoeng*.

woewoeng ikoe moeng péranganing omah; ing oekara kono ateges *omah*.

sadjemoewah tegesé: pendak djemoewah (7 dina).

6. Kaananing barang kanggo ngarani barangé.

djené kanggo ngramakaké temboeng: emas; marga roepané koening.

kambangan, kanggo ngramakaké temboeng: bèbèk; marga kemambang ing banjoe.

rosan: teboe; marga woedjoedé ros-rosan.

tjelakan,: tegesan; „ tjendak.

petakan,: mori; „ roepané poetih.

tjemengan, ...: tiké, tjandoe, marga roepané ireng.

tosan,: wesi; marga atos.

peresan,: powan; „ pendjoepoeké diperes.

powan, Kanggo ngarani: banjoe soesoe sapi, marga pendjoepoeké diepoe.

7. Saroepaning saloka ikoe ateges éntar kabèh, jaikoe: oewong oetawa prekara diarani nganggo araning *kéwan*, *tetoeckoelan* oetawa *barang*.

Kang diarani nganggo araning kéwan:

Kebo kabotan soengoe.
 Kebo noesoe goedèl.
 Wedoes dioembar ing pekatjangan.
 Oela nantang geboeg.
 Asoe areboet baloeng.
 Kaja koetjing karo asoe.
 Pitik trondol saba ing pedaringan.
 Koetoek marani soendoek,
 Bèbèk diwoeroeki nglangi.
 Boeboek olèh elèng.
 Bèbèk moengsoeh mliwis.
 Belo mèloe seton.
 Asoe belang kaloeng oewang.

Kang diarani nganggo araning *tetoekoelan*:

Pring sedapoer.
 Nandoer pari djero.
 Katjang mangsa ninggala landjarané.
 Sanggar waringin.
 Wong lanang kemangi.
 Sèndèn kajoe aking.
 Djamoer toewoeh ing séla.
 Gloegoe ketloesoeban roejoeng.
 Timoen moengsoeh doerèn.

Kang nganggo araning barang.

Dajoeng olèh kedjoeng.
 Baloeng peking.
 Batok boloe isi madoe.
 Noentoemaké baloeng pisah.
 ngGenténi watang poetoeng.
 Njoenggi loempang kentèng.
 Kaja banjoe karo lenga.
 Dalan gawat betjik disimpangi.

Temboeng éntar ikoe kanggoné:

1. Kanggo bregas-bregasan, oetawa kanggo ngaloesaké jèn arep ngarani apa-apa; dadi ora kasar. Kajata:

palwa oedara, garoeda wastra (motor maboer) kanggo bregas-bregasan.

golèk banjoe wening = arep megoeroe; kanggo bregas-bregasan.

owah pikiré; kanggo ngaloesaké temboeng: édan.

dawa tangané; kanggo ngaloesaké temboeng: tjlimoet.

ngadoe woeding koelit, atosing bebaloeng; kanggo bregas-bregasan, tegesé: perang tanding.

2. Kanggo memojoki; kajata:

Klas sing moerah déwé diarani: *klas embèk*..

Angka oeroet sing kèri déwé, diarani: *nomer karèt*.

Sekolahan sing moerah déwé bajarané, diarani: *sekolah setalèn*; senadjan bajarané ija ora setali.

3. Kanggo prenésan (dipretélakaké ing ngisor). Toelada sawe-tara: kajata:

Si Atma saiki lagi *kolir*. karepé: lagi kodjoer.

temboeng *kolir* tegesé: kalah sarta kedenda toemrapé wong main pèi.

Si Karta saiki rada *mbregènggèng*. karepé: katon ajem ora kekoerangan.

Wong woedoenen ikoe soegih *pari*. (paringis; pringisan).

BAB II. TEMBOENG PRENÉSAN, BLÉNDÉLAN OETAWA SEMBRANAN.

Karepé wong gawé prenésan ikoe ija moeng kanggo gegoejon, kanggo nggrétjok oetawa mbebéda kantjané goeneman. Dadi sing nganggo maoe ija moeng wong sing wis koelina banget.

Pandjoepoeké prenésan ikoe:

1. Saka *paribasan* sing wis ana, diowahi oetawa diwoewoehi; preloené ija moeng arep kanggo gegoejon baé, kajata:

njolong petèk. diowahi dadi: *njolong petèl*; sawisé owah mengkono bandjoer diwoewoehi manèh dadi: *njolong petèl saksangkalé*.

Noendjang palang. temboeng *palang*, tegesé: pepalang, aling-aling; diklérokaké olèhé negesi dadi: araning pepangkatané loerah; bandjoer dibandjoeraké manèh dadi: *noendjang palang noebroek bekel*.

Poeloeh-poeloeh kowé joe, sing loepoet.

Poeloeh-poeloeh ikoe temboengé wong noetoeh, diblondrongaké dadi:

Poeloeh-poeloeh dadi rong poeloeh joe, selikoer kowé.

2. Pantjèn temboeng anjar oetawa oenèn-oenèn anjar. Kajata:
Apa koewat?

Ing samoebarang prakara kang kira-kira ora kedoega nglakoni, sambaté: „*Apa koewat?*”

Tetemoengan *apa koewat* diblondrongaké dadi:

apa kloewak. kloewak enom djenengé *méndjé*.

bandjoer *apa koewat* diowahi maneh dadi:

apa méndjé!

Si Amir ikoe *kempling* banget nék bal-balan.

Temboeng *kempling* bokmanawa saka temboeng walanda: flink.

Si Karim *kampioen* bal-balan; tegesé: jèn bal-balan pinter, menangan. Soewé-soewé temboeng *kampioen* diñoekaké ing saben prakara; kajata:

Toelisané *kampioen*. Iki lo, témpé *kampioen*!

Nèk ija ki ora!

Nèk gedé ki tjilik!

Si A. ndjaloek rokok gedé; diwènèhi sing tjilik. bandjoer alok: „*Lo, kok tjilik ngéné!*”

Si B. mangsoeli: „*Nèk gedé ki tjilik!*” Déné karepé ija moeng ngadjak goejon baé.

Saking wis mèh loemrah saben-saben nganggo temboeng walikan, bandjoer ana paribasan anjar: „*ning tenan!*”

Jèn arep kanđa apa-apa sing karepé ora diwalik, nganggo rekasa manèh ngimboehi katrangan: „*ning tenan!*”

Sésoek tekaa ing enggonkoe djam lima soré; ning tenan!

Temboeng *ngétjé* tegesé: *ngisin-isin*, nanging bandjoer dienggo teges: mbebéda, pamèr, mojoki, ngedjori.

ora saé tegesé: emoh; ora gelem. diblondrongaké dadi: *ora sijoet, ora sahong*.

ora bisa tegesé: emoh. diowahi dadi: *ora issa*, bandjoer diblondrongaké dadi: *ora isrit*.

Temboeng-temboeng penoenggalané temboeng blondrongan ikoe gelis soemabar, nanging ora soewé bandjoer ketoengka anané temboeng anjar, sing wis ana maoe bandjoer ilang tanpa lari.

3. nDjoepoek apalan ing tembang, bandjoer ditrapaké sagatoek-gatoeké, dadi sing akèh ija ora méntjok. Kajata:

Kowé kok sloeloep setengah djam koewé apa ora glagapan?

— *Wé lah, ija sigra milir. Karepé: gebrès-gebrès wahing. sigra krama-inggilé wahing. diblondrongaké dadi sigra milir (ndjoepoek apalan ing tembang megatroeh, ing serat babad Tanah Djawi:*

*Sigra milir sang gètèk sinangga badjoel,
kawandasa kang ndjagèni,
ing ngarsa miwah ing poengkoer,
tanapi ing kanan kéring,
sang gètèk lampahnja alon.*

Ana kéné kok omong mengkono, kowé. Adja gawé wirang bisma, kowé! karepé: adja mijak wadi, kowé!

„Adja gawé wirang, Bisma!” ikoe oekara ing tembang: sambaté radèn Damarwoelan marang Ménak djingga ija Hoeroe Bisma.

Mangga di ,madjeng kémawon lenggahipoen, sampoen mingkar-mingkoering oekara makaten, ta!

Dèk maoe ana montor toemboekan, antjoer katja!

Antjoer katja, ikoe wangsalan ing tembang; tegesé: rasa. dadi jèn ditrapaké ing montor toemboekan ija ora méntjok.

Keprijé wartané Si Djaja dèngkèk?

— *Lo, ana wis misoewoer Koembakarna mati, djaré kowé ki takon! karepé: Si Djaja wis mati.*

Badé tindak poendi kiraka? daloe-daloe loemaksana.

Olèhé pada kesoekan kok ana ing djaba mengkéné, kok ngégla pada prawira!

Nèk si Djaja ora gelem ngampiri sida kapiran awak mami!

BAB III. TEMBOENG-TEMBOENG KANG PADA OETAWA MIRIB.

Ana temboeng loro oetawa loewih kang karepé ngandakaké barang oetawa prakara sidji. Kajata:

gadjah — oega diarani: dwipangga, dirada, liman, èsti, asti.

kali — oega diarani: narmada; bengawan.

Ing basa patjakan akèh temboeng-temboeng kang disalini temboeng lija kang ora saben dina kesrambah, preloené soepaja bregas, (ing tembang, sesorah, lan ing basa pedalangan). Kajata:

Sesorah.

Sanget ing panoewoen *saha* ing pamoendi koela, anggèn koela nampèni pratandaning sih katresnanipoen para prijantoen kantja koela, ingkang kalairaken dateng Radèn ngabèhi *asoeng* pe-poedji menggah ing *karahardjan* koela, toemerah dateng anak bodjo, moegi-moegi pangandika waoe kaboela ing *saèstining galih*.

temboeng *saha* jèn ing basa loemrah *sarta, lan*.

asoeng paring.

karahardjan kawiloedjengan.

èstining galih tjiptaning manah.

Jèn ana ing tembang, njalini temboeng ikoe kedjaba bregas ija ngiras golèk dong ding (goeroe lagoe), oetawa goeroe wilangan. Kajata:

kali dadi *narmada* ikoe golèk imboehan sawanda, ngiras golèk swara *a*.

gadjah disalini *asti* oetawa *èsti* ikoe golèk swara *i*.

paring dadi *asoeng*, golèk swara *oe*.

penambang *é* disalini *nja*, golèk swara *a*, oetawa: *ira*, golèk swara *a* ngiras golèk oeloeran sawanda.

Sarèhning wong gawé tembang ikoe angèlé ija olèhé golèk oeloeran wanda oetawa tibaning swara, moelané ija akèh temboeng sing malah ora tjeṭa tegesé. Kajata:

tan dya tegesé: *ora soewé, noeli*. Soewé-soewé temboeng *tan dya* dadi: *tandya*. bandjoer ditjekak dadi *dya*, tegesé isih *noeli*.

Temboeng *Mataram* diowahi dadi *Mataroem*. Soewé-soewé temboeng *Mataroem* dadi *Mata aroem*.

mata kanggo *ngèksi*

aroem ikoe *ganda*. Bandjoer temboeng *Mataroem* dadi *Ngèksi ganda*.

Ting tjloemik wroeh wong bagoes *amamatjoek*,

Tobil bagoesé wong iki,

.....

(Pranatjitra).

Ing kono ana temboeng *matjoek* karepé *matjak* (dandan). Preloené disalini mengkono ikoe ija moeng golèk swara *oe*. Nanging bandjoer malah ora tjeṭa tegesé. Mangka temboeng *matjoek* tegesé: *matjokaké*, *matjangaké*.

Lajang tembang sing kerep ngowahi swara mengkono ikoe kego-
long tjatjad toemraping tembang, dadi ija kaleboe tembangan ala.
Moenggoeh tjatjading tembang ikoe:

1. Ngowahi swara kaja ing doewoer maoe.
2. Jèn boetoeh oeloeran wanda, bandjoer nganggo temboeng
sing doedoe toeké. Sing kerep temboeng *pan, apan, nirèki,*
nirèkoe, ija.

Satrija Ramawidjaja,
sinalasah tan kapanggih,
wadya goeng samja karoena,
boebar mantoek ing nagari
nagari sampoen prapti.
Pra poenggawa sadaja woes
ladjeng toemaméng poera
prapta *bjantaranirèki*
ing Sang Nata Dasarata anèng taman.

Moelat Praboe Dasarata
mring sagoeng poenggawa mantri
kang samja atoer oeninga
sasolahé *poetranèki*
soemedot *tyasirèki*
nir tresnanirèng wadyagoeng
datan toemolih ing rat
opek kapetek poetek ring
tyasnja wigar kawigaran pranèng djiwa.

Sanget mbekoeh Sang Barata
saja dres loehira midjil
woes toengtas sira sroe modjar:
„*Apan* ingsoen datan apti
madega narapati
pan ingsoen pilaloe noesoel
miloe sapedjah gesang
matia anéng wanadri
apan wadjib wong bekti ing kadang toewa.

(Serat Rama).

3. Temboeng tandoek sing pantjèné nganggo ater-ater, moeng ditoelis linggané baé. Sabab jèn ditoelis woetoeh, goeroe wilangané bandjoer kakéhan sawanda. Kajata:

Garèng njentak: „saja *daroeng* djarmoe ikoe
kebatjoet-batjoet abaring”,
Semar njentak: „Hoes, hoes ikoe,
adja goemeder *brebegi*
bok nganggo iribaning wong.

(Djagal Bilawa).

Ing tembang ikoe ana temboeng:

daroeng, beneré: *andaroeng*
brebegi *ambrebegi*
bok *ambok*

4. Njekaki temboeng, kajata: Ing tembang ing doewoer maoe ana temboeng

djarmoe pantjèné: *oedjarmoe*.

5. Pedotan sing ora tiba pada.

Apa ingkang dènanggit wèh troestèng kalboe,
lampahan wiwit sawoesing
balé segala poenikoe
.....

(Djagal Bilawa).

Pada kang kapindo karo kang kateloe ikoe pantjèné dadi sidji, dipedot dadi rong gatra, nanging pamedoté ora pener andeging oekara.

Temboeng kang tegesé pada oetawa mirib, ikoe pendjoepoeké:

1. Saka temboeng mantja. Kajata:

désa (Skr) — doesoen.
grija (Skr) — omah.
karana (Skr) — awit, marga.
sabab (Ar) — marga, awit.
wandoe (Skr) — sanak.
kalboe (Ar) — ati.
nadar (Ar) — poenagi.
moeksa (Skr) — mati.
djawab (Ar) — wangsoelan.

2. Kang kanggo ing tembang diarani temboeng kawi. Kajata:

<i>lamoen, kalamoen</i>	— jèn.
<i>ngarsa</i>	— ngarep.
<i>bangkit, koewawa</i>	— bisa.
<i>tan, datan</i>	— ora.
<i>toerangga, wadjik</i>	— djaran.
<i>djanma, djanmi</i>	— oewong.
<i>soeta, atmadja</i>	— anak.
<i>dèn</i>	— di.
<i>samodra</i>	— sagara.
<i>oemalap, ngambil</i>	— ndjoepoek.

3. Barang sidji disamoen nganggo temboeng werna-werna:

- a. Manoet wajahé oetawa panggonané; marga wedi oetawa saroe.
- b. Manoet panggonan.
- c. Manoet kabisané wong.
- d. Manoet tatatjara.
- e. Manoet oenggah-oenggoeh.

Kajata:

- a. Jèn ing wajah bengi oetawa jèn ana ing alas:

maling disalini: *oewong*. Maoe bengi omahkoe dileboni *oewong*.

<i>matjan</i>	id.	<i>kjainé.</i>	} jèn ana ing alas.
<i>oela</i>	id.	<i>ojod.</i>	

ana oega kang disalini manoet kanggoné:

godong randoe disalini: *godong baladéwa*, jèn arep kanggo tamba.
s. p. n.

- b. Kang manoet panggonan jaikoe basa enggon-enggonan ka-pratélakaké ing pérangan kalima.

- c. Kang manoet kabisané oewong:

Wong-wong kang wis soegih kawroeh saka negara mantja, loewih-loewih wong kang mlakoe gawé, pada doewé temboeng déwé-déwé. Jaikoe jèn kanggo nindakaké pagawéjan maoe. Kajata:

Bangsa poelisi nganggo temboeng:

<i>proces-verbaal</i>	tegesé:	pèngetan.
<i>dibeslag</i>	—	dibeskoep, diepèk, diendeg.
<i>repotan</i>	—	plapoeran (saka temb. rapport); pra-télan. spn.

Temboeng-temboeng kang kanggo ing lajang kabar:

- | | |
|--------------------|---------------------------------|
| <i>djoernalis</i> | — djoeroe ngarang lajang kabar. |
| <i>korèspondèn</i> | — pembantoe. |
| <i>redaktoer</i> | — djoeroe ngarang. |
| <i>wakil péres</i> | — wakil lajang kabar. |

Para dokter nganggo temboeng: *soentik, ondersoek, sèksi lsp.*

d. Kang manoet tatatjara:

Wong arep moeni „bodjokoe” terkadang disalini: *bapakné tolé, embokné tolé.*

Akoe isih njamboet gawé disalini: *isih éwoeh.*

nakokaké jén ing basa patjakan: ngeboen-eboen éndjing ndjedjawah sonten.

e. Kang manoet oenggah-oenggoeh bandjoer nganakaké temboeng krama, madya, krama-inggil 111.

PÉRANGAN KANG KAPING PAT.

(Bab tetemboengan kang ditata).

BAB I. GOERITAN.

Kang aran goeritan ikoe gatra (oekara) sawetara kang ketjapé wandané wekasan paða; paða swarané sarta paða sesigegé, oetawa kang paða swarané bé.

Déné tjatjahing wanda ing dalem sagatra-gatrané ora adjeg; ana sing ngenem, ana sing moloe.

Kang loemrah goeritan ikoe kanggo dolanan botjah, sarta ija ana lagoené. Kajata:

1. Kembang djamboe karoek,
tangan ngaṭong ndjaloek,
pentil asem tjaloek
wadah oejah emploek.

Ikoe ana 4 gatra, saben sagatra ana 6 wanda.

Ana oega kang 4 gatra, moloeng wanda. Kajata:

2. Kembang-kembang térong (moeng 6, pantjèné 8)
wong epèk disirik oewong,
mring doewèké éman kalong,
marang tangga tansah ngesong.

Dadi ing toelada angka 1 karo 2 maoe ketjapé wanda kang poengkasan pada. Goeritan angka 1 swarané *oe* kabèh, sarta sesigegé *k* kabèh.

Ing goeritan angka 2, swarané *o* kabèh, sesigegé *ng* kabèh.

Wasana ija ana oega goeritan kang ora nganggo ngélingi patokan ngenem wanda oetawa moloeng wanda, moeng waton pada ketjapé baé. Kajata:

3. Tjabawa, tjamiling,
milang-milang golèk tanjing lentjir koening.
4. Kembang térong,
ati béngkong olèh ontjong.
mbang srigading, mekar ngambar bangoen éndjing.
mbang sridenta, mekar ngambar wajah rina.
5. Orang-aring, òrang aring,
kodok idjo ketjemploeng djaring.

Ana manèh kang pada ketjapé ngloro, kajata:

6. Tjohoeng, ora gombak ora koentjoeng,
anggepé kaja toemenggoeng,
ora djogan ora longan
anggepé kaja pengéran.
7. Dempo taloe tamèng,
Naladjaja noembak tjèlèng,
keris bengkoeng toembak bengkoeng,
Naladjaja ditelikoeng,
tjijèt-tjijèt,
Naladjaja dibebentjèt.
8. Sloekoe-sloekoe batok,
batoké éla-élo
sirama menjang Sala
lèh-olèhé pajoeng moṭa,
pak djentit lo lo lobang
lombok idjo lombok abang.

Isih akèh manèh penoenggalané goeritan; kang akèh dolanané botjah-botjah.

Déné kanggoné kedjaba kanggo dolanan, kanggo njenggaki géronganing gending.

Ing ngisor iki toelada manèh dolanan botjah-botjah:

Djeroek djingga nèblem,
Sekarang melok nèblem,
Sebatok boloe trog-trogen,
Sebatok boloe trog-trogen.

(Kabèh ana 4 gatra, sarta moeng ngélingi tibaning swara: pada; jaikoe swara *em*).

Watoe-watoe boender,
Dintjiki mingar-minger,
Sebéta-bètoe bèter.
Sebéta-bètoe bèter.

(Ana 4 gatra. Tibaning swara pada, jaikoe swara *er*).

Katé-katé dipanah,
Dipanah ngisor glagah,
Ana manoelek ondé-ondé,
Bok sribombok bok srikaté,
Bok sribombok bok srikaté.

(Ana 5 gatra. Sing 2 gatra pada tiba swara *ah*, sing 3 gatra swara *é*).

Iilir-ilir tandoéré wong semilir,
tak idjo rojo-rojo,
Tak senggoeh pengantèn anjar.

Botjah angon pènèken blimbing koewé,
Loenjoe-loenjoe pènèken,
Kanggo ngoembah dodotira.

Dodotira koemitir beḍah pinggiré,
Domana djloematana,
Kanggo séba mengko soré.

Moempoeng gedé remboelané,
Moempoeng djembar kalangané,
Soeraka soerak ijo.

(Moeng waton bisa tjotjog karo lagooné; dadi ora ngélingi tibaning swara).

BAB II. PARIKAN.

Parikan ikoe lagon rong gatra moloeng wanda. Saben sagatra dipedot dadi: 4—4.

Gatra kang kapisan ora ana tegesé. Déné kang ana tegesé oetawa kang mengkoe karep, gatra kang kapindo.

Wondéné penatané: wanda poengkasané pedotané gatra kapisan, ketjapé koedoe pada karo wanda poengkasané pedotané gatra kang kapindo. Kajata:

1. Manoek glatik diboeboeti,
sléndang batik, manas ati.
2. Emping mlindjo, gèpèng-gèpèng,
tagèn idjo mètèng-mètèng.
3. Djoerang djoegroeg, pinggir kali,
wani ngloeroeg, wedi mati.
4. Idjo-idjo, godong djati,
arep tindjo, diontjati.
5. Godong waroe, bolong pinggir,
rabi ajoe ra dipikir.
6. Godong waroe, bolong tengah,
rabi ajoe ra dwé omah.
7. Abang-abang, ora legi,
tiwas magang, ora dadi.
8. Kembang glagah, sanding epring,
awak sajah, ngolang-ngaling.
9. Iwak betik, ilang erine,
ramboet brintik, ala atiné.
10. Tjao woetah, mowat-mawoet,
botoh kalah, andjaleboet.

Terkadang gatra loro maoe dirangkepi manèh sagatra woloeng wanda. Kajata:

Awan nglinting, bengi nglinting, sing dilinting rokok dika,
awan gondjing bengi gondjing, gondjing mikir oepadjiwa.

Sarèhning parikan ikoe kang akèh moeng prenésan (kanggo njemoni), moelané soerasané kang akèh ija moeng sing saroe-saroe oetawa sing bangsa lékoh.

Kang kerep nganggo parikan ikoe, wong-wong kang pada njamboetgawé baoe soekoe, kajata: toekang batoe, toekang nglaboer, wong ndandani ratan, wong oembah-oembah ing kali, wong njoe-roeng grobag, nggèrèd slènder lsp. Preloené kanggo slémoeran rekasané olèhé njamboet gawé.

Jèn kanggo ana ing gending dienggo tembangané tlèdèk, saer-saoeran karo badoet; lagoené: idjo-idjo, grompol oetawa lijané manèh.

Wasana ana panoenggalané parikan, jaikoe kang aran senggakan. Wilangané ora mesti, moeng golèk mafoeké karo gending kang digérongi. Kanggoné kanggo njenggaki gending, jaikoe selanan ing antarané gérongan oetawa pada bakoening gending, preloené moeng kanggo sambèn sasowéné ngentèni gérongan tjandaké.

Wilangané ana kang 12 kapedot dadi 4—8, kajata:

1. Klenting miring, krambil bolong sisa badjing,
milang-miling, golèk tanding lentjir koening.
2. Kantong soetra, koemlèwér nèng saboek wala,
Soen doedoeté, manawa tjondong karapé.
3. Poetra poetri poe trané Pétroek patrolan,
Garèng mati, patiné tiban bedoedan.

Kanggoné kanggo njenggaki gending tjaloentang, nganjoet drija, pangkoer lamba, lsp.

Kang wilangané sédjé manèh, kajata:

„Ri-ri-ri, Poerwasari kèh sepoéré,

.....

Emoh konjak emoh anggoer, takpilih sing gedé doewoer.”

kanggo gérongan oeler kambang.

„Empèk-empèk andong-andong, mboekak dèngkèk klèroe
 plompong,
 Babal boendoer mangloeng kali,
 Doewa lo lo lowé.”

senggakan taroepala, langengita.

Isih akèh manèh toenggalé. Déné pendapoeké moeng dioṭak-aṭik
 bisané tjèples karo gendjé. Kang preloe diélingi moeng ketjapé
 kang paḍa.

BAB III. TEMBANG.

Wong Djawa ikoe seneng banget marang tembang, tandané
 lajang-lajang watjan koena mèh kabèh sinawoeng ing tembang;
 setitik banget kang gantjaran.

Tembang ikoe ana werna teloe, jaikoe:

- A. Tembang gedé, oetawa tembang kawi.
- B. Tembang tengahan.
- C. Tembang Matjapat.

A. Tembang gedé.

Tembang gedé oetawa tembang kawi ikoe tjatjahé akèh banget
 jèn katimbang karo tembang Matjapat.

Ing kéné moeng takpilihi kang isih kerep kanggo baé. Kanggoné
 kang kerep dienggo mboekani mbawani gendjé.

Tembang gedé ikoe pendapoeké ora ngélingi tibaning swara,
 kang diélingi moeng tjatjahing wanda ing dalem sagatra-gatrané.
 Déné gatra-gatrané kabèh, tjatjahè wandané paḍa.

Tjatjahing wanda ikoe ing tembang gedé diarani *lakoe*. Dadi
 oepama: Tjitramengeng lakoe 12, bali kaping 4, tegesé: kabèh ana
 4 gatra, ing dalem sagatra ana 12 wanda.

Ing ngisor iki mratélakaké tembang gedé kang kanggo mboekani
 gendjé; petikan saka lajang sendon langen swara, anggitan Mangkoe
 Negaran IV.

1. *Tjitramengeng*. lakoe 12 bali kaping 4.

Risang maha jekti, sawoesing semadi,
moenggwing patjrabakan, dangoe aningali,
widjiling sasangka, saking graning ardi,
karenan tyasira, alon angandika.

Dèn prajitna jaji: mas ing lakoenira,
manawa kesasar, dènta angoelati,
panggonané gawat, éwoeh tan tetéla,
Sang Séna oematoer: „Ingsoen tan pepéka.”

Lamoen sira kaki, doemadi pradjoerit,
dèn bisa toelada, patih Mahèspati,
lalaboehanira, ingkang triprakara,
goena, kaja, poeroen, èstoe jèn oetama.

Tjitramengeng ikoe kanggo mboekani gending: Langen gita,
oetawa Radjaswala.

2. *Pamoelarsih*. lakoe 15 bali kaping 4.

(15 ikoe kapedot 7—8).

Nihan siswa oematoer, marang risang Mahajogi;
„Sang wipra kadiparan, karsaning hjang Hotipati,
jogja saliring warna, kang goemelar anèng boemi,
moegi oeloen tedahna.” Tandyang sang wikoe andjarwi.

Kanggo mbawani gending: Radjaswala oetawa Langengita.

3. *Koesoemastoeti*. lakoe 13 bali kaping 4.

(13 ikoe kapedot: 7—6)

Doeh koeloep poetranningsoen, sirékoe woes wantji,
pisah lan djenengingwang, jwa koelinèng ardi.
Betjik sira nèng pradja, soewitèng Narpati,
nanging ta wekasingwang, jwa pegat tetèki.

Kanggo mbawani gending Sitamardawa.

4. *Mintadjiwa*. lakoe 16 bali kaping 4.

(16 ikoe kapedot 8—8)

Larasing rèh sang nahen koeng, ing dyah tan kapadan ing sih.
kasangsaja ing toerida, roedatiné angranoehi,

ngrantjaka temah wigena, ginoepita ing sahari;
rinipta pama poespita, pantes patrapé kang warni.

Kanggo mbawani gending Poespawarna.

5. *Irim-irim*. lakoe 22 (kapedot 8—7—7), bali kaping 4.

Eman-éman doeh koesoema, roeroening rondonira, jèn
manggoenga mangarang,
sekar arèn kadi paran, wiwara tanpa wrana, tangèh we-
nganing drija,
kalembak geng miloe soesah, pandajaning panitra, lamoen
tan kawedara,
petir wisma sapa weroeh, wreksa goemoeling kisma, ambatang
siring nala.

Kanggo mboekani gending Tjaloentang.

6. *Tjandrakoesoema*, lakoe 16 (8—8) ambal kaping 4.

Sang Baladéwa Narpati, toewin Naréswara Kresna,
kalangkoeng ing tresnanira, marang dyah Banon tjinawi,
mangka pisah oenggjanipoen, mila tansah tanja warti;
waoe Sri Naréndra kalih, mring Sang retna Madoebrangta.

Kanggo mboekani gending Pangkoer.

7. *Rara Béntrok*, lakoe 16 (8—8) ambal kaping 4.

Kang kataman larasmara, rara béntrok anglam-lami,
paran toemamèng tilamroem, baja roeming sariranta,
soemer mamerdoe menoehi; doeh mas mirah sang koesoema,
amboeka gandaning sekar, gambir sawit mawoer-mawoer.

Kanggo mbawani gending: Gambir sawit.

Ing ngisor iki ana tembang gedé petikan saka lajang Sekar kawi,
karangané Toewan Winter.

8. *Silisir*, lakoe 6, ambal kaping 4.

Kari sidji naning,
nora mijatani,
Soejoedana ing prang,
sirarja Nakoela.

9. *Patralalita*, lakoe 8 ambal kaping 4.

Doeh babo sang Maha wikoe,
pangaksamanta satoehoe,
loepoeta pati pataka,
atemah prang lawan goeroe.

Kanggo gérongan genjing Tjaloentang.

10. *Bramara wilasita*, lakoe 11, ambal kaping 4.

Jata mangsah sira Naréndra Rama,
amarani mring goné Wibisana
mjang Laksmāna, miwah praboe Soegriwa,
pra dipati kang wré toemoet sadaja.

11. *Soeradjiwandana*, lakoe 11 ambal kaping 4.

Sadangoené ngoepaja goenoeng-goenoeng,
alas-alas, kawoer sroe ngongkrah angkrèh
asajah kasapoeting daloe magjoeh,
rikang tyas mēpoe dénnja ngoelati wé.

12. *Soeraretna*, lakoe 12 ambal kaping 4.

Risang Harja Séna matoer ing raka dji,
lamoen harsa késah mamrih toja marta,
ngéstokken ing toedoehirèng goeroenira,
Praboe Darmapoetra angoengoen mijarsa.

13. *Madoeretna*, lakoe 12 ambal kaping 4.

Samarga-marga Pramèsuari Mandraka,
asambat-sambat: Doeh Goestingsoen adja
atinggal moenggah maring Aribawana,
anténana ing boekoer pangarib-arib.

14. *Dadap mateb*, lakoe 13 ambal kaping 4.

Kang pra dipati oemiring Natèng Mandraka,
maring pakoewon tansah wirangrong ing margi.
Narpati Salja anggoeng kagagas ing kalboe
dénnja oemoengsoeh lawan Narpati Pandawa.

15. *Prawira lalita*, lakoe 16 ambal kaping 4.

Djroning aprang Bratajoeda, amanggih ing sija-sija,
 lan djro tenoeng para resi, pratélané Sri Ngawangga,
 boja dadi kedah-kedih, sajekti lamoen rahajoe
 oetama poeroena balik, satemah antoek noegraha.

16. *Soelandjari*, lakoe 20 ambal kaping 4.

Tadang kroda Aswatama, saksana oemangsah, gja mentang
 gandéwa.
 sandjatèngkang dahana geng loemepas oemoemboel, moe-
 bal moelad-moelad,
 mirisgègèr kang katiban bala Pandawa laroet, boebar kang baris,
 Parta kinèn oemangsaha maring Joedistira mapag Swata-
 mèngrang.

Isih akèh manèh toenggalé tembang gedé. Nitik toelada-toelada ing
 doewoer maoe, kabèh tembang gedé ikoe ana 4 gatra. Patang gatra
 maoe kabèh goeroe wilangané pada. Déné tibaning swara ora diélingi.

Wondéné goeroe wilangané oetawa lakoené ana kang: 6—8—9—
 10—11—12—13—14—15—16—17—18—19—20—21—22—23—
 24—27 sarta 28.

B. Tembang Tengahan.

Tembang tengahan kang sok dienggo ana ing lajang-lajang
 watjan matjapat, loemrahé lajang kang rada koena, ikoe ana 6.

1. Djoeroedemoeng.
2. Wirangrong.
3. Balabak.
4. Gamboeh.
5. Megatroeh, oetawa Doedoekwoeloeh.
6. Girisa.

1. *Djoeroedemoeng*, ana 7 gatra.

gatra	1		a; goeroe wilangané	8
„	2		oe;	8
„	3		oe;	8
„	4		a;	8
„	5		oe;	8
„	6		a;	8
„	7		oe;	8

Toelada:

Niadjeng mring gandok wétan,
 woes panggih lan rara Mendoet,
 alon widjilé kang woewoes;
 „Hèh Mendoet pamintanira
 adedasar adol boengkoes,
 woes katoer sarta kalilan,
 déning djeng Kjaji Toemenggoeng.

(Prana tjitra).

2. *Tembang wirangrong*. ana 6 gatra:

gatra 1	tiba swara: <i>i</i> ;	goeroe wilangané nan: 8
„ 2	 <i>o</i> ;	8
„ 3	 <i>oe</i> ;	10
„ 4	 <i>i</i> ;	6
„ 5	 <i>a</i> ;	7
„ 6	 <i>a</i> ;	8

Toelada:

Jata woes sira anoeli
 sang Brangta lampahnja alon,
 ngambah djoerang sengkan siloek-siloek,
 jèn djoerang atrebis,
 marga roempil arampal
 pan arang kambah ing djanma.

(Tjentini).

3. *Tembang Balabak* ana 6 gatra:

gatra 1	tiba swara: <i>a</i> ;	goeroe wilangané ana: 12
„ 2	 <i>é</i> ;	3
„ 3	 <i>a</i> ;	12
„ 4	 <i>é</i> ;	3
„ 5	 <i>a</i> ;	12
„ 6	 <i>é</i> ;	3

Toelada:

Soen anggoerit djedjakané wong ing Ngemplak,
 kaplaké,
 Djaka kawak toeroené wong adol opak,
 anginé,
 rada ladak angadji mring Kajoeapak,
 rékané.

Kadèk ladak angiribi bango boetak,
 dapoeuré;
 nora pidjer ngadji pidjer ngoeber banjak,
 gawéné;
 ting karengak nora kober mangan dedak,
 banjaké.

4. *Tembang gamboeh* ana 5 gatra.

gatra	1	tiba swara: <i>oe</i> ;	goeroe wilangané:	7
,,	2	 <i>oe</i> ;		10
,,	3	 <i>i</i> ;		12
,,	4	 <i>oe</i> ;		8
,,	5	 <i>o</i> ;		8

Toelada:

Ki Gamboeh karja pémoet,
 limoeting tyas raré kang kalimpoet,
 latjoet maring rèh soemirang moerang niti,
 tantan toeman amamatoeh,
 temah loemakoe ginoeron.

Trakadang amarðoekoen,
 dokohan tyas asring ngoembar sanggoep,
 ikoe adja kongsi mengkono jèn keni,
 kinira-kira kang patoet,
 apa kaloemrahaning wong.

(R. Ng. Ranggawarsita-Wédaraga).

5. *Megatroeh* (Doedoek woeloeh) ana 5 gatra.

gatra	1	tiba swara: <i>oe</i> ;	goeroe wilangané:	12
,,	2	 <i>i</i> ;		8
,,	3	 <i>oe</i> ;		8
,,	4	 <i>i</i> ;		8
,,	5	 <i>o</i> ;		8

Toelada:

Adja sira tan pegat sijang mjang daloe,
 amoewoen ing ngarsa mami,
 nora padjar kang kinajoen,
 lah mara sira dèn aglis,
 toetoera mring djenengingong.

Kang sawetya ing mengko ingsoen pan asoeng,
 saboboté soen toeroeti,
 jwa sira soemelang kalboe,
 Endang Pragiwa wot sari:
 „Pramila oedrasa ingong.

(Serat Pregiwa).

6. *Tembang girisa*, ana 8 gatra. Ing dalem sagatra ana 8 wanda., kabèh pada tiba swara: *a*.

Toelada:

Dèn bisa nampani pada,
 moenggoeh sasmitaning Soeksma,
 ingkang pada marang sira,
 wineroehken betjik ala,
 anjegah karepanira,
 kang marang panggawé ala,
 kang toemiba sija-sija,
 jaikoe paring Hjang Soeksma.

(Pakoe Boewanan IV. Woelangrèh).

Tembang tengahan kang ora katoet ing lajang-lajang kang nganggo tembang matjapat, kajata:

7. *Paloegon*. ana 8 gatra.

gatra 1	tiba swara: <i>a</i> ;	goeroe wilangané: 8
„ 2	 <i>oe</i> ;	 8
„ 3	 <i>o</i> ;	 8
„ 4	 <i>oe</i> ;	 8
„ 5	 <i>o</i> ;	 8
„ 6	 <i>a</i> ;	 8
„ 7	 <i>oe</i> ;	 8
„ 8	 <i>o</i> ;	 8

Toelada:

Paloegon lagoening lekas,
 loekita linoeding kidoeng,
 kadoeng kadereng amomong,
 mamangoen manah rahajoe,
 ajwa na kang tan agolong,
 goemoeloeng manadoekara,
 karananira mangapoes,
 poespita wangsalan semon.

Tembang paloegon ikoe kanggo mbawani gending: *Poespandjala*.

(Mangkoenegaran IV. Sendon langen swara).

8. *Pranasmara*. ana 6 gatra.

gatra 1	tiba swara:	<i>a</i> ;	goeroe wilangané:	8
„ 2		<i>é</i> ;		11
„ 3		<i>é</i> ;		12
„ 4		<i>a</i> ;		8
„ 5		<i>a</i> ;		8
„ 6		<i>i</i> ;		8

Nèng Karang Dèmpel lelédang,
 Kjai loerah Semar sapranakané,
 mijat kebon-kebon, tegalan alèrèn,
 sami ngoendoeh taroepala,
 soeka sindèn sesendonan,
 sarwjandjogèd genti-genti.

Kanggo mbawani gending: *Taroepala*.

9. *Pangadjapsih*. ana 9 gatra.

gatra 1	tiba swara:	<i>oe</i> ;	goeroe wilangané:	12
„ 2		<i>i</i> ;		8
„ 3		<i>oe</i> ;		12
„ 4		<i>oe</i> ;		12
„ 5		<i>oe</i> ;		12
„ 6		<i>a</i> ;		8
„ 7		<i>i</i> ;		8
„ 8		<i>oe</i> ;		6
„ 9		<i>oe</i> ;		8

Singa ranoe panoesoeling magoet poepoeh,
 baja tan bantoe ing brangti,
 kawi sekar srana pambèngkasing rapoeh,
 moeng koesoema bisa wèh oesada woejoeng.
 Tjiptèng drija, andèging oekara kidoeng,
 sedya koela ngèstoe pada;
 sarpa kresna poespa roedjit,
 moeng andika maskoe
 kang soeng baroebahing drija.

kanggo mbawani gending: *Poespagiwang*.

(Sendon langen swara).

C. Tembang Matjapat.

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. Dandang goela. | 6. Doerma. |
| 3. Sinom. | 7. Midjil. |
| 3. Asmaradana. | 8. Maskoemambang. |
| 4. Kinanti. | 9. Poetjoeng. |
| 5. Pangkoer. | |

Ing ngisor iki kapratélakaké sidji-sidji, bab tibaning swara sarta tjatjahing wanda ing dalem sapada-padané.

Pada péranganing tembang ikoe loemrahé diarani gatra,

Tjatjahing wanda ing dalem sagatra diarani goeroe wilangan.

Tibaning swara ing poengkasan déwé ing dalem sagatra, diarani goeroe lagoe.

Wong ndapoek tembang matjapat ikoe manoet oeger: goeroe-lagoe sarta goeroe wilangan kang wis tamtoe.

Kedjaba ikoe koedoe ngélingi manèh marang pedotan, jaikoe pamedoté tjatjahing wanda ing dalem sidji-sidjining gatra. Bab pedotan bakal kapratélakaké ing boeri.

1. *Dandang goela*, ana 10 gatra:

gatra	1	tiba swara:	<i>i</i> ;	goeroe wilangané:	10
„	2		<i>a</i> ;		10
„	3		<i>é</i> ;		8
„	4		<i>oe</i> ;		7
„	5		<i>i</i> ;		9
„	6		<i>a</i> ;		7
„	7		<i>oe</i> ;		6
„	8		<i>a</i> ;		8
„	9		<i>oe</i> ;		12
„	10		<i>a</i> ;		7

Toelada:

Wardiningkang wasita djinarwi,
wroeh ing koekoem ikoe watekira,
adoh marang kanistané.

Pamitjara poenikoe,
wèh resepé ingkang mijarsi.

Tatakrama poenika
ngedohken panjendoe.

Kagoenan ikoe kinarja,

ngoepa boga; déné kalakoewan betjik,
wèh rahajoening raga.

(Mangkoe negaran IV. Najakawara).

2. Tembang *sinom* ana 9 gatra.

gatra 1	tiba swara:	<i>a</i> ;	goeroe wilangané:	8
„ 2		<i>i</i> ;		8
„ 3		<i>a</i> ;		8
„ 4		<i>i</i> ;		8
„ 5		<i>i</i> ;		7
„ 6		<i>oe</i> ;		8
„ 7		<i>a</i> ;		7
„ 8		<i>i</i> ;		8
„ 9		<i>a</i> ;		12

Toelada:

Ambawani Tanah Djawa,
kang pađa djoemeneng adji,
satrija dibja soembaga,
tan ljan trahing Sénapati.
Pan ikoe pantes oegi,
tinoelad labetanipoen,
ing sakoewasanira
énaké lan djaman mangkin,
sajektiné tan bisa ngepleki koena.

(Mangkoe negaran IV. Wédatama).

3. *Asmaradana*, ana 7 gatra.

gatra 1	tiba swara:	<i>i</i> ;	goeroe wilangané:	8
„ 2		<i>a</i> ;		8
„ 3		<i>é</i> oetawa <i>o</i> ;		8
„ 4		<i>a</i> ;		8
„ 5		<i>a</i> ;		7
„ 6		<i>oe</i> ;		8
„ 7		<i>a</i> ;		8

Toelada:

Saratri tan antoek goeling,
sira Bagoes Pranatjitra,
sroening kataman wiragé.
Katingal telenging nala,
tan ana lijanira,
amoeng ni mbok rara Mendoet
kang andoedoet-doedoet drija.

(Pranatjitra)

4. Tembang *kinanti*, ana 6 gatra.

gatra	1	tiba swara:	<i>oe</i> ;	goeroe wilangané:	8
„	2		<i>i</i> ;		8
„	3		<i>a</i> ;		8
„	4		<i>i</i> ;		8
„	5		<i>a</i> ;		8
„	6		<i>i</i> ;		8

Toelada:

Anoman maloempat sampoen,
 praptèng witing nagasari,
 moelat mangandap katingal
 wanodya joe koeroe aking,
 geloeng roesak awor lemah,
 ingkang iga-iga kèksi.

(Jasadipoeran. Serat Rama).

5. Tembang *pangkoer* ana 7 gatra.

gatra	1	tiba swara:	<i>a</i> ;	goeroe wilangané:	8
„	2		<i>i</i> ;		11
„	3		<i>oe</i> ;		8
„	4		<i>a</i> ;		7
„	5		<i>oe</i> ;		12
„	6		<i>a</i> ;		8
„	7		<i>i</i> ;		8

Toelada:

Kekerané ngèlmoe karang,
 kakarangan saking bangsaning gaib,
 ikoe borèh paminipoen,
 tan roemasoek ing djasad,
 amoeng anèng sadjabaning daging koeloep,
 jèn kepengkok pantjabaja,
 oebajané mbaléndjani.

(Mangkoenegaran IV Wédatama).

6. Tembang *Doerma* ana 7 gatra.

gatra	1	tiba swara:	<i>a</i> ;	goeroe wilangané:	12
„	2		<i>i</i> ;		7
„	3		<i>a</i> ;		6
„	4		<i>a</i> ;		7
„	5		<i>i</i> ;		8
„	6		<i>a</i> ;		5
„	7		<i>i</i> ;		7

Toelada:

Dyan anarik tjandrasa Praboe Rawana,
 pinrang Djaṭatoe keni,
 soewiwiné sempal,
 tiba sang peksi radja,
 Sinta manglajang sira glis,
 tjinandak kena,
 mring Sang reksasapati.

(Jasadipoeran. Serat Rama).

7. Tembang *Midjil* ana 6 gatra.

gatra 1	tiba swara:	<i>i</i> ;	goeroe wilangané:	10
„ 2		<i>o</i> ;		6
„ 3		<i>é</i> ;		10
„ 4		<i>i</i> ;		10
„ 5		<i>i</i> ;		6
„ 6		<i>oe</i> ;		6

Toelada:

Amarengi kang poernama sidi,
 sasangka woes ngajom,
 angenèni botrawi tojané,
 soemoenar mring wadana sang poetri,
 goemebjar kaèksi,
 lir andaroe nawoeng.

Reboet sorot lan tojaning bédji,
 kèh mina salahton,
 ting baloeroe loemebèng erongé,
 ana milar toemiba ing siti,
 panjanané sami
 remboelan kang roentoeh.

(Mangkoenegaran IV. Salokantara).

8. Tembang *Maskoemambang*. ana 4 gatra.

gatra 1	tiba swara:	<i>i</i> ;	goeroe wilangané:	12
„ 2		<i>a</i> ;		6
„ 3		<i>i</i> ;		8
„ 4		<i>a</i> ;		8

Toelada:

Djajèng sari jata angandika aris,
adoeh ariningwang
adat temen sira iki,
jèn nangis bandjoer kantaka.

Ngendi ana ing wong pipikiran betjik,
temahané paḍa,
andadak sira tangisi,
jata sira Mas Tjebolang.

Ingkang garwa pinangkoe sarwi anangis,
adoeh mirah ingwang
paran polahingsoen jaji,
jèn sira toeloes palastra.

(Pakoe Boewanan V. Tjenti).

9. *Poetjoeng* ana 4 gatra.

gatra	1	tiba swara: <i>oe</i> ;	goeroe wilangané: 12
,,	2	 <i>a</i> ;	 6
,,	3	 <i>i</i> ;	 8
,,	4	 <i>a</i> ;	 12

Gatra 1. terkadang didadèkaké loro 4—8 paḍa tiba swara *oe*.

Toelada:

Ngèlmoe ikoe, kelakoné kanṭi lakoe,
lekasé lawan kas,
tegesé kas njantosani,
setya boedya pangekesé doer angkara.

Angkara goeng,
nèng angga anggoeng goemoeloeng,
gogolonganira,
triloka lekeré kongsi.
Jèn dènoembar, ambabar dadi roebèda.

(Mangkoenegaran IV. Wédatama).

Pedotan.

Tembangan ikoe ora moeng waton mboeroe goeroewilangan sarta goeroelagoe baé. Isih ana prakara manèh kang preloe diélingi, jaikoe pedotan.

Kang aran peḍotan ikoe, pangetoké gatra dadi rong pérangan, teloeng pérangan oetawa loewih, jaikoe kang noedoehaké andeging napas.

Tibaning peḍotan koedoe trep temboengé, dadi adja nganti ana temboeng kapeḍot dadi loro, separo mèloe ngarep, separo mèloe boeri. Mengkono oega oekara ija ora prajoga manawa kapeḍot, separo mèloe tembang ing ḍoewoer, separo mèloe tembang ing ngisor.

Moenggoeh paṭokaning pameḍot ikoe mangkéné:

Jèn tjatjahing wanda ing dalem sagatra ana 5, pameḍoté: 3—2; oetawa 2—3.

6 wanda dadi: 2—4; oetawa 3—3; oetawa 4—2.

7 wanda dadi: 2—3—2; „ 3—4; „ 4—3.

8 wanda dadi: 3—2—3; „ 3—3—2; „ 4—4.

9 wanda dadi: 4—5 sing 5 ikoe kena kapeḍot manèh kaja ing ḍoewoer.

Loewihé saka 9 wanda, pameḍoté 4 ḍisik. Toerahé kapeḍot manèh dadi peḍotan manoet paṭokan ing ḍoewoer maoe.

Toelaḍa kang wis kepénak peḍotané:

Poetjoeng.

Praptanipoen/halte Lempoejangan teroes. 12 = 4—8.

ladjoe/loemaksana 6 = 2—4.

karasa/kalamoen/ririh 8 = 3—3—2;

nora pati/rikat lakoening karéta 12 = 4—8 = 4—4—4.

Keloén-keloén/koekoesé/ḍojong/mengidoel 12 = 4—3—2—3;

kéntar/ing maroeta 6 = 2—4;

lokomoti/pé soementit 8 = 4—4;

(iki doeroeng pati prajoga).

lir wawarah/woes mèh rawoeh/Sri Naréndra 12 = 4—4—4.

Sinom.

Pengiring/ira/sadaja 8 = 3—2—3;

mjang loerah/bekel/ngladosi 8 = 3—2—3;

amanganggo/garebegan 8 = 4—4;

Parigel/parigel/sami 8 = 3—3—2;

dènira/angladosi 7 = 3—4;

woes rampoeng/sadaja/moendoer 8 = 3—3—2;

Sri Nata/Soerakarta 7 = 3—4;
 pangandika/nira/aris 8 = 4—2—2;
 „Rama Praboe/sampoén kaping/pinten
 tindak 12 = 4—4—4.

(R. T. Poerbadiningrat-Srikarongron).

Toelada tembang sing pedotané doeroeng prajoga (Olèhé medot ora tiba temboeng woetoeh).

Dandang goela.

Oepama se/kar sadonja iki,
 djinahen la/moen nama miriba,
 kang kadi sira nahanggèr,
 sawoesi/ra amoewoes,
 anaoeri sang Widawati,
 „Hèh Praboening raseksa,
 ajwa salah doedoe,
 tanpa dadi kaptinira,
 ingsoen iki tan kena singa gaðoehi,
 nadyan para djawata.”

(Serat Lokapala).

Gatra kapisan ing tembang ikoe maoe ana 10 wanda, pamedoté koedoe 4—6. Mangka jèn kapedot mengkono bandjoer medot temboeng *sekar*; *se* miloe ngarep, *kar* miloe ing boeri. Pedotan mengkono ikoe koerang prajoga. Mengkono oega ing gatra kapingdo lan kaping pat.

Dandang goela.

Basa kahi/nan ikoe artining,
 ina woeta tan wroeh ing dedalan,
 kaprijé iki margané,
 jèn ninggal/a sastrajoe
 ana manèh ngibarat sangking,
 djanma limpad soerasa
 oepama lelakoe,
 ngrasama srengganing arga,
 djoerang djro toe/mawing padas loenjoe roempil,
 ikoe oeriping djalma.

(Pakoe-Alaman. Serat Darmawirajat).

Ing gatra kapisan: temboeng *kahinan* kapedot.

Ing gatra 9. temboeng *toemawing* kapedot.

BAB IV. WANGSALAN.

Wangsalan ikoe saèmper tjangkriman, nanging batangané (teboes-ané) dikandakaké pisan.

Kang loemrah pendapoeké wangsalan ikoe dadi 2 gatra, ngrolas, pedotané 4—8. Dapoekan mengkono ikoe djenengé tembang gedé: Koesoemawitjitra.

Gatra kang kapisan amot tjangkriman (wangsalan) loro. Djawabé kamot ana ing gatra kapindó, woedjoed temboeng woetoe h oetawa wantjahané baé. Soerasané wangsalan ikoe kang loemrah wedaring piwoelang (pitoetoer) oetawa wedaring rasa gandroeng.

Toelada:

1. Antjoer katja, peksi langking mangsa sawa.
Rasakena, jèn lagi nandang doedoeka.

Katrangan:

Ing gatra kapisan tjangkrimané loro, jaikoe:

- a. antjoer katja, tegesé: *rasa* (banjoe rasa).
- b. peksi langking mangsa sawa ikoe *dandang*.

Temboeng *rasa* karo *dandang* (oetawa wantjahané) kamot ana ing gatra kang kapindó.

Ing kono gatra kapindó moeni:

Rasakena jèn lagi nandang dedoe ka.

rasakena ndjoepoek temboeng *rasa*.

nandang saka teboeng *dandang* diwantjah *ndang*.

2. Kasoet kajoe woeloe tjoemboening Pandawa, (gamparan;
Paran baja, prijé *margané* kapanggih. [Semar).
3. Weloet wana, walang goeng wilis elarnja (oela; walang
Wong ngawoela, adja toemamboeh ing kasra. [gamboeh)
4. Kolik prija, prijagoeng Andjani poetra, (toehoe; Anoman).
Satoehoené, wong *anom* betah ing lapa.
5. Oeler kambing kang séla panglawed ganda; (lintah-pipisan)
Betahena toemekaa pati *pisan*.
6. Djadja koeda djoeloeké Praboe Ngalengka. (andeman-
Dasa-dasa sampoen kawoela *andemi*.¹⁾ [Dasamoeka).

¹⁾ djawabé kwalik ora oeroet.

7. Niring bendoe, déning patreming andaka, (lilih-singat).
Soen teteda, *liliha rengating drija*.
8. Sata koentjoeng, oempak dedering tjoeriga, (merak-
Mendak-mendak, merak jèn adarbé karsa.¹⁾ [mendak)

Kedjaba ditata dadi tembang Koesoemawitjitra kaja ing doewoer
ikoe wangsalan oega kanggo ing tembang matjapat, kang soerasané
gandroeng oetawa medaraké pitoetoer.

Tembang kang nganggo wangsalan, kajata:

Dandang goela:

Déné oewoes ngong asoengi toelis,
ingkang kamot anèng tetegesaningwang
apa ta ika tan darbé,
kesdoe mring raganingsoen;
pandaming rat, wong andjelantir, (srengéngé)
sota roemaketing tyas, (tresna)
jekti *tresnaningsoen*.
salami *soerja* goemebjar.
Sapoet drija gambiranirèng djaladri, (peteng; mawalikan)
tyas *peteng mawalikan*.

Katrangan:

Wangsalan: *pandaming rat*-damaring djagat = *soerja*.
sota roemaketing tyas-rasa roemaketing ati = *tresna*.

Djawabé: Jekti *tresnaningsoen*, salami *soerja* goemebjar.

Wangsalan: *sapoet drija*-ati peteng.
gambiraning djalani-di-gambiraning segara = mawa-
likan.

djawabé: *tyas peteng mawalikan*.

2. Mandoek nétra babo wong asigit, (ndeleng)
déné wreksa kèsisan ing patra, (ngarang)
tingalana dedasihé,
mangarang sroening woejoeng,
niring roga sasaring ati, (waloeja, roehara)
waloejaning roehara,
saking sira moehoeng,
nglaloe toewoeh rasa ingkang (soedoek djiwa;
soemendoe ing wadja, *angres* ing tyas mami [ngeres)
moeng tjipta *soedoek djiwa*.

¹⁾ djawabé ija kwalik.

Katrangan:

- wangsalanè: *mandoek nétra* = ndeleng; ningali.
wreksa kèsisan ing patra-kajoe tininggal ing goḍong-
 ngarang.
- djawabé: *Tingalana* dedasihé
mangarang sroening woejoeng.
- wangsalan: *niring roga-ilanging lara* = waloeja.
sasaring ati = roehara.
- djawabé: *Waloejaning roehara*,
 saking sira moehoeng.
- wangsalan: *nglaloe toewoeh-soedoek djiwa*,
rasa ingkang soemendoe ing wadja-ngeres.
- djawabé: *angresing tyas mami*,
moeng tjipta soedoek djiwa.

Tembang dandang goela rong pada maoe jèn ditata dadi tembang
 Koesoemawitjitra ija kena; dadi mengkéné:

1. Pandaming rat sota roemaketing drija,
Jekti tresna, salami *soerja* goemebjar.
2. Sapoet drija gambiranirèng samodra.
Petenging tyas djroning drija mawalikan.
3. Mandoek nétra, wreksa kèsisan ing patra.
Tingalana, goeng *mangarang* nandang brangta.
4. Niring roga, parikan sasaring drija.
Waloejaning roehara moehoeng sing sira.
5. Nglaloe toewoeh, rasa soemendoe ing wadja
Angresing tyas moeng tjipta soedoek sarira.

Wangsalan kang wis loemrah kanggo ing lajang-lajang lijané
 lajang tembang oetawa kanggo goeneman, djawabé wis ora soesah
 dikandakaké, marga wis dianggep dadi paribasan oetawa oenèn-
 oenèn kang wis kaprah kanggo. Kajata:

1. Ngeboen-eboen éndjing ndjedjawah sonten. tegesé: nglamar.
déné djèrèngané mengkéné: eboen ésoek-awoen-awoen,
oedan soré-rarabi
 djawabé: *njoewoen rabi.*

2. Nèk teroes ora ana oedan. lah rak *kebombang* temenan tan-
doerkoe!
tegesè: kapihan.
kebombang ikoe wangsalané wong tani: kebo abang-sapi.
3. Lo, Mas, *ndjanoer goenoeng*, ésoek-ésoek kok wis mréné!
djanoer goenoeng-djanoering krambil goenoeng-djanoering arèn-
kadingarèn.
4. Tindak ngendi, Mas?
— Arep kloejoer-kloejoer, karo arep *nggenta* dara.
genta dara-sendarèn-sawangan.
karepé: *golèk sawangan*.
5. Nèk ana wong toewa goeneman mbok adja *nglemah bengkah*
mengkono, ta!
lemah bengkah-*tela*.
karepé: *njela-njela*.
6. *ndaḍoeng* manoeck.
ḍaḍoenging manoeck-*kala*.
karepé: *kala-kala*.
Lo, kowé kok dingarèn nganggo tjlana.
— Ija, ja moeng *ndaḍoeng* manoeck.

Terkadang wangsalan kang wis kanggo goeneman ikoe djawabé
ija dikandakaké pisan, kajata:

1. aloeng paroet, apa koewat?
2. Baloeng pakèl, alok-alok hosé.
3. Rèhning akoe wis roemangsa loepoet, ija djenang séla apoeranen.
4. Kawis pita wis begdjanè.
5. Oeler kambang jèn trima alon-alonan.
oeler kambang-lintah
satitahé-disalini: alon-alonan.
6. Roning mlindjo, sampoen sajah njoewoen ngaso.
7. Pindang loelang, katjèk apa akoe karo Mas Sastra!

Ḍalang jèn sasmita marang nijaga, akon ngoenèkaké gending,
moeng disrampad nganggo wangsalan baé. Kajata:

1. Ngantoe-antoe ngentosi praptanira poenakawan, sinambi
joedakenaka.

joeda kenaka-péranging koekoe; koekoer-koekoer; ndjaloek gending pangkoer.

2. Solahing danawa, pinda *djangkrik maboe kili*.
ndjaloek gending: *djangkrik génggong*.
3. *Pijak ngarsa tangkeb ing woeri*.
ndjaloek gending: *ajak-ajakan*.
4. Tansah *mangoe-mangoe* dènira arsa moenggah ing sitinggil.
ndjaloek gending: *ladrang mangoe*.
5. Kaja *gadoeng pepoeletan* wedalé poetri kekalih.
ndjaloek gending: *sekar gadoeng*.
6. Kang wonten ing pasowanan pagelaran djawi, *semoe tan djangkep winilis*.
ndjaloek gending: *semoekirang*.
7. Soeroeping soerja, *riris tan kèndel*.
gending: *oedan soré*.
8. Ing kedaton Tirtakandasan pinda kelir *tinambang*.
gending: *tloetoer*.
tambanging gamelan ikoe: *ploentoer*.
9. Genti kotjapa, nagari ing Mandoera, kajah kang sami *ambasmi doepa*.
gending: *menjan séta*.
10. Mangkana Radèn Djanaka amoedar asta, *madjeng angetab rikma*.
gending: *bontit*.
temboeng: *bontit tegesé: ramboet brintik, ngandan-andan*.

Ing lajang-lajang tembang, oekara sasmita wiwiting tembang, oetawa salining tembang, kang akèh ija sok disrampad nganggo wangsalan. Kajata:

1. Soemping sekar *roning kamal*.
roning kamal-godong asem. sinom; tembang *sinom*.
2. Mrih *sarkara* kang makirtya ngoemi.
sarkara-goela
tembang: *dandang goela*.
3. lir *mas kèntiring ranoe*.
kèntiring ranoe. kèli. koemambang
tembang: *maskoemambang*.

4. Kadya *gegandéngan asta*.
kantèn asta-tembang *kinanti*.
5. Ing *woeri* tan winirasa.
woeri-poengkoer-tembang: *pangkoer*.
6. Sadaja ambirat *kingkin*.
kingkin-kasmaran, tembang: *asmaradana*.
7. Ki *Gamboeh* asoeng pémoet.
tembang: *gamboeh*.
8. Sor langening *sri nata*.
tembang: *sinom*.
9. *Widjiling* wangsa pribadi.
tembang: *midjil*.
10. *andoedoek* medal ing djawi.
tembang: *doedoek woeloeh*-megatroeh.

BAB V. POERWAKANTI.

Kang diarani poerwakanti ikoe oenèn-oenèn woedjoed temboeng sawetara kang ketjapé oetawa swarané pada.

Poewakanti ikoe moeng kanggo rerengganing temboeng, soepaja kepénak swarané. Kanggoné kang akèh ana ing lajang-lajang tembang. Déné wong goeneman nganggo poerwakanti ija ana, loemrahé kang soerasa pitoetoer.

Poerwakanti kang pada ketjapé kajata:

Otak-atik mafoek. (akasara t)
Garing-garing anggeré garang. (g. r.)

Poerwakanti kang pada swarané kajata:

Ati béngkong olèh ontjong. (swara ong)
Meneng-meneng ngandoet kreneng. (swara eng)
Ora gombak ora koentjoeng, anggepé kaja toemenggoeng
(oeng).
Lambé satoemang kari samerang. (swara ang).

Tembang kang nganggo poerwakanti kajata:

Pangkoer:

1. Mingkar-mingkoering oekara (k, r)
akarana karenan mardi siwi, (k, r, n)

- sinawoeng resmining kidoeng, (ng)
 sinoeba sinoekarta (s, n)
 mrih retarta pakartining ngèlmoe loehoeng (k, r, t)
 kang toemrap nèng tanah Djawa, (t)
 agama ageming adji. (a, g, m)
2. Djinedjer nèng wédatama,
 mrih tan kamba kembenganing pamboedi; (k, m, b)
 mangka nadyan toewa pikoén,
 jèn tan mikani rasa,
 jekti sepi asepa lir sepa samoen, (s, p)
 semangsané pakoempoelan
 gonjak-ganjoek nglilingsemi. (g, nj)

(Mangkoe negaran IV Wédatama).

Midjil.

3. Mandjing wana tan étang pringganing,
 marga djoerang sigrong,
 grenging ori-ori pepèrèngé.
 noeting èrèng-èrèng djoerang trebis,
 pepèrèngé miring,
 parang tjoeri paroeng.
4. Djoerang bambing pinggir anggaligir,
 ingkang rèpèh rompoh,
 embes-embes rambas rembes ing wé;
 nginggil bondot boendet ri pendjalin,
 siloek-siloek soengil,
 mangap singoep-singoep.
3. Toja midjil saking lamboeng woekir,
 goemroedjoeg toja ndjog,
 tirta djroning djoerang goemarèndjèng,
 lir tinalang kekalèné mili.
 titilasé limit,
 loeloemoeté loenjoe.

(M. Karta soebrata-Srikanthi megoeroe manah).

Déné oenèn-oenèn oetawa paribasan kang nganggo poerwakanthi;
 Kajata:

1. Wong mono koedoe sing gemi, nastiti, ngati-ati.
2. Wong milih djođo ikoe koedoe ngélingi bibit, bèbèt, bobot.

3. Sing teteg baé nggèr atimoe, sapa oewas tiwas.
4. Garing-garing anggeré garang.
5. Tinimbang kalah oewong angoer kalah oewang.
6. Kendel ngringkel, djirih idjih.
7. Sapa salah sèlèh.
8. Slaman, sloemoen, slamet.
9. Para kadang kadéjan, para wandoe wandawa.
10. Opor bèbèk mentas awaké dèwèk.
11. Rapèk-rapèk ketèk.
12. Tjiri wantji, lalai ginawa mati.
13. Adigang, adigoeng, adigoena.
14. Toeloeng mentoeng.
15. Djago katé waniné ing omahé déwé.
16. Toenggak djarak mradjak, toenggak djati mati.
17. Alon-alon jèn kelakon.
18. Wong pinter keblinger, wong boesoek ketekoek.
19. Asoe belang kaloeng oewang.
20. Meneng-meneng ngandoet kreneng.
21. Keplok ora tombok.
22. Entèk amèk koerang golèk.
23. Koeroeng moenggah loemboeng.
24. Tengoe-k-tengoe nemoe ketoe.
25. Noendjang palang.
26. Anak molah bapa kepradah.
27. Kéré moenggah ing balé.
28. Désa mawa tjara, negara mawa tata.
29. Wong boesoek ora mangan woeroek.
30. Ngirit-irit dadi ngorot-orot.

Temboeng-temboeng sing soerasa banget, katrangané temboeng kaanan ija akèh kang nganggo poerwakanți. Kajata:

adjoer moemoer, abang mbranang, koening mbrining,
koening ndjekining, ireng toenteng, tjilik mentik,
tjilik ongak-angkik, padang ndjingglang, remoek boeboek,
moeng loro sélo; moeng teloe sèloe.

Parikan oetawa goeritan ikoe mesti nganggo poerwakanți kabèh. Toeladané wis kapratélakaké ing ngarep. (Bab I. II.)

Kadjaba saka ikoe ana manèh bangsané poerwakanți ana ing tembang kang pangetrapé mengkéné:

Temboeng *poengkasané* gatra, sairib karo temboeng *wiwitané* gatra tjandaké. (terkadang moeng pada aksarané sidji).

Ikie maoe ana kang ngarani wiwiletan, ana kang ngarani poer-wakanți basa.

Toelada:

1. Ajwa mamatoeh naloetoe,

tanpa toewas tanpa *kasil*,
kasaliboek ing srabéda,
 marma dipoen ngati-ati,
 oerip kèh rentjananira,
 sambékala dèn kalingling.
2. Oepamané wong loemakoe

marga gawat dèn *liwati*
 lamoen koerang ing pangarah
 sajekti karèndèt ing ri
 apesé kesandoeng padas
 babak boendas anemahi.

.....
3. Meloké jèn arsa *moeloek*,

moeloek oedjaré lir *wali*
wola-wali nora njata
 anggepé pandita *loewih*
kaloewihané tan ana
 kabèh tanda-tanda sepi.
4. Kawroeh moeng ana ing *woewoes*,

woewoesé goemaib-gaib,
 kasliring titik tan kena
 mentjereng alisé gatik,
 apa pandita antiga
 kang mangkono ikoe kaki.
5. Mangka ta kang aran *lakoe*

lakoéné ngèlmoe sadjati
 tan dahwèn pati opénan
 tan panastèn nora *djail*
 tan *ndjoeroengi* ing kahardan
 amoeng eneng marang ening.

(Wédatama).

6. Sinom.

Mangkja daradjating pradja,
 kawoerjan woes soenja *roeri*
roerah pangrèhing *oekara*
karana tanpa *paloepi*,
ponang paramèng *kawi*
kawileting tyas *malatkoeng*
kongas kasoedranira
 tiðem tandané doemadi
 hardajèng ngrat déning karoban roebéda.

(R. Ng. Ranggawarsita-Kalatida).

BAB VI. TEMBANG KANG KANGGO GÉRONGAN ING GENDING.

Gérongan ing gending ikoe ora ana patokané goeroe wilangan. Dadi pendapoeké moeng soepaja mafoek karo gending kang digérongi. Tibaning swara ija ora diélingi, nanging kang loemrah pandapoeké nganggo poerwakanti sarta wangsalan.

Ing ngisor iki ana toelada gérongan gending sawetara, petikan saka lajang Sendon Langen Swara, anggitan Mangkoe Negaran IV.

1. Gérongan gending *Langengita*. (nganggo poerwakanti).

Andong, tinandoer tepining gedong,
 argoelo bang loemémbang pager baloembang,
 kembang anggrèk roemambat angepèk-epèk.

Nodja, kembang pasrèn tanpa ganda;
 kembang nala, katjika saroe kang warna;
 nagasari winor borèh lawan djampi.

Tjènggèr, abang menges mènèr-mènèr;
 kembang tjlaket pinetik naloetoe pliket;
 mbang tjepaka, koening séta mawa ganda.

2. Gérongan gending *Radjaswala*.

Soerja tjandra daroe kartika, samja,
 amadangi djagad traja,
 wimboeh wèh martana
 sakèhing doemadi.

Méga koewoeng, tédja wangkawa, samja
angrenggani antariksa,
mawèh soekèng drija
sakèhing doemadi.

Brama tirta, mjang bajoe badjra, samja
angobahken saboewana,
bisa wèh martana,
bisa gawé tjoerna.

3. Gêrongan gending *Poespawarna*.

Kembang kentjoer, katjarjan anggoeng tjinatoer.
Sèdet kang sarira, gandes ing wiraga,
kèwes jèn ngandika, anganganjoet drija.

Kembang blimbing, pinetik bali ing tembing.
maja-maja sira, wong pinda moestika,
ratoening koesoema, pañining wanodya.

Kembang doerèn sinawang sinambi lèrèn.
Dalongop kang warna, soemèh semoenira,
loewes pamitjara, angangajoeh drija.

4. Gêrongan gending: *Taroepala*.

Pelem-pelem kang ginoenem,
ginita ginawé langen,
bekoe bala madoe ganda,
katog tjatjangkokanira,
lir poḍang ingkang boesana,
golèkana,
sira-sira doewa,
kapopoh wani toh djiwa.

Djeroek-djeroek kinaloempoek,
kinarja langen pakantoek,
bali boetoen ing krangéjan
ngoendoeḥ katès doeloe matjan,
ngoprok anèng paletèran,
ginoeloengan,
moeroet-moeroet meksa,
kinoewik rinandjam asta.

5. Gérongan gending *Poespagiwang*. Oega kena dienggo nggérongi gending *Tjaloentang*.

Parabé Sang Marabangoen	(Priembada)
sepat domba kali oja	(gramèh)
adja dolan lan wong <i>prija</i> ,	
<i>ngGeramèh</i> nora prasadja.	

Garwa Sang Sindoera praboe,	(Waita kambing)
witjara mawa karana;	(Tarka)
adja dolan lan <i>wanita</i>	
tan njata asring <i>katarka</i> .	

Semboeng langoe moenggwing goenoeng	(segoenggoe)
koenir wisma kembang rekta;	(poespanjidra)
adja <i>nggoegoe</i> oedjarira	
wong lanang sok asring <i>tjidra</i> .	

Genta geng kang moenggwing panggoeng	(djam)
Djawata pinḍa Ardjoena;	(Koemadjaja)
<i>djaman</i> mengko kawroehana	
wong wadon kèh <i>ngamandaka</i> .	

6. Gérongan gending *Walagita*.

Kembang adas sedèp gandanira kongas,
ikoe radèn jèn djanmaa,
sarana kanggo ing karja.

Kembang nangka lija rinoedjak tan kena,
ikoe radèn jèn djanmaa
ngadoni karja tjandala.

Kembang tjengkèh ganda aroem warna akèh,
ikoe radèn jèn djanmaa
tan njana ngentasi karja.

7. Gérongan gending: *Sitamardawa*.

Sang kakatang pinḍa rajoeng	(ploempoeng)
hèh robaja	
Patih Sri Soerjaboewana	(Djoegoelmoeda)
pantèn,	
<i>moepoeng moeda</i> , poeroeita.	

Samber lilèn sabèng ranoe	(bibis)
Hèh robaja,	
gelar sata pantjakara	(oelah)
pantèn,	
ingkang bisa oelah pradja.	
 Radjapoetra Lésanpoera	 (Setyaki)
Hèh robaja,	
toja kandeg winisaja,	(mambeg)
pantèn	
ingkang setya ambeg ardja.	

8. Gèrongan gending: *Poespandjala*.

Kembang nipah (dongong),	
soemebar tengahing sawah.	
<i>dongong</i> baé ing patjaké,	
kedèp tesmak pamandengé,	
pratanda gedé méliké.	
kakang Djanaraga.	
Kembang salak,	(keteker)
sinebar anèng beboelak,	
<i>ketekeran</i> pangarahé,	
nora bisa pratikelé,	
wekasan kakoe atiné, kakang Djanaraga.	

PÉRANGAN KANG KALIMA.

(Basa enggon-enggonan. oetawa basa pesisiran).

Basa enggon-enggonan, jaikoe basa kang dienggo tjatoeran wong-wong kang toenggal asal negara wewengkoné basa maoe.

Kang kaleboe basa enggon-enggonan ing tanah Djawa kéné:

- I. Basa Soerabaja. (Soerabaja, Malang, Pasoeroewan) — (Sb).
- II. Basa Semarangan (Demak, Koedoes, Djepara) — (Sm).
- III. Basa Tegal. (Tegal, Brebes, Pekalongan) — (Tg).
- IV. Basa Banjoemas-Bagelèn. (Bnj).
- V. Basa Madioen-Kediri. (Mn.)
- VI. Basa Banten. (Bt).
- VII. Basa Indramajoe-Tjirebon. (Tjr).
- VIII. Basa Banjoewangi. (Bw).
- IX. Basa Blora. (bl). (Blora, Rembang, Pati).

Kang loemrah basa enggon-enggonan ikoe moeng kanggo ana ing patjalaton. Basa ing Soerakarta lan ing Ngajogjakarta senadjan akèh èmpéré karo basa ing toelis ija kaéwokaké basa enggon-enggonan, sabab akèh temboeng-temboengè kang béda karo basa ing toelis.

Moenggoeh basa enggon-enggonan ikoe gèsèhé karo basa ing toelis, koedoe ngèlingi limang prakara kang kaseboet ing ngisor iki; jaikoe:

1. *Gèsèhé temboeng-temboeng, kajata:*

Botjah	— <i>arèk</i> (Sb).
mentoeng	— <i>nggepoek</i> (Sb) <i>ngagètjèk</i> (Bt).
ora	— <i>belih</i> (Tg), <i>belèh</i> (Sm).
katog	— <i>por</i> (Sb).
banget	— <i>seroe</i> (Sb).
loenggoeh	— <i>ndorong</i> (Mn) <i>ndjagong</i> (Bnj).
lebar mangan	— <i>mari mangan</i> (Kdr, Sb).
didokok	— <i>disalap</i> (Sb).
golèk	— <i>tèlèk</i> (Sb).
akoe	— <i>èsoen</i> (Sb) <i>injong</i> (Bg).
bisa	— <i>tèjèng</i> (Bnj).
manèh	— <i>maning</i> (Bnj).

2. *Gèsèhing penataning oekara:*

Belih idèp pisan-pisan atjan. (Tg). Ora weroeh babar pisan.

Gelem sé rika? (Sb). Kowé apa gelem?

Injong djoekoet daning injong. (Bg) — Takdjoepoek.

Kaè soerat djoekoet. (Tg) — Lajang kaé djoepoeken.

3. *Lagoe.*

Lagoené wong goeneman ikoe ing saben negara béda-béda.

4. *Gèsèhing Pramasastra.* (Traping ater-ater oetawa penambang).
kajata:

<i>didjenengna</i> (Sb)	— <i>didjenengaké.</i>
<i>djaké delak.</i> (Sm)	— <i>tjoba delengen.</i>
<i>Singèki wédang</i> (Sm)	— <i>Sokana wédang.</i>
<i>Singgahi</i> (Tg)	— <i>Singgahna.</i>

5. *Owahing swara oetawa paketjapan, kajata:*

a. Kang gèsèh wandané ngarep oetawa boeri:

ora-odak (Kdr) *ogak* (Mn) — *endak* (Blitar) *gak*, *gak* (Sb)

isih. <i>idjih. idjik</i> (Sb) <i>idjèh</i> (Bg).	
dragem	— <i>drjagem</i> (Mn Bl).
doewoer	— <i>dokoer</i> (Sb).
boeri	— <i>goeri</i> (Mn, Bl).
kreteg	— <i>treteg</i> (Bl).

b. Swara *i* sigeg kang doemoenoeng ing wanda wekasan owah dadi *è*, mengkono oega swara *oe* owah dadi *o*. Kajata:

poetih	— <i>poetèh</i> (Bg, Bl).
loewih	— <i>loewèh</i> (Bg).
moelih	— <i>moelèh</i> (Bg, Bl).
weroeh	— <i>weroh</i> (Bg, Bl).
soeroeh	— <i>soeroh</i> (Bg, Bl).

c. Temboeng rong wanda pada aswara *oe*, kang boeri sigeg, ikoe kang ngarep malih dadi *o*, mengkono oega swara *i* malih dadi *é*, kajata:

doeroeng	— <i>doroeng</i> (Sb).
woeroeng	— <i>woroeng</i> (Sb).
soesoek	— <i>sosoek</i> (Sb).
<i>poengkoer</i>	— <i>pongkoer</i> (Sb).
soewoeng	— <i>sowoeng</i> (Sb).
soeroeh	— <i>soroeh</i> (Sb).
<i>piring</i>	— <i>péring</i> (Sb).
pitik	— <i>pétik</i> (Sb).
pinggir	— <i>pénggir</i> (Sb).

Wanda kapindo saka boeri kang aswara *oe*, senadjan wanda tjanḍaké ora aswara *oe*, ija malih dadi *o*, kajata:

poetih	— <i>potih</i> (Sb).
moering	— <i>moring</i> (Sb).

d. Sarana mantjahi wanda, kajata:

weroeh	— <i>eroeh</i> (Sb).
bisa	— <i>isa</i> (Sb). (Mn).
doeroeng	— <i>oeroeng</i> (Mn).
pawitan	— <i>paitan</i> (Mn).
kaprijé	— <i>pijé</i> (Mn).
baé	— <i>aé</i> (Mn, Sb).
saben bengi	— <i>ben bengi</i> (Mn, Sb).
manèh	— <i>enèh</i> (Sb, Mn).
dèwèké	— <i>dèké</i> (Mn).

e. Swara *ā* ing wanda wekasan kang menga, ing Banjoemas, Bagelèn, Tegal swarané a kaja ing basa Mlajoe, ing Banten dadi e. Kajata:

pirā-pira (Bnj) — pire (Bt).
sirā-sira (Bnj) — sire (Bt).

Swara *é* menga oetawa sigeg ing Banjoemas Bagelèn swarané è.

f. Sesigeg *k* ing Banjoemas, Bagelèn, Tegal, swarané kaja sigeg ing *g*.

g. Swara *i* oetawa *oe* sigeg, kang doemoenoeng ing wanda wekasan oeniné djedjeg, kajata:

mandjing — *mandji'ng*. (Tg)
poeroen — *poeroe'n*. (Tg)
sampoén — *sampoe'n* (Tg).

h. Swara *a*, *é*, *i*, *oe*, *o* kang menga doemoenoeng ing wanda wekasan, oeniné kaja sigeg ing *k*, kajata:

kana — kana'.
wingi — wingi'.
panggonané — panggonané'..k.
kéné — kéné..k. (Tg).

Ing ngisor iki toelada basa enggon-enggonan ing sidji-sidjining negara, nganggo diterangaké béda-bédané bab limang prakara ing doewoer maoe.

BAB I. BASA SOERABAJA, MALANG, PASOEROEWAN.

Djik ¹⁾ djaman koena ana randa nemoe *arèk* ²⁾ lanang, anké dèwa. Arèk ikoe didjenengna Djaka Bandar. Wah, *por* ³⁾ bagoesé arèk ikoe. Djaka Bandar ikoe seneng *pasa-pasa* ⁴⁾ ikoe, *dowa* ⁵⁾.

Bareng Djaka Bandar wis gedé ditari rabi emboké *ngonowa* ⁶⁾ *gak* ⁷⁾ gelem marga *djik gak* ⁸⁾ seneng. Ben bengi Djaka Bandar ditari aé, *ngonowa* ja *djik gak* gelem; *moring-moring*. Djaka Bandar minggat, *gak sangoe*, *gak apa*, parané njang koeta. Bareng enggoek koeta Djaka Bandar moebeng-moebeng ndelok apa-apa sing doroeng taoe eroeh. Bareng mlakoe-mlakoe Djaka Bandar eroeh wong ajoe

¹⁾ dèk.

²⁾ botjah.

³⁾ katog.

⁴⁾ tirakat.

⁵⁾ ndedonga.

⁶⁾ nanging.

⁷⁾ ora.

⁸⁾ doeroeng.

noenggang krèta djèdjèr karo wong bagoes. Wah Djaka Bandar senengé. Koedoe ngrabi wong ikoe *maeng*¹⁾. ngonowa bareng ditakok-takokena, ndadak ikoe maeng anaké ratoe Mesir. Hla Djaka Bandar *tah*²⁾ seneng, moelané *nemen*³⁾ olèhé koedoe ngrabi, rasané atiné: Mosok, akoe gak isa ngrabi poetri Mesir. Hla kok setoen temen oripkoe." Djaka Bandar molih klépas, teka enggoek⁴⁾ parandan. Bareng enggoek omah Djaka Bandar toeroe aé, mengkoreb ngamboeng bantal. Hla njai tanda eroeh polahé ngono, dadi ija ditakoni: „Apa koên katik ngono nak?" Djaka Bandar meneng aé. Hla mbok randa ndedès aé. Sowé-sowé Dj. B. kanda nèk ndjaloek rabi. Bok randa boengah, ditakoni: „Hla koên ndjaloek rabi ikoe apa ja wis doewé *delengan*?"⁵⁾

I. *Lagoe.*

Wong Soerabaja jèn goeneman pantjèn doewé lagoe déwé.

II. *Paketjapan.*

a. Kabèh wanda kapindo saka boeri swarané dawa sarta anteb (seroe).

ikoe	— i...koe.
dowa	— do....wa.

b. Ana temboeng kang gèsèh olèhé ngoetjapaké.

Swara *oe* kang doemoenoeng ing wanda kang kapindo saka ing boeri oeniné o. kajata:

moering	— <i>moring</i> .
doeroeng	— <i>doroeng</i> .
doewoer	— <i>dokoer</i> .
moelih	— <i>molih</i> .

Jèn ana temboeng rong wanda pada swara *i*, swara *i* kang doemoenoeng ing wanda ngarep oeniné *é*.

isin	— <i>ésin</i> .
piring	— <i>péring</i> .
bingkil	— <i>béngkil</i> .
tilik	— <i>télik</i> .
pitik	— <i>pétik</i> .

¹⁾ maoe.

²⁾ ja.

³⁾ banget.

⁴⁾ ing.

⁵⁾ pandangan.

c. *Temboeng-temboeng kang owah olèhé ngoetjapaké.*

eroeh	saka: weroeh.	ben bengi	— saben bengi.
aé	„ baé.	mosok	— masa.
isa	„ bisa.	ndelok	— ndeleng.
mang	„ maoe.	dowa	— donga.
kon, koên	„ kowé.	ngonowa	— sanadjan mengkonoa.
djik	„ dèk.	ogak	— ora.
djik	„ idjik, isih.	apaa	— généja.
		ndokoer	— doewoer.

III. *Temboeng-temboeng kang pantjèn béda:*

arèk	tegesé: botjah.
por	„ banget. katog.
ikoe	„ kanggo goeneman.
pasa-pasa	„ tirakat.
tèlèk	„ golèk.
barèk	„ bagoes.
nggandang	„ nembang.
galak	„ kereng.
kereng	„ galak. (toemrap kéwan).
seroe	„ banget.
kijok apa	„ généja.
<i>Gak kijok apa kijok apa. Ora keprijé-kepriyé.</i>	

IV. *Penganggoné ater-ater lan penambang.*

Penambang *aké* disalini *na*.

dibalèkaké dadi dibalèkna.

ditakokaké dadi ditakokna.

Oekara pakon ora nganggo ngélingi penambang *en, a, ana, na*.

V. *Iketaning oekara.*

Ora pati akèh gèsèhé karo oekara kang bener.

BAB II. BASA SEMARANGAN (DEMAK, KOEDOES,
DJEPARA SAOEROETÉ PESISIR LOR).

1. Saiki jèn bengi akoe isih *andja-andjanen*¹⁾ jèn kepetoek matjan manèh.
2. Wong wis ngakoe kalah kok *diento*²⁾ baé.

¹⁾ djindja, kandji.

²⁾ dioeber-oeber.

3. Pak Soeta dèk Rebo kleboe *along*¹⁾ temenan lèhé amèk iwak.
4. Ika *abané*²⁾ ana wong *mboetohaké*³⁾ maling.
5. Samin moelih saka sawah, *daroeng*⁴⁾ *anglah*⁵⁾ moeles wetengé.
6. Olèhmoe ndokok lading maoe *ning*⁶⁾ ngendi?
7. Akoe maoe gawé *rantjangan*⁷⁾ lajangan, kok klemesen.
8. Akoe rasa-rasa loenga *nong nggoné* Djepara⁸⁾.
9. Wetoéné sawahkoe saiki wis *kéngang*⁹⁾.
10. Kentongan ikoe taboeh, sing *andjoet*¹⁰⁾.
11. Saridin, kebomoe giring, *bélok*¹¹⁾ mengétan.
12. E, Soeta, kowé kok *nderok* baé¹²⁾. Kebonan *roemboek*¹³⁾ kaé resiki.
13. Djaé. olèhmoe nemoe ali-ali kaja apa *takdelaké*¹⁴⁾.
14. Si Sardi ikoe jèn doewé dolanan mesti *dak*¹⁵⁾ awèt, awit *gandjah*¹⁶⁾.
15. Tjingkir ikoe *singèki*¹⁷⁾ wèdang.
16. Enggonmoe ndandani grobag nèk wis *mari*¹⁸⁾ kanda.
17. Kantjamoe sing mentas mboklapoeraké ika apa wis *menjang*¹⁹⁾ apèk watoe?
18. Manoek kaé takbedilé, *baé*²⁰⁾ kena.
19. Maling ikoe kok bisa *nggoewa*²¹⁾ témbok semono kandelé.

I. *Gèsèhé lagoe.*

Ora pati akèh gèsèhé, moeng wanda ngarepé wanda wekasan swarané dawa.

II. *Gèsèhé paketjapan.*

a.	iki	dadi: ikoe.
	ikoe	„ ika.
	gèndjèh	„ <i>gandjah</i> .
	menjang	„ <i>mijang</i> .

¹⁾ begdja.

²⁾ banèné.

³⁾ alok.

⁴⁾ bandjoer.

⁵⁾ sambat.

⁶⁾ ing.

⁷⁾ ragangan.

⁸⁾ menjang Djepara.

⁹⁾ loemajan.

¹⁰⁾ seroe.

¹¹⁾ énggokna.

¹²⁾ têngoek-têngoek.

¹³⁾ roengkoed.

¹⁴⁾ takdelengé.

¹⁵⁾ ora.

¹⁶⁾ gèndjèh.

¹⁷⁾ sokana.

¹⁸⁾ dadi.

¹⁹⁾ mangkat.

²⁰⁾ bokmanawa.

²¹⁾ mbabah.

- b. Wanda wekasan swara *i* sigeg malih dadi *è*.
Wanda wekasan *oe* sigeg malih dadi *o*. Kajata:

soegih	dadi: <i>soegèh</i> .
weroeh	„ <i>weroh</i> .
boetoeh	„ <i>boetoh</i> .

III. *Bédaning temboeng-temboeng.*

<i>andja-andjanen</i>	— <i>djindja</i> .
<i>diento</i>	— <i>dioeber-oeber</i> .
<i>along</i>	— <i>begdja</i> ,
<i>mboetoehaké</i>	— <i>alok</i> .
<i>daroeng</i>	— <i>bandjoer</i> .
<i>anglah</i>	— <i>sambat</i> .
<i>rantjangan</i>	— <i>ragangan</i> .
<i>kéngang</i>	— <i>loemajan</i> .

sapanoenggalané.

IV. *Iketaning oekara.*

Loemrah baé ora pati akèh gésèhé.

V. *Pangrimbaging temboeng-temboeng.*

- a. Oekara pakon ora ngélingi panganggoné panambang *en*,
a, ana, na, Kajata:

<i>otaki</i>	beneré: <i>otakana</i> .
<i>singèki</i>	„ <i>sokana</i> .
<i>bélok</i>	„ <i>engkokna</i> .
<i>delak</i>	„ <i>delengen</i> .
<i>wèhi</i>	„ <i>wènèhana</i> .
<i>kanda</i>	„ <i>kandaa</i> .

- b. Penambang *aké* disalini *na*.

ngangkataké — *ngangkatna*.

BAB III. BASA BLORA.

- a. Kowé *maeng*¹⁾ *ka*²⁾ endi?

nDelok aloen-aloen, apa wis ramé apa doeroeng, *ndadakan*³⁾
*ogak*⁴⁾ ana apa-apané. Ajaké gak sida ana kemiði.

¹⁾ maoe.

²⁾ saka.

³⁾ doemadakan (djeboel).

⁴⁾ ora.

a. *Endah*¹⁾, mesti sidané, wong wis gawé wara-wara djaré. Nèk ora sida rak diwarak-warakaké *enèh*²⁾. Mèmper *kandaem*³⁾ nèk oegoeng ana apa-apané, lawong wiwité bésoek malem Minggoe, iki lagi malem Kemis.

b. Apa ogak kesoesoe. Wong koerang rong dina djaré.

a. Ogak, wong kemiði ikoe nèk tata-tata *sedélok*⁴⁾ banget, awan teka, bengi main. Ajoeh, pada *ning*⁵⁾ enggoné Mas Samin, *ning*⁶⁾ omah apa ogak, engko nèk ana didjak mlakoe-mlakoe.

b. Kirakoe ogak *isa*⁷⁾ nèk didjak mlakoe-mlakoe. wong lagi ana dajoh. Masé sing ning Soerabaja teka.

a. Emasé sing endi *lèh*⁸⁾?

2. Mas Soema, klerk Soerabaja kaé *lèh*.

a. O ija *lèh*, akoe wis taoe tepoeng. Ajoeh pada diparani. Saiki *dèkné*⁹⁾ *njamboetgaé*¹⁰⁾ ning endi?

b. Ija *idjih*¹¹⁾ *njamboetgaé* ing sepoer baé.

a. Wah, lah kok ogak *loemprah* ané¹²⁾. Goemoen akoe, la wong dadi klerk kok sadjegé ogak moenggah-moenggah pangkat.

b. Pijé sidané adikem (adhem) Sarimin, apa dikon *njamboetgaé* baé, apa dikon sekolah *enèh*.

a. *Njamboetgaé* gék *njamboetgaé* apa? Wong djamané kaja ngéné. *Njamboeta* gaé dak pajoe *sementer* (setengah sèn). Angoer *tengoek-tengoek* ning omah.

b. *Tengoek-tengoeka* kaé wong ana paitané. Agi sawahem baé ndak koeranga dipangan. Nèk kaja akoe iki, nèk ora *njamboetgaé*, rak ogak *isa* mangan.

I. *Gèsèhé paketjapan.*

a. Wanda sigeg kang doemoenoeng ing wekasan kang ka-doenoengan swara *i*, swara *i* maoe liniroe ing *è*. Kajata:

poetih	dadi: <i>poetèh</i> .
moelih	„ <i>moelèh</i> .
loewih	„ <i>loewèh</i> .

¹⁾ masa.

²⁾ manèh.

³⁾ kandaemoe.

⁴⁾ sedéla.

⁵⁾ menjang.

⁶⁾ ana ing.

⁷⁾ bisa.

⁸⁾ ta.

⁹⁾ dèwèké.

¹⁰⁾ gawé.

¹¹⁾ isih.

¹²⁾ loemrah.

b. Swara *oe* kang doemoenoeng ing wanda wekasan kang sigeg, *oe* maoe disalini *o*. kajata:

soesoeh	— soesoh.
imboeh	— imboh.
doedoeh	— doedoh.
waloeh	— waloh.

c. Owahing paketjapan lijané:

isih	— idjih.
ora	— ogak.
doeroeng	— oegoeng.
karebèn	— mèn.

d. Ater-ater ora owah, kedjaba *ko* owah dadi *mbok*.

kogawa	— mbokgawa.
--------	-------------

e. Penambang *moe* owah dadi *em*. Kajata:

bapakmoe	— bapakem.
----------	------------

f. Temboeng kaanan ing tandingan ana sing owah paketjapané.

dawa	— dawoe.
abang	— aboeng, abing.
gering	— gerieng.
lâra	— lâroe.
adoh	— adoeh.
énak	— énoek.

g. Temboeng pengowoe.

<i>lèh</i> (pijé, <i>lèh!</i> apa, <i>lèh!</i>).
<i>kok</i> (ija kok, ora kok).

II. Gèsèhé temboeng-temboeng.

<i>heeng</i>	— ija.
<i>ndang</i>	— noeli.
<i>gagénan</i>	— énggal.
<i>tjiklah</i>	— tjikbèn, tjikèndah, entah-karebèn.
<i>goeri</i>	— boeri (owah paketjapané).
<i>treteg</i>	— kreteg id.
<i>djenes</i>	— ora seneng.

<i>engko ésoek</i>	— sésoek.
<i>enggèkkoe</i>	— doewèkkoe.
<i>emak</i>	— embok.
<i>gemblong</i>	— <i>djadah</i> .
<i>sementer</i>	— setengah sèn.
<i>mélok</i>	— mèloe.
<i>lamtara</i>	— kemlandingan.
<i>ndadakan</i>	— doemadakan.
<i>taogé</i>	— tjambah.
<i>emèk</i>	— ndjoepoek.
<i>bakda</i>	— rampoeng.
<i>tjenoenoek</i>	— tjikar digèrèd djaran.
<i>setrèk</i>	— grobag sapi.
<i>randjiné</i>	— pantjèné.
<i>dèknèn</i>	— dèwèké (owah swarané).
<i>mergaé</i>	— loenga njamboet gawé.

III. Lagoe.

IV. Iketaning oekara.

Ora ana gèsèhé karo oekara kang bener.

V. Bab traping ater-ater lan penambang wis kapratélakaké ing bab I. angka 4 lan 5.

BAB IV. BASA BREBES, TEGAL, PEKALONGAN.

1. Kok *intjik* kiwir temen olèhmoe nggawani barang.

Kok *intjrit* temen olèhmoe nggawani barang.

2. Wong *entjla-entjlo* ikoe belih nana panggonané.

Wong *ngoelandara* ikoe ora doewé panggonan.

3. nDjagong pada sing *ènrès* setitik.

Loenggoehmoe pada sing *tata* setitik.

4. Akoe didawoehi maring Brebes, *kontoeng* ésoeké akoe gé mangkat.

Akoe didawoehi menjang Brebes, *bandjoer* ésoeké akoe *lestari* mangkat.

5. Injong wingi *kandegan* mrana bari si Pantja, pađa *ngodok* baé, sikil rasané sampè *ngedowel*.
Akoe wingi *njoembang* mrana karo si Pantja, pađa *mlakoe* baé, sikil rasané nganti *ngetok*.
6. Koela *mengkin daloe* adjeng kondangan. — Koela *mangké daloe* badé kondangan.
7. *Belih idep* pisan-pisan atjan. — *Ora weroeh* babar pisan.
Atjan ikoe temboeng Soenda, tegesé jèn tjara Mlajoe *djoeapoen*.
8. *Erik-erik* kowen djaga nang kéné. Adja loenga-loenga, *menakan* ana barang sing ilang.
Ngati-ati kowé djaga ana ing kéné. Adja loenga-loenga, *nèk* ana barang sing ilang.
9. Kaé botjah *oedagen*, jèn wis ketjandak toetoerana, bésoek iki *kongkon* mréné.
Botjah kaé *toetoetana*, jèn wis ketjandak toetoerana, sésoek *konen* mréné.
10. Mrana maring sawah, *ilo-ilonen* tandoeran, *menakan* dipangan djaran.
Menjanga sawah, *delengen* tandoerané, *manawa* dipangan djaran.
11. Kaé soerat *djoekoeten* mréné, *ilonen*.
Lajang kaé *djoepoeken*, *watjanen*.
12. Doewité doeroeng njong djoekoet, *mengko injong djoekoet* *daning injong*.
Doewité doeroeng takdjoepoek, *mengko takdjoedpoeké*.
13. Kowen adja sok *ngomèh* adimoe, maoe ésoek batoer njong *omèhi*.
Kowé adja sok *srengen* adimoe; maoe ésoek batoer *taksrengeni*.
14. *Embang kanané désa*. — Ing kanané désa.
Embang kanané taoen sing oewis. Sadoeroengé taoen kepoengkoer.
Embang kanané koena wong Tegal omongé kaja mengkonon.
Dèk koena-koenané wong Tegal tjatoerané kaja mengkono.
15. Bendarakoe anjar atiné *aman*, belih taoe *nggranjam*.
Bendarakoe anjar atiné *sabar*, ora taoe *srengen*.

I. *Lagoe.*

Lagoené wong goeneman pantjèn béda, nanging ora bisa nerangaké ing kéné.

II. *Paketjapan.*

a. Kabèh temboeng, wandané sing wekasan dioenèkaké nganggo swara anteb (klemtoon); djalaran saka ikoe wanda wekasaning temboeng kang menga, swarané kaja sigeg ing k. Kajata:

kana	oeniné:	kana'.
wingi	„	wingi'.
mréné	„	mréné'.

b. Swara *ā* kabèh oeniné miring kaja *a* ing basa Mlajoe.

c. Swara *i*, *oe*, sigeg kang doemoenoeng ing poengkasané temboeng swarané djedjeg. Kajata:

mending	—	mendieng.
mandjing	—	mandjieng.
poeroen	—	poeroe...n.
sampoen	—	sampoe...n.

d. *Temboeng-temboeng sing owah olèhé ngetjapaké.*

<i>plakara</i>	saka: temb. prakara.
<i>maring</i>	„ marang ing.
<i>injong</i>	„ ingong (Kw).
<i>mangkin daloe</i>	„ mangké daloe.
<i>djoekoet</i>	„ djoepoek.
<i>kowen</i>	„ kowé.
<i>arepan</i>	„ arep.

III. *Temboeng-temboeng sing pantjèn béda, kajata:*

<i>intjik kiwir</i>	— intjrit.
<i>entjla-entjlo</i>	— ngoelandara.
<i>ritjik</i>	— èntèng.
<i>éndah</i>	— karebèn.
<i>belih</i>	— ora.
<i>ènrès</i>	— tata.
<i>kontoeng</i>	— bandjoer.

<i>kandegan</i>	— njoembang.
<i>bari</i>	— karo (Kw).
<i>ngedowel</i>	— kesel.
<i>érik-érik</i>	— ngati-ati.
<i>diilo</i>	— diwatja.
<i>diotjèm</i>	— dioenèkaké.
<i>oedagen</i>	— toetoetana.
<i>helan</i>	— wegah.
<i>salahilik</i>	— niliki. (temboeng sing nganggo
<i>ari</i>	— jèn. [salah ikoe tjèngkok
<i>diado</i>	— ditata. [Soenda).
<i>diadjangi</i>	— dingèngèhi.
<i>ngomèh</i>	— srengen.
<i>moeng tjoemah</i>	— moeng.

Embang kanané. Tjara Djawa tengah ija ana temboeng *tembing kanané* oetawa ing *kanané* nanging moeng kanggo katrangan panggonan. Jèn tjara Brebes, Tegal ija kanggo katrangan wajah barang. Kajata: *Embang kanané taoen sing oewis.*

IV. *Traping ater-ater oetawa penambang.*

- a. Oekara pakon ora nganggo ngélingi trapping penambang en, a, ana, na.

Mrana maring sawah. — *mranaa* menjang sawah.

Bapakmoe *diadjangi* disik. — Bapakmoe *ngèngèhana* disik.

Bésoek iki *kongkon* mréné. — Sésoek *konen* mréné.

- b. Oekara tanggap kaseboet ing bab iketaning oekara.

V. *Gèsèhing iketaning oekara.*

- a. Belih idep pisan-pisan atjan.

Temboeng *atjan* ikoe temboeng Soenda, dikantèkaké ing temboeng ora (oekara kang ana temboengé ora) (belih); ikoe tjèngkok oekara Soenda. tegesé ing basa Mlajoe *djoea-poen*. Tjara Djawané: *babar pisan*.

- b. Temboeng penoedoe pendokoké ing ngarepé temboeng aran, kajata:

Kaé botjah — beneré: Botjah kaé.

kaé soerat — lajang ikoe.

c. *Injong djoekoet daning injong* (Didjoepoek déning akoe).
Ikoe oekara tjéngkok Soenda. Ing basa Soenda ora ana
ater-ater *tak, ko, kajata*:

Dibawa koe koering — (Digawa ing akoe). takgawa.
Ditjokot koe manèh. (Didjoepoek ing kowé). kokdjoepoek.

Dadi ing oekara: *Injong djoekoet daning injong*, ikoe: *injong djoekoet* wis njéngkok Djawa, nanging *daning injong* ikoe njéngkok Soenda. Dadi oepama njéngkok Soenda temenan koedoe moeni: *Didjoekoet daning injong*.

BAB V. BASA BANJOEMAS-BAGELÉN.

*Gemijèn*¹⁾ *agi*²⁾ taoen 1860 ing tanah Djawa kènè isih langka sekolahan, dadiné arang-arang banget wong Djawa sing *tèjèng*³⁾ temboeng Wlanda. *Adja* sing⁴⁾ temboengé, bok toelisané pisan ija arang-arang wong sing *tèjèng*.

Djaman semana *ari*⁵⁾ ana wong Djawa *tèjèng* tjara Mlajoe kambi noelis aksara Wlanda, apa mening *tèjèng* itoeng-itoeng setitik, koewè wis dialem wong *oendag*⁶⁾. Kanggoné dadi baœe negara *djan*⁷⁾ kanggo. Ari ana wong doewé kabisan kaja koewè, mangkané gelem ngèngèr aring⁸⁾ prijaji gedè oepamané ngladèni aring kantor kaboepatèn oetawané kantor Residèn, kambi temen-temen apa mening ora *mbedjoedjag*⁹⁾ kena dipestèkna dadiné prijaji. Agi semana wong dadi prijaji *djan* kadjèn; pawongané paða asih kambi wedi, apa baè *igoehé*¹¹⁾ apa maning kaboetoehaning prijaji, pawongané paða sregep kambi ngemen-emenaken. Wong tjilik ora patija ngi-koeng baé sing dienggo ngladèni *igoehé* prijaji. Déné senengané wong Djawa *nganah-nganah*¹²⁾ paða koempoelan tajoeb nganti tekan pjajiné pisan. Ari ana pjaji *maring*¹³⁾ dèsa, dèsané katiban ndaroe. Bekelé oetawané kaja wong sing kawroehan, akèh sing *andjoetan*¹⁴⁾ nganakna klenèngan oetawané najoeb; pèndèké ija mangan énak kambi endem-endeman djenèwer. Mèh amben pjaji oetawané bekel dèsa mesti simpen djenèwer. Wong-wong dèsa ari doewé gawé kaprahé akèh sing paða tajoeban, *djan* marem banget

¹⁾ bijèn.

²⁾ dèk.

³⁾ bisa.

⁴⁾ adja manèh.

⁵⁾ jèn (Soenda).

⁶⁾ bisa, pinter.

⁷⁾ pantjèn.

⁸⁾ marang.

⁹⁾ ndoegal.

¹⁰⁾ batoer.

¹¹⁾ pratikel.

¹²⁾ kana-kana.

¹³⁾ marang.

¹⁴⁾ mbandjoer.

ari ditekani panggedè. Pjaji sing kaprahé aring désa ija pjaji tengahan oetawané pjaji sing tjilik baé, tekan poenakawané ora kari. Oepamané wedana, setèn, mantri, tjarik, magang (terwèdè) oetawiné oepas. Wong dadi pjaji agi djaman semana djan kepènak.

I. *Bédaning paketjapan.*

a. Kabèh *a* swarané miring kaja ing basa Mlajoe.

i kang toemrap ing wanda wekasan kang sigeg, swarané djedjeg, kajata:

oewis — oewi..s
koeping — koepi..ng.

é swarané è: *kèrè, wèwè, tèla.*

o swarané mèh kaja *a* ing basa Djawa: loro oeniné *lāra*.

oe kang sigeg oeniné djedjeg: *boeloe's.*

adoe's.

saroe'ng.

Wanda kang sigeg ing *k* swarané anteb kaja sigeg ing *g*.

bapak oeniné *bapag.*

papak „ *papag.*

d jèn dadi sesigeg swarané tjeta: *gèrèd, lajad, saged, sèrèd.*

Penambang *aké* ing basa ngoko *aken.*

Ater-ater *ko* dadi: *moe.*

kokgawa „ *ndamoe gawa.*

kokdjoepoek „ *ndamoe djijot.*

Temboeng dwipoerwa kang nganggo aksara iroeng moeng didjoepoek linggané baé, kajata:

nggegawa dadi: *gawa.*

mbeboeroe „ *boeroe.*

mbebarang „ *barang.*

Temboeng *maoe iki* ditjekak dadi: *miki.*

sésoek „ „ *ngésoek.*

b. Temboeng-temboeng sing owah olèhé ngetjapaké.

bijèn dadi: *gemijèn.*

saiki „ *siki.*

manèh „ *mening.*

saben „ *amben.*

ana ing „ *nang.*

ingong (Kw) „ *injong.*

II. Temboeng-temboeng sing pantjèn béda:

<i>tèjèng</i>	— bisa.
<i>ari</i>	— jèn (Soenda).
<i>oendag</i>	— pinter.
<i>kambi</i>	— karo.
<i>kanggoné</i>	— toemrapé.
<i>djan</i>	— pantjèn.
<i>pawongan</i>	— wong tjilik.
<i>adjegé</i>	— mestiné.
<i>oetawané</i>	— oetawa.
<i>kaprahé</i>	— loemrahé.
<i>ngèrèng</i>	— bregas.
<i>djèngkèl</i>	— nepsoe.
<i>rika</i>	— kowé.

III. Penganggoné ater-ater oetawa penambang.

ater-ater *ko* dadi: *moe*. (*damoe*).

kokgawa „ *damoegawa*.

penambang *aké* dadi *aken*:

temboeng dwipoerwa sing nganggo aksara iroeng moeng didjoepoek linggané.

temboeng dwipoerwa ora taoe kanggo.

soepé, gaman, soelih, gedoeg, baoe.

ater-ater *dak* dadi: *tek*:

takdjoepoek „ *tekdjimot*.

pen. *koe* dadi: *njong*.

boekoe „ *boekoenjong*.

pen. *moe* dadi: *é+ rika*.

iketmoe „ *iketé rika*.

sapimoe „ *sapiné rika*.

IV. Gèsèhing iketaning oekara: ora pati akèh.

V. Lagoe.

Lagoené wong goeneman pantjèn béda, nanging ora bisa nerangaké sarana ditoelis ing kéné. Jèn kroengoe wong Banjoemas oetawa wong Bagelèn goeneman ija bandjoer bisa ngarani jèn pantjèn doewé lagoe déwé.

BAB VI. BASA MADIOEN-KEDIRI.

a. Kowé *kingkè* ¹⁾ saka ngendi?

b. Niliki aloen-aloen apa wis ramé apa *oegoeng* ²⁾, djeboel *gak ènèk* ³⁾ apa-apa. *Dèk èri* ⁴⁾ gak sida ènèk kemiði.

a. Masa, sida enèh; wong wis gaé wara-wara ki. Nèk gak sida atoeka rak diwarak-warakké enèh. Mèmper kandamoe nèk goeng ènèng apa-apané, lawong wiwité main soek malem Minggoe, iki lagi malem Kemis.

b. Apa gak kesoesoe, *goer* ⁵⁾ koerang rong dina.

a. Ogak, wong kemiði ki nèk tata-tata gelis banget: awan teka, bengi main. Ajo pada niliki Mas Samin, ènèk omah apa ogak; mengko nèk ènèng didjak mlakoe-mlakoe.

b. *Dèkèri* gak isa nèk didjak mlakoe-mlakoe, sabab lagi énék dajoe. Kakangé sing ènèng Soerabaja teka.

a. Kakangé sing endi ta.

b. Mas Soema, klerk Soerabaja kaé nèh.

a. O, ija dèng, akoe wis taoe tepoeng. Ajo pada ditiliki. Saiki dèké njamboetgaé ngendi?

b. Ija isih dadi klerk sepoer aé.

a. Wah, gak ilok, *gawok* ⁶⁾ akoe, ana dadi klerk seprana-sepréné kok gak moenggah-moenggah pangkat!

b. Pijé sidané sdimoe Sarimin, apa dikon njamboetgaé apa arep sekolah enèh.

a. Njamboetgaé gèk njamboetgaé apa, wong djaman kaja ngéné. Njamboetagaé mangsa pajoea *sitèng* ⁷⁾. Angoer *ndorong* ⁸⁾ ènèng omah.

b. *nDoronga* kaé wong ana paitané. Lagi sawahmoe baé mangsa koeranga dipangan.. Nèk kaja akoe iki nèk gak njamboetgaé ija gak *madang* ⁹⁾ tenan.

I. *Lagoe*.

Kagok Medioen-Kediri ikoe lagoené mèh ora ana gèsèhé karo basa ing Soerakarta. Moeng setitik gèsèhé jaikoe oekara awèh weroeh, lagoené kaja wong takon. Béda karo wong Bagèlen lagoené tjeta jèn béda.

¹⁾ iki maoe.

²⁾ doeroeng.

³⁾ ora ana.

⁴⁾ takkira.

⁵⁾ moeng.

⁶⁾ goemoen.

⁷⁾ setengah sèn.

⁸⁾ tengoe-k-tengoe.

⁹⁾ mangan.

II. *Paketjapan.*

a. Akèh temboeng-temboeng sing olèhé ngoetjapaké ditjekak, kajata:

<i>kingké</i>	— iki maoe kaé.
<i>enèh</i>	— manèh.
<i>gaé</i>	— gawé.
<i>isa</i>	— bisa.
<i>dèké</i>	— dèwèké.
<i>aé</i>	— baé.
<i>pijé</i>	— kaprijé.
<i>paitan</i>	— pawitan.
<i>ènèng</i>	— ana ing.

b. Sing pantjèn béda olèhé ngoetjapaké.

<i>ogak</i>	— ora.
<i>dajoeh</i>	— dajoh.
<i>oegoeng</i>	— doeroeng.
<i>idjik</i>	— isih.
<i>djarik</i>	— djarit.
<i>djoekoek</i>	— djoepoek.

III. *Iketaning oekara ora pati akèh gèsèhé.*

IV. Temboeng-temboeng sing pantjèn béda ora pati akèh.

<i>ndorong</i>	— loenggoeh, tengoeck-tengoeck. nanging temboeng tengoeck-tengoeck ija ana.
<i>dèkèri</i>	— takkira.
<i>gawok</i>	— goemoen (Kw).

V. *Traping ater-ater oetawa penambang.*

Penambang aké sok ditjekak dadi ké. oetawa né.

didjoepoekaké dadi: didjoepoekké.
didjoepoekné.

Ater-ater oetawa penambang lijané ora ana bédané.

BAB VII. BASA BANTEN.

1. *Maningé tangané koewen ora gelem meneng, ape-ape diaroe-aroe.*
Lah tangané loemoeh nganggoer, mesti tik-tikan baé.
2. *Wis pirang-pirang balèn isoen marani sire, ora kependak baè.*
Tas sing endi siranè?

Wis bola-bali olèhkoe menjang enggonmoe, ora taoe kepetoek ana ngomah. Mentas saka ngendi kowé?

3. *Kelèmèn sire melakoe teke brag broeg tibe, kaje botjah demari baè.*
Keprijé kowé ikoe mlakoe pidjer brag broeg tiba baé, kaja botjah kesoendoelan mengkono.
4. *Adi nire mèh apik digawe-gawe ning kali, embok kanjoet.*
Adimoe bok adja kogawa-gawa menjang kali, nèk kèli.

5. *Ape mamang lan mang Sidin koewen doeloer tèh?*
Dèdè doeloer, anak koele sing wadon nike si enong, dikawinaken sèrèng anaké mang Sidin, si Soedin nike, dadi koele ning mang Sidin poenikoe, djawanè mèh warang.

Apa paman (kowé) lan man Sidin ikoe sedoeloer ta?
Sanès sedèrèk, anak koela èstri poen endoek poenika roemijin, dados sémahipoen anakipoen man Sidin, poen Soedin poenika poenapa. Dados koela kalijan man Sidin poenika rak bésan ta.

6. *Delengen koh! Wong ireng-ireng nganggo klambi entjit poetih,*
hèh. Pembrasanè meh teger!

Delengen kowé. Wong ireng-ireng kok nganggo klambi sembagi poetih. Roemangsané apa patoet mana!

7. *Jèn diitoeng-itoeng mèh anggoer toekoe beras sing wong djadje,*
soemandi toekoe sing tjine; bener geh rade moerah sing tjine berasé koloh,
jèn disosoh meh dadi koerang, dadi kegetjekè mèh larang.

soemandi (tinimbang)
koloh-woeloeh,
kegetjekè-tjoetjoeké.

8. *Bakal djanganè toekoe grintoel baè. milih sing toewe, isoen kepèngèn djangan asem; jèn langke grintoel toewe, toekoe andrangè baè.*

grintoel — mlindjo.

andrang — kroto.

9. *Saiki mèh rèjang sing djadjap noenggang krèta mesin.*

Saiki akoe wis bisa noenggang sepéda.

10. *Sesangkrah sing mengkonon mèh adje diwadahi ning pengki, diboewang baè.*

Anggrah-anggrah kaja mengkono ikoe, rak adja diwadahi ikrak, boewangen baé.

Ing ngisor iki kapratélakaké sarana reringkesan kaanané basa Banten maoe.

I. *Bédaning lagoe.*

Lagoené moela ija béda karo lagoe ing tanah kedjawan, nanging kaprijé bédané maoe ora bisa nerangaké ing kéné.

II. *Bédaning paketjapan.*

a. Aksara legena menga ing poengkasané temboeng, oeniné kaja dipepet. Kajata:

pira — *pire.* apa — *ape.*

sira — *sire.* ora — *ore.*

gawa — *gawa.*

b. Jèn dipenambangi *nè* swara pepet maoe ilang, bali legena manèh, dadi swara *a*. kaja kang keloemrah ing tanah kedjawan. Kajata:

pirané moeni pirané.

siranè „ sirané.

apanè. gawanè. lsp.

c. Sandangan woeloe toemrap wanda angka loro saka boeri, mangka wandané poengkasan sigeg, ikoe oeniné miring. kajata:

isin — *ésin.*

intip — *éntip.*

isoen — *ésoen.*

pitjis — *pétjis.*

grintoel — *gréntoel.*

kerihin — *keréhin.*

d. Aksara d karo *d* oeniné sok pada baé. Nanging t karo *t* ora taoe djoemboeh peketjapané.

e. Aksara g, d. *d*. *dj*. b. ora taoe dioenèkaké nganggo aksara iroeng, kajata:

boten ora dioenèkaké mboten.

Betawi ora mBetawi.

Gombong ora ngGombong.

Malah jèn dadi temboeng tandoek, g. d. *d*. *dj*. b. maoe ija ora owah oeniné. nanging ater-ateré anoeswara dadi *nga* (*nge*), kaja tjara Soenda, kajata:

nga(e)gètjèk — nggitik.

nga(e)banting — mbanting.

nga(e)goegat — nggoegat.

III. *Bédaning temboeng-temboeng.*

<i>asoeng</i>	— awèh.	<i>djering</i>	— djring.
<i>derbé</i>	— doewé.	<i>gajoeng</i>	— siwoer.
<i>pened</i>	— betjik.	<i>sapta</i> (seta)	— dojan.
<i>bangkit</i>	— bisa.	<i>monjèt</i>	— ketèk.
<i>wènten</i>	— wonten.	<i>pitjis</i>	— doewit.
<i>toenoe</i>	— obong.		
<i>soemandi</i>	— tinimbang (saka temb. Soenda		
<i>djadjap</i>	— bisa.		[mending).
<i>srotong</i>	— pipa.		
<i>samas</i>	— nembelas doewit.		
<i>samas sawé</i>	— nembelas doewit + sebénggol.		
<i>teger</i>	— pantes.		
<i>warang</i>	— bésan (Soenda).		
<i>koekoep</i>	— sagoeh.		
<i>satak</i> (atak)	— 8 doewit.		
<i>apik</i>	— adja.		
<i>weragang</i>	— bener.		
<i>widjil</i>	— widji.		
<i>tombé</i>	— sindap (Soenda).		

Sing saka temboeng Soenda temenan. Kajata:

matak — ndjalari.

ari — jèn.

atjan — djoeapoen (Mel.)

ojos — watoen.

Kedjaba temboeng-temboeng, djenengé botjah kabèh anèh toemrapé ing tanah Djawa tengah. Kajata:

Djenengé botjah lanang:

Adoeng	Eming	Loedin	Rakib	Sokèr
Angwar	Goesah	Mederin	Roekam	Tari
Bajoet	Isan	Malèh	Sadip	Temoe
Brosat	Kalmin	Niman	Sakmoen	Tasik
Dawan	Kaliman	Oekoeng	Sombeng	Tjaning
Djamoed	Limar	Pangi	Sendawi	Sanom.

Djenengé botjah wadon:

Arnati	Merdjas	Kajah	Siram
Antimah	Molah	Katem	Soelih
Bah	Pewane	Lendjam	Taswi
Derisah	Rewisah	Merisah	Tenaji.
Embot	Soenati		

Ana manèh temboeng-temboeng kang béda, kajata:

<i>isoen, rèjang, ijang, kite</i>	— akoe
<i>koele</i>	— koela
<i>sire</i>	— kowé
<i>andike</i>	— ndika
<i>kiên</i>	— iki, kijé

Klambi sape kijèn?

Kajanè isoen wis toewe.

<i>koewen</i>	— ikoe
---------------	--------

Le koewen ing parekire ape doedoe lading?

<i>koeh, koh, kah</i>	— kaé
<i>kaên</i>	— kaé

Tapih isoen sing olih toekoe ning pasar kaên, maoe bengi ane sing njolong. (tapih-djarit).

V. *Traping ater-ater lan penambang.*

Penambang *aken* kanggo ing basa krama oetawa ngoko.

Ing oekara pakon *aken* dadi *ne*.

i dadi *ane*.

Kajata:

Nong *djoekoetne* tapih iboe, kah ning ambèn.

Ikie gentong *toetoepane*, embokan ketiban kotoran.

(Petikan saka lajang Dialect Banten—M. Mangoendikarja).

BAB VIII. BASA INDRAMAJOE (TJIREBON).

Bengèn (*bengijèn*)¹⁾ lagi taoen 1860 *ning* ²⁾ tanah Djawa kènè *koeh*³⁾ arang-arang sekolahan, moelanè arang-arang *pisan*⁴⁾ wong Djawa sing bisa tjara *Blanda*⁵⁾. *Adjamaning*⁶⁾ *omonganè*⁷⁾, wong toelisanè *baë gah*⁸⁾ arang-arang sing bisa. Lagi djaman *koewen*⁹⁾ *kapan*¹⁰⁾ ana wong Djawa bisa ngomong tjara Mlajoe lan noelis aksara Blanda *koeh*, wis dialem pinter ning oewong, apa maning kapan bisa ngètoeng (*ngrèken*) setitik, dadi prijaji ja kanggo pisan. Kapan ana oewong doewè kapinteran *mengkono*¹¹⁾ *koeh*, *toli*¹²⁾ gelem ngawoela ing prijaji gedè, *seperti* ngladèni ing kantor Kaboepatèn oetawa kantor Residèn *kerdjanè*¹³⁾ temenan apa mening *beli*¹⁴⁾ koerang adjar, kena *dipestèkakèn*¹⁵⁾ bakal dadi prijaji.

Bijèn dèk taoen 1860 ing tanah Djawa kéné isih langka sekolahan, moelané arang-arang wong Djawa sing bisa tjara Walanda. Adja manèh basané bisaa, senadjan toelisané pisan arang wong sing bisa. Djaman semana jèn ana wong Djawa bisa tjara Mlajoe karo noelis aksara Walanda apamanèh bisa étoeng-étoeng setitik, ikoe wis dialem ing oewong, pinter. Toemrapé dadi poenggawa nagara kanggo banget. Jèn ana wong doewé kabisan mengkono, mangka gelem ngèngèr ing prijaji gedé oepama ngladèni ing kantor kaboepatèn oetawa ing kantor Residénan kalawan temen-temen, apamanèh ora sembrana, kena dipestèkaké dadiné prijaji.

I. Gèsèhing temboeng-temboeng:

<i>koeh</i>	— saka temb. ikoe (pangoewoeh)
<i>gah</i>	— id.
<i>koewen</i>	— koewé
<i>ngrèken</i>	— ngètoeng
<i>toli</i>	— noeli
<i>kerdja</i>	— njamboetgawé
<i>kita</i>	— akoe
<i>sira</i>	— kowé

¹⁾ *bijèn*.²⁾ *ing*.³⁾ temb-pangoewoeh — *ikoe*.⁴⁾ *banget* (soenda).⁵⁾ *Walanda*.⁶⁾ *adja manèh*.⁷⁾ *basané*.⁸⁾ temb-pangoewoeh.⁹⁾ *djaman semana*.¹⁰⁾ *jèn*.¹¹⁾ *mengkono*.¹²⁾ *noeli*.¹³⁾ *penjamboetgawéné*.¹⁴⁾ *ora*.¹⁵⁾ *dipestèkaké*.

ndèké kita — doewèkkoe.
derbéné koela — gadahan koela
ndèké sira — doewékmoe
derbéné sampéjan — gadahan sampéjan.

Katrangan. Basané krama akèh èmpéré karo basa krama ing tanah Djawa tengah.

II. *Gèsèhing pramasastra* (traping ater-ater lan panambang).

ater-ater *dak ija dak.*
 kok disalini di + sira, kajata: kokdjoepoek dadi:
 dimèt sira.
 di ija di baé.

penambang *koe* disalini: è + *kita*, kajata: *ndèkè kita*.
moe, disalini è + *sira*, kajata: *ndèkè sira*.
aké, na, panggah oetawa disalini *aken*:
 ditoelisaké — ditoelisaken.

III. Gèsèhing paketjapan.

Sesigeg *k* oeniné anteb, dadi kaja ing Banjoemas-Bagelèn.
Swara *é* ora ana, kabèh swarané *è*.
a swarané miring, kaja ing basa Mlajoe.
o swarané kabèh ija miring, kaja ing basa Soenda.

IV. *Gèsèhing iketaning oekara.*

Iketaning oekara ora pati akèh gèsèhé karo ing tanah kedja-
wan.

V. *Lagoe.*

Lagoe dekoeng kaja ing tanah Djawa tengah ora ana.
Basa ing Tjirebon ora pati akèh bédané karo basa ing Indramajoe.
temboeng *akoe jén tjara Tjirebon isoen.*

Temb. pengoewoeh *sih* kerep banget kanggo.

Nèk akoe ora gelem dikon kaja mengkonon (Dj).
Kapan kita mah, beli gelem dikon kaja mengkonon koeh. (Indr).
Kapan isoen sih, beli gelem dikongkon kaja mengkonon koeh.
 (Tjr).

Katrangan. Temboeng *mah* ikoe temb. Soenda. Temb. pangoe-
woeh.
Sih ikoe ija temb. pangoewoeh. Jèn tjara Bagelèn *si*.

Dalang ing Indramajoe ikoe jèn majang basané mèh pada karo basa Djawa tengah, bèdanè moeng ana ing paketjapan.

Wong-wong ing Plèrèd satjedaké Tjirebon, paketjapané setengah Tjirebon setengah Djawa, kajata:

apa-apa.
mranā.

Temboeng-temboeng lijané sing gèsèh.

goes (oendang-oendangané botjah lanang): *tjoeng, tong.*

lé — *nang* (ing désa).

bapak — *mama* (temboeng bapak moeng dienggo wong kampoeng).

iboe — *emi* (ing kampoeng: *mbok, ema*).

ndoeck — *nok.*

asoe — *kirik.*

singsot — *anjoel.*

kenès — *gandjen.*

brengos — *koemis.*

djoengkat — *soeri.*

dokar — *pèr.*

dalan — *dremaga.*

bebed — *lantjar.*

BAB IX. BASA BANJOEWANGI. (OEGA DIARANI BASA OESING).

Bengèn ¹⁾ zamané taoen 1860 *ring* ²⁾ tanah Djawa kéné *magih* ³⁾ arang ana sekolahan, moelané arang-arang banget wong Djawa *sang* ⁴⁾ bisa tjara Landa. Adja *maning* ⁵⁾ *omongé* ⁶⁾ bisaa, *paran maning* ⁷⁾ toelisané *bain* ⁸⁾ arang wong bisa. Djamané ikoe *kadoeng* ⁹⁾ ana wong Djawa bisa tjara Mlajoe kambi noelis aksara Landa, *paran maning* ¹⁰⁾ bisa étoeng-étoeng sitik-sitik, ikoe wis *dikadjokkaken* ¹¹⁾ oewong pinter. *Kadoeng wis* ¹²⁾ dadi poenggawa nagara, banget kanggoné. Kadoeng ana wong doewé kapinteran *kadikoe* ¹³⁾ mangka gelem ngawoela ring prijaji gedé *tah* ¹⁴⁾ ngladèni

¹⁾ bijèn.

²⁾ ing.

³⁾ isih.

⁴⁾ kang, sing.

⁵⁾ adja manèh.

⁶⁾ basané.

⁷⁾ sanadjan.

⁸⁾ baé.

⁹⁾ jèn.

¹⁰⁾ apa manèh.

¹¹⁾ dialem.

¹²⁾ toemrapé.

¹³⁾ mengkono.

¹⁴⁾ apa (oetawa).

kantor kandjeng tah kantor residèn kambì temenanan, paran maning sembrana, kenèng *ditamtokaken* ¹⁾ dadi prijaji.

Tjara Djawané toelada ing doewoer maoe.

Bijèn dèk taoen 1860 ing tanah Djawa kéné isih langka sekolahan, moelané arang-arang banget wong Djawa sing bisa tjara Walanda. Adja manèh basané bisaa, sanadjan toelisané baé arang wong sing bisa. Djaman semana jèn ana wong bisa tjara Mlajoe karo noelis aksara Walanda, apa manèh bisa étoeng-étoeng setitik, ikoe wis dialem wong pinter. Toemrapé dadi poenggawa negara kanggo banget. Jèn ana wong doewé kabisan mengkono, mangka gelem ngèngèr ing prijaji gedé oetawa ngladèni ing kantor kaboepatèn oetawa kantor residèn kalawan temen-temen apamanèh ora sembrana, kena dipestèkaké dadiné prijaji.

Paketjapané toelada ing doewoer maoe.

Bengèn zamané taoen 1860 rieng taniah. Djawa kénéé magih arjang ana sakolahan, moelané arang-arang banget wong Djawa sang bisa tjara Landia. Adja manieng omongé bisaa, paran manieng toelisané bain arang wong bisao. Zamané ikaoe kadoeng ana wong Djawa bisa tjara Mlajoe kambai noelis aksara Landia, paran maning bisao étoeng-étoeng séték-séték ikaoe wies dikadjokkaken oewong pinter. Kadoeng wies dadai poenggawa nagaraa, bange kanggonéé. Kadoeng ana wong doewéé kapinteran kadikaoe, mangka gelem ngawoela rieng perjajai gedé tah ngladèni kantor kndjeng tah kantor Residèn kambai temenanan, paran manieng sembranaa, kenèng ditamtokkaken dadai prijajai.

I. Paketjapan.

Paketjapané temboeng-temboeng akèh sing didawakaké oetawa diantebaké.

a. Swara *oe* dadi: *aoe*: *toekaoe*, *goeraoe*, *soengaoe*.

i dadi: *ai*: *rabai*, *sidjai*, *matai*.

é dadi: *aé*: *sataé*, *lambaé*, *gedaé*.

o dadi: *aoo*: *kebao*, *lorao*, *poelao*.

ā dadi: *aa*: *silā*, *rikaā*, *koelaā*.

¹⁾ dipestèkaké.

Nanging sing didawakaké ikoe maoe moeng temboengé kang poengkasan baé.

toekoe kebaoo. Kari sidjai. mrana-mrénaé. toekoe ikaoe.

dadi ora: *toekaoe kebaoo, karai sidjai.*

b. Wanda wekasan sing sigeg: *h, r, t, ng*, oeloerané nganggo *y*, kajata:

gabah	dadi: <i>gabyah.</i>
latar	„ <i>latyar.</i>
babat	„ <i>babyat</i>
kembang	„ <i>kembyang.</i>
omah	„ <i>omyah.</i>
sabar	„ <i>sabyar.</i>
koewat	„ <i>koewyat.</i>
gedang	„ <i>gedyang.</i>

c. Wanda kang sigeg: *k, p, t*, swarané anteb kaja sigeg ing: *g, b, d*. Kajata:

djarak	— <i>djarag.</i>
tapak	— <i>tapag.</i>
kétjap	— <i>kétjab.</i>
tetep	— <i>teteb.</i>
babat	— <i>babad.</i>
kawat	— <i>kawad.</i>

II. Temboeng-temboeng kang béda.

Akèh temboeng-temboeng kang béda tegesé karo ing tanah Djawa tengah.

<i>sing</i>	— ora.	<i>bèbèr</i>	— balapan.
<i>sing pinter</i>	— ora pinter.	<i>soegeng</i>	— angkoeh.
<i>djoḍog</i>	— ḍingklik.	<i>sisig</i>	— soesoer.
<i>mangga</i>	— saopama.	<i>wantji</i>	— kinangan.
<i>melar</i>	— mloekoe.	<i>kintel</i>	— pasah (pir. toek. kajoe).
<i>garoe</i>	— soeri.	<i>kloewoeng</i>	— kemangga.
<i>djoegil</i>	— drengki.	<i>ndingkik</i>	— djindjit.
<i>penampan</i>	— padoesan (dina padoesan)	<i>tegal</i>	— aloen-aloen.
<i>djarit</i>	— sléndang.	<i>sawi</i>	— pohoeng.

<i>neter</i>	— nggaroe.	<i>gembloeng</i>	— nijaga.
<i>tjangklong</i>	— pipa.	<i>gendeng</i>	— boedeg.
<i>tjara</i>	— tjoro.	<i>géndjah</i>	— gèsèh.
<i>lirang</i>	— wit arèn.	<i>géngjah</i>	— gèsèh.
<i>patjek</i>	— pantjèn, dasar.	<i>mbangkang</i>	— woeda.
<i>pakèl</i>	— tjangklakan.	<i>biri</i>	— saweg, lagi.
<i>sang</i>	— kang	<i>botjah</i>	— anak.
<i>mbok</i>	— mbakjoe.	<i>ngemèk</i>	— golèk iwak.

Isih akèh manèh temboeng-temboeng kang béda banget tegesé karo temboeng ing tanah Djawa tengah. Moelané wong ing tanah Djawa tengah jèn tjatoeran karo wong Banjoewangi koedoe ngati-ati banget, soepaja ora ndadèkaké seling soeroep.

III. Pangrimbaging temboeng.

a. Penganggoné ater-ater, seselan oetawa penambang.

<i>akoe</i>	— ésoen	<i>Dakpangan</i>	— ésoen pangan.
<i>kowé</i>	— sira.	<i>kokpangan</i>	— sira pangan.
<i>dèwèké</i>	— ijané.	<i>dipangan</i>	— dipangan.

Penambang *an* (wisésana lingga) ora ana, disalini *wisésana dwilingga*.

<i>djaranan</i>	dadi: <i>djaran-djaranan</i> .
<i>goenoengan</i>	„ <i>goenoeng-goenoengan</i> .

Penambang *aké* dadi: *aken*. kajata: *dikadjokkaken*.
Seselan *in* ora ana. *Pinangan* disalini *dipangan* baé.

IV. Iketaning oekara ora pati akèh gèsèhé karo basa Djawa tengah.

V. Lagoe.

Lagoené wong goeneman nganggo swara anteb (klemtoon) toemiba ing wanda wekasan. Salong woes kapratélakaké ing angka I ing doewoer maoe.

(Kiriman saka Toewan P. W. K. N. Soenarta. ing Banjoewang).

PÉRANGAN KANG KAPING NEM.

Tetemboengan oetawa oekara sing doedoe tjéngkok Djawa.

Ing lajang-lajang kabar oetawa lajang gantjaran sing anjar-anjar, akèh tetemboengan oetawa oekara sing doedoe tjéngkok Djawa. Kang mengkono maoe, sababé kang akèh merga ndjawakaké basa Walanda oetawa basa Melajoe. Pantjèn sidji-sidjining basa ikoe doewé tjéngkok déwé-déwé. dadi jèn moeng ditoeroetaké tjéngkoké basa sing didjawakaké baé, senadjan temboengé wis Djawa kabèh, rasané ija koerang kepénak. Kajata oekara Melajoe: „*Médja itoe berkaki empat*” jèn didjawakaké loegoe dadi „*Médja ikoe doewé sikil papat*,” nanging temboeng *doewé sikil* ikoe doedoe tjéngkok Djawa. Tjara Djawané kang bener: „*Médja ikoe ana sikilé papat*.” Dadi oekara *Médja itoe berkaki empat* tjara Djawané: „*Médja ikoe ana sikilé papat*.”

Kosok baliné: „Tjara Djawa: „*Médja ikoe ana sikilé papat*” ora kena ditjara mlajokaké: „*Médja itoe ada kakinja empat*”.

Dadi sidji-sidjining basa koedoe nganggo tjéngkoké déwé-déwé.

Wondéné oekara loepoet ikoe jèn kerep dienggo ing wong akèh, mangka ora énggal ditoedoehaké loepoeté, ikoe soewé-soewé bandjoer krasa kepénak baé. Wong-wong ija bandjoer akèh sing pada tiroe-tiroe nganggo sarta wis ora krasa jèn ikoe oekara loepoet. Dadi enggoné nganggo oekara loepoet maoe moeng pantjèn saka ora krasa baé.

Lah ing ngisor iki ana oekara-oekara kang doedoe tjéngkok Djawa, kang wis kerep kanggo tjatoeran oetawa ing lajang-lajang kabar, oetawa ing lajang-lajang watjan kang anjar-anjar.

1. Ananging.

Grija poenika boten ageng, *ananging* alit. Beneré:

Grija poenika alit, boten ageng.

Penganggoné temboeng *ananging* kang bener, mengkéné:

Saridin ikoe pinter, *nanging* kesèdé ora djamak.

Grija poenika alit, *nanging* séwanipoen awis.

Temboeng kang kosok balèn bledjed kaja ing doewoer maoe, ora kena nganggo *ananging*. Penganggoné *ananging* jèn sing dikandakaké ing oekara kang kapindo, soelaja karo pengira-ira. Jèn ana wong

kanda: „*Grija poenika alit*”, mestiné pengirané ija *moerah*. Mangka ora, dadi soelaja karo pengirané. Lah jèn kaja mengkono ikoe bandjoer nganggo temboeng *ananging*,

2. Kang, ingkang, sing.

Pak Soeta, *ingkang* saweg têngoek-têngoek wonten ing ngadjenging grijanipoen, sareng mireng pandjelihing anakipoen, ladjeng mladjengi.

Ramboetipoen *ingkang* tjemeng angandan-andan, dipoen oré.

Mripatipoen *ingkang* pendoel abrit tansah medal loehipoen, daléwéran nelesi pipinipoen, *ingkang* ndoerèn sadjoering.

Penganggoné temboeng *ingkang* ing doewoer maoe loepoet kabèh. Beneré diboewang baé.

Pak Soeta saweg têngoek-têngoek ing sangadjenging grijanipoen; sareng mireng.....

Ramboetipoen tjemeng angandan-andan, dipoen oré. Mripatipoen pendoel abrit, tansah medal loehipoen, dléwéran ing pipi. Pipinipoen andoerèn sadjoering.

Penganggoné *ingkang* kang bener jèn kanggo njilahaké barang karo toenggalé. Kajata:

Lajangkoe *kang* ana ing médja kaé djoepoeken.

Ing médja wonten serat kalih. Kagoengan pandjenengan *ingkang* samak abrit poenapa *ingkang* petak?

Omahkoe *sing* wétan takséwakaké.

Omahé ora moeng sidji ikoe, ana manèh sing ana ing koelon.

3. Wonten. Dateng.

Temboeng *wonten* karo *dateng* kerep klèra-klèroe penganggoné. Kajata:

Bapak saweg késah *wonten* ing petjinan.

Serat koela *dateng* médja.

Beneré: Bapak saweg késah *dateng* petjinan.

Serat koela *wonten* ing médja.

Temboeng *wonten* ngandakaké prenatal, *dateng* ngandakaké paran; ener.

4. Lan.

Temboeng *lan* prajoga adja kerep dienggo. Betjik disalini baé kang maŕoek. Temboeng *lan* (kr—ng) ija ora loepoet, nanging jèn kekerepen penganggoné ana ing oekara, rasané kakoe. Kajata:

Pak Karta salin, *lan* omong-omongan karo anak bodjoné.

Ing oekara ikoe *lan* beneré *bandjoer* oetawa *noeli*.

Keboné loro; lamoés *lan* boelé. Ikoe ija ora loepoet, nanging prajoga disalini baé mengkéné:

Keboné loro; sing sidji lamoés, sidjiné boelé.

Jén kowé lara, *lan* laramoe ora koktambani, mesti saja nemen.

Beneré: Jén kowé lara, *mangka* ora koktambani, laramoe saja nemen.

Djoeroetoelis ikoe mleboené djam 8 *lan* moelihé djam 2.

Beneré: Djoeroe toelis ikoe mleboené djam 8, *déné* moelihé djam 2.

Oetawa tanpa *lan*. Djoeroe toelis ikoe mleboené djam 8, moelihé djam 2.

Tekané noenggang djaran, *lan* moelihé mlakoe.

Beneré: Tekané noenggang djaran, *déné* oelihé mlakoe.

Pak Soeta anaké akèh, *lan* oetangé ija akèh.

Beneré: Pak Soeta anaké akèh, *moelané* oetangé ija akèh.

Pak Karta gedé *lan* doewoer.

Beneré: Pak Karta gedé doewoer. Pak Karta ja gedé ja doewoer.

Sang Praboe garwané papat; *lan* isih ana garwa paminggir sidji saka tanah Mlajoe.

Beneré: Sang Praboe garwané papat. Kedjaba ikoe kagoengan garwa paminggir saka tanah Mlajoe.

Temboeng *lan* kanggoné jèn ateges moewoehi prakara kang kaseboet ing ngarepé; dadi ana prakara loro karo kang kotjap ing boeri.

Gawéné angon wedoes *lan* ngarit.

Teloe *lan* papat, pitoe.

5. Tandingan.

Jèn nanding barang loro, kang kerep kanggo temboeng: *tinimbang lan*. Ikoe tjéngkok oekara Walanda oetawa Melajoe. Kajata:

Soerabaja poenika langkoeng ramé tinimbang *lan* Semarang.

Beneré: Soerabaja kalijan Semarang, ramé Soerabaja.

Soerabaja meneng ramé kalijan Semarang.

Semarang kawon ramé kalijan Soerabaja.
 Soerabaja raménipoen ngoengkoeli Semarang.
 Ramé Soerabaja kalijan Semarang.
 Taksih ramé Soerabaja kalijan Semarang.

Kanggoné temboeng *tinimbang* mengkéné;
 Tinimbang nganggoer mbok matja-matja.
 Timbangané têngoek-têngoek mengkono, mbok mboeboet-
 mboeboeti soeket.

6. Dewéké kanggoné ing basa Djawa ora kerep kaja ing basa Melajoe.

Si Berahim berdjalan-djalan. Setelah lelah berhentilah ia dibawah pohon.

Si B. mlakoe. Bareng kesel bandjoer *dèwèké* lèrèn ing ngisor oewit.

Beneré: Si B. mlakoe-mlakoe. Bareng kesel bandjoer lérén ing ngisor oewit.

Bareng Soejoed weroeh emboké teka, *dèwèké* bandjoer mlajoni.

Beneré: Bareng Soejoed weroeh emboké teka, bandjoer mlajoni. Kanggoné temboeng *dèwèké* ing oekara Djawa, moeng jèn preloe kanggo kosok baliné: *akoe* oetawa *kowé*. Kajata:

Kowé diwènèhi pegawéjan sadabreg mengkono, lah *dèwèké* *déwé* njamboet gawé apa!

Tegesé: oewong sing mènèhi garapan kowé.

Akoe sing noelis iki kabèh. Lah *dèwèké* malah moeng têngoek-têngoek baé.

dèwèké tegesé sing akon noelis maoe.

7. Temboeng kang nirokaké tjelaŋoené oewong, ana sangarepé temboengé kang nganggit; malah terkadang dipedot, diselani temboengé kang nganggit. kajata:

„Mas, mas, kowé maoe saka ngendi mas?” pitakènipoen Soenarti dateng Soenarja.

„Mas, djaman saiki koewi” witjantenipoen Soenarti dateng Soenarja, „akèh wong sing pada oemoek-oemoekan.”

Iketan oekara mengkono ikoe tjéngkok Walanda. Lajang watjan Melajoe wis akèh sing nganggo lagon mengkono maoe; kajata:

Lajang Matahari-terbit, Emboen, lsp. Tjara Djawa sadjaké ija arep ketoelaran, tandané lajang-lajang anjar weton Balépoestaka wis ana sidji loro kang nganggo lagon mengkono maoe. Betjiké nganggo lagoné déwé baé, mengkéné:

Soenarti pitakèn dateng Soenarja makaten: „Mas, mas, kowé saka ngendi, mas?”

Soenarti witjanten dateng Soenarja; makaten witjanteni-poen:”

„Mas, djaman saiki koewi akèh wong sing pada oemoek-oemoekan.”

8. Temboeng sawidjining prajoga adja dienggo baé, kadjaba *sawidjining dina*.

Raden Sastra poenika satoenggaling prijantoen ingkang blatèr.

Beneré: Radèn Sastra poenika prijantoen ingkang blatèr sanget. Ing sawidjining ésoek, ing sawidjining bengi. Ikoe ora toemindak.

Beneré: Ing sawidjining dina, wajah ésoek. Ing sawidjining dina wajah bengi.

Ana sawidjining wong, gawéné golék kajoe menjang alas.

Beneré: Ana wong, gawéné golék kajoe menjang alas.

Ana sawidjining désa akèh wongé.

Beneré: Ana désa akèh wongé.

9. Temboeng sawidjining ana kang njalini: *sawenèhing*. ikoe ora bener.

Wonten *sawenèhing* soedagar gegrija ing Bahdad, nama Simbad.

Beneré: Wonten soedagar gegrija ing Bahdad, nama Simbad.

Penganggoné *sawenèh* kang bener mengkéné:

Tijang poenika kasenenganipoen werni-werni, wonten ingkang remen main, *sawenèh* remen aben sawoeng.

Ing *sawenèhing* nagara, pranatan mengkono ikoe ora toemindak.

Ikoe ija ora bener, beneré: *Sawenèh* ana negara kang ora nindakaké pranatan mengkono ikoe.

10. Ing lajang-lajang kabar akèh oekara kang nganggo temboeng *gegajoetan*, *gandèng*; Ikoe olèhé ndjawabaké temboeng Walanda: *in verband met*. Kajata;

Gegajoetan kalijan anggènipoen badé dados warga rad kawoela, toewan S. sampoen njoewoen kèndel saking padamelanipoen.

Beneré mengkéné:

Toewan S. njoewoen kèndel saking padamelanipoen, *awit* badé dados warga rad kawoela.

Gandèng (*sambet*) kalijan prakawis poenika, koela gadah pamanggih makaten:

Beneré: Koela gadah pamanggih ingkang laras kalijan prakawis poenika waoe; makaten:

Temboeng *gajoetan* kanggoné ing basa Djawa mengkéné:

Koela kalijan Kasan poenika taksih wonten *gajoetanipoen* sedèrèk.

Kowé *gajoetan* prakara apa karo si Soeta?

11. Temboeng *saking*.

Gelang poenika kadamel *saking* djené.

Beneré: Gelang poenika djené. Poenika gelang djené. Gelang poenika ingkang kadamel djené.

Adikoela secretaris saking regentschapsraad. Benerè:

Adikoela dados secretaris R.R.

12. Jèn ing oekara sidji ana temboeng loro pada nganggo penambang é, ikoe sing ngarep kena disalini *ing*, sing boeri é baé, kramané *ipoen*.

Sok ana wong kang doewé lagon: é kang ngarep ija é baé, kang boeri disalini *ipoen*. Kaja mengkono ikoe ing patjalaton ora toemindak. Betjik nganggo *ing* karo *ipoen*, oetawa *ipoen* kabèh. Kajata:

Makaten *tjarijosé* adinipoen. Beneré: Makaten *tjarijosipoen* adinipoen.

Kawontenané kiñanipoen. beneré: Kawontenaning kiñanipoen Oetawa: Kawontenanipoen kiñanipoen.

13. Temboeng iki karepé kanggo ngarani prakara kang mentas dikanḍakaké.

Prijangan ikoe lemahé pagoenoengan; pagoenoengan *iki* loh.

Beneré: Prijangan ikoe lemahé pagoenoengan; pagoenoengan *ikoe* loh.

Wong ing Ng. ikoe pangoepadjiwané: soedagaran, dadi toekang, mbatik; penggaotan *iki* akèh kang pada nindakaké.

Beneré: Wong ing Ng, ikoe pangoepadjiwané: soedagaran, dadi toekang, mbatik. Penggaotan mbatik ikoe akèh kang pada nindakaké.

14. Temboeng *disik*.

Disik diontjèki, bandjoer digodog. Beneré:

Diontjèki *disik*, noeli digodog.

kramané: Roemijin dipoen ontjèki, ladjeng dipoen godog. ikoe ija loepoet.

Beneré: Dipoen ontjèki roemijin, ladjeng dipoen godog.

Temboeng *roemijin* sing dadi wiwitaning oekara ikoe kenané moeng jèn ateges *dèk bijèn*.

Roemijin ing riki wonten lindoe ageng.

15. Temboeng *kanggo*.

Olèhkoe njamboet gawé mengkéné *iki kanggo* bandarakoe.

Beneré: Sing taklaboehi njamboet gawé mengkéné *iki* bendarakoe.

Akoe gawé lajangan kanggo adikoe.

Beneré: Akoe nggawèkaké lajangan adikoe.

Adikoe takgawèkaké lajangan.

Bibèkmoe nggawa olèh-olèh kanggo kowé.

Beneré: Kowé digawakaké olèh-olèh bibèkmoe.

16. Temboeng *déning*.

Temboeng *déning* ikoe pantjèné kanggoné moeng ana ing basa patjakan, doedoe basa pedinan. Jèn ana ing basa pedinan disalini *ing, marang, saka*, kramané: *ing, dateng, saking*. oetawa diboewang baé. Kajata:

Sang Praboe ginarebeg *déning* para wadyabala.

Mati *déning* polahé déwé.

Jèn ing basa pedinan:

Sang Praboe kadèrèkaken (*ing*) para wadyabala.

Mati saka polahé déwé.

Didoekani (*ing*) bendarané. Didoekani marang bendarané.

Temboeng *déning* dadi wiwitaning oekara ikoe ora betjik.

Déning kasektènipoen Sang begawan, sang poetri ladjeng itjal gandanipoen amis.

Prajoga disalini mengkéné:

Saking kasektènipoen Sang Begawan, S. P. ladjeng itjal gandanipoen amis.

Oetawa diwalik:

Sang Poetri itjal gandanipoen amis, *awit saking* kasektènipoen Sang Begawan.

17. *Katrangan wajah oetawa katrangan panggonan betjiké adja ana ing saboerining djedjer. Kajata:*

Kala wingi sedèrèk S. wonten ing *Darmakanda*, njrijosaken kawontenanipoen tanah Dèli.

Oekara ikoe tjéngkok Walanda, jèn tjara Djawa kang bener diwalik. Dadi:

Kala wingi sedèrèk S. njrijosaken bab kawontenanipoen tanah D. kawrat ing *Darmakanda*.

Toewan S. warga rad kawoela, kala minggoe ingkang kepengker, ngadep ingkang witjaksana G. G.

Beneré: Kala minggoe kepengker, toewan S. warga rad kawoela, ngadep ingkang witjaksana G.G.

18. Oekara-oekara ing ngisor iki doedoe tjéngkok Djawa, akèh sing pada nganggo. Prajoga diingar-inger disik sing nganti dadi oekara Djawa, adja agé-agé mèloe nganggo. Kajata:

a. Tijang ing Betawi poenika *sabagéjan ageng* sami beberah.
Beneré: Tijang ing Betawi poenika ingkang *katāh-katāh* sami beberah.

b. Ingkang *sabagéjan alit* njamboet damel ing kantor-kantor.
Benerè: *Sekedik sanget* ingkang njamboet damel ing kantor-kantor.

c. Adi koela sampoen seminggoe poenika dèrèng wangsoel, *angsal dados* ketampèn penjoewoenipoen.

Beneré: Adi koela, bokmanawi

Adi koela, kinten koela

Adi koela, watawis koela

d. Ing kana kaé roengkoed banget, *bisa oega* ana oelané.

Beneré: Ing kana kaé roengkoed banget, jèn ana oelané *mémper*.

- e. Prakawis poenika boten *saged* dipoen patjak ing serat kabar ngriki. Beneré:
 Prakawis poenika boten *kénging* dipoen —
 Oetawa: Prakawis poenika boten *saged matjak* ing serat kabar ngriki.
 Peṭi poenika boten *saged* dipoen lebetaken ing longan, awit kagengen. Beneré:
 Peṭi poenika boten *kénging* dipoen lebetaken
 Peṭi poenika boten *saged mlebet* ing longan,
 Katrangan. Temboeng boten *saged*, tjandaké koedoe temboeng tandoek.
 Temboeng boten *kénging*, tjandaké temboeng tanggap.
 Kajata: boten *kénging* dipoen bekta.
 boten *saged* mbekta.
- f. Leté sidji karo sidjiné limang méter. Beneré:
 Leté nglimang méter.
- g. Botjah sidji pandoemané setali. Beneré:
 Pandoemané njetali.
- h. Aḍi koela dèrèng ngatoeraken *panjoewoenan*.
 Aḍi koela dèrèng gadah *penjoewoen*.
- i. Ing lajang-lajang babad kang anjar-anjar ana oenèn-oenèn:
 Abad kang kaping limalas. Beneré:
 Antarané taoen 1400 karo 1500. Oetawa:
 Sawisé taoen 1400.
 Tengah-tengahé abad kang kaping sepoeloeh. Beneré:
 Taoen sangang atoes sèketan.
 Ing wiwitané abad kang kaping sangalas. Beneré:
 Sawisé taoen 1800.
 Ing wekasané abad kang kaping nembelas. Beneré:
 nDoenkap taoen 1600.
- j. Pak Soera olèhé adol sapiné olèh baṭi f 16,—. Beneré:
 Pak Soeta olèhé adol sapi baṭi f 16,—.
- k. Akoe arep tilik kakangmoe *doeroeng ana wektoené*. Beneré:
 Akoe arep tilik kakangmoe *doeroeng kober*.
 Akoe *doeroeng kober* niliki kakangmoe.
Jèn ana wektoené tilika menjang enggonkoe. Beneré:
Jèn kober, —
 Iki garapen, takwènèhi *wektoe (témpe)* seminggoe.
 Beneré: Iki garapen, *takloenggèni* seminggoe. (*takwangeni*).

- l. Gendèngé sing petjah apa wis diganti? Beneré:
Gendèngé sing petjah apa wis disalini?

m. Anggèn koela *tangga* ing ngriki ngantos kalih djam.

Beneré: *ngentosi*.

19. Temboeng sampoen kerep kanggo ing lajang-lajang kabar oetawa jèn sesorah. Kajata:

Matoer noewoen dateng para sedèrèk sadaja, déné sampoen sami mrelokaken rawoeh.

Temboeng sampoen ing oekara maoe prajoga diboewang baé. *Katrangan*. Oekara Si Amat saiki wis manoet, tegesé:

Olèhé ngélikaké wis rambah-rambah, lagi gelem manoet. Dadi sampoen sami mrelokaken rawoeh ikoe soerasané: Olèhé ngoelemi wis ambal-ambalan, lagi gelem teka. Mangka karepé ija ora mengkono.

20. Temboeng béda karo katjèk sok wor soeh penganggoné.

Béda ikoe ngandakaké kaanan.

katjèk ngandakaké tjatjah oetawa oekoeran.

Bedané kebo karo sapi ikoe keprijé?

Penemoené wong akèh ija béda-béda.

Katjèk pira regané?

Ora pati akèh katjèké, mèh pada doewoéré.

21. Ing lajang-lajang kabar kerep banget ana temboeng:

a. *ing bab*.

Tijang doesoen poenika taksih prasadja sanget kawroehipoen *ing bab* ngolah siti.

Betjiké disalini mengkéné:

Tijang doesoen poenika taksih prasadja sanget kawroehipoen prakawis ngolah siti.

b. *Temboeng tanggap* ing wiwitaning oekara ikoe doedoe tjéngkok Djawa. Kajata:

Kawartosaken wonten djoeroe maboer saking New-York badé ngideri bawana.

Beneré: Wonten pawartos, manawi wonten djoeroe maboer badé ngideri bawana saking New-York.

Katetepaken dados warga Volksraad, toewan A. B. sarta C. Beneré:

Toewan A. B. sarta C. *katetepakan* dados warga Volksraad.

Oetawa: *Ingkang katetepaken* dados warga Volksraad inggih poenika: Toewan A. B. sarta C.

22. Temboeng *saking* manèh, nanging sédjé karepé: kajata:
Paridja poenika *saking alit* doemoegi ageng, dipoen oedja kémawon kalijan tijang sepoehipoen.

Beneré: *wiwit alit* ngantos ageng,
Saking papa doemoegi moelja. Beneré: *Wiwit* nglampahi papa, doemoegi moelja.
Redi poenika *saking* ngandap doemoegi nginggil, katah tetoewoehanipoen.

Beneré: *wiwit* ngandap doemoegi nginggil.
Anggèn koela lék-lékan *saking* malem Minggoe doemoegi malem senèn.

Beneré: Anggèn koela lék-lékan *wiwit* malem Minggoe

23. Temboeng-temboeng kang kanggo ing pamoelangan ija akèh kang loepoet, nanging rèhning wis kanggo mataoen-taoen sing akèh wis ora krasa jèn loepoet. Kajata:

a. $3 + 4 = 7$. Teloe lan papat pada karo pitoe. Beneré:
Teloe lan papat ikoe pitoe.
Teloe lan papat, pitoe.

b. Ana palemahan oedjoéré 14 méter, alangé 10 méter. Beneré:
dawané 14 meter, ambané 10 meter.

Penganggoné temboeng *alang oedjoer* sing bener mengkéné:
Mati ora weroeh alang oedjoéré.

c. $10 - 1 = 9$. Sepoeloeh kasoeda sidji kari sanga.

Beneré: *isih* sanga. marga akèh kariné karo olèhé njoeda.
 $10 - 7 = 3$. Sepoeloeh kasoeda pitoe kari teloe; ikoe wis bener.

d. Panoekoené f 25,—. Beneré:
koelakané f 25,—.

- e. Sidji-sidjiné botjah tampa pira? Beneré:
Mira tampané?
Leté sidji karo sidjiné pirang méter? Beneré:
Leté *mirang* meter?
- f. Pekarangan ikoe *djembaré* 10 meter pesagi. Beneré:
Pekarangan ikoe loemahé 10 méter pesagi.
- g. Jèn étoeng awangan sok ana goeroe takon:
Sapa sing wis *ketemoe*? Beneré: Sapa sing wis rampoeng?
oetawa: Sapa sing oewis?
- h. Djasmoe *kedawan*. Beneré: Djasmoe *kelandoengen*.
- i. *Setengahé* 60 ikoe 30. Beneré:
Separoné 60 ikoe 30.

24. Temboeng *amargi* oetawa awit sok kanggo ana ing wiwitané oekara kajata:

Amargi boten gadah pedamalan, katah tijang ingkang nglampahi kadoerdjanan. Beneré:

Sarèhning boten gedah pedamelan, katah tijang ingkang nglampahi kadoerdjanan.

Oetawa: Katah tijang ingkang nglampahi kadoerdjanan, awit

Marga saka kertaning djaman ikoe, nganti akèh para moeda ing negara pada teka.

Beneré: *Saking* kertaning djaman ikoe, para

25. Goenoeng gamping ikoe *kedadéjan* saka kloempoeké karang-karang tjangkoké kéwan segara.

Beneré: Sing nganakaké goenoeng gamping ikoe

Temboeng *kedadéjan* kanggoné mengkéné:

Olèhé remboegan ora *kedadéjan*.

Olèhé magang *kedadéjan*.

Wis, sida ora *kedadéjan* karepkoe!

26. Ing djaman sapoenika tijang Djawi manawi nganggit-anggit katah ingkang *migoenakaken* sastra latin.

Beneré: disalini *nganggo*.

27. Temboeng *tanpa* (kr—Ng.) ora soesah dikramakaké *tanpi*. Mengkono oega *sarwa* idjo ora bener jèn dikramakaké: *sarwi* idjem. *kawroeh* ora kena dikramakaké: *kasoemerepan*.

kelakoewan ora kena dadi: *kelampahan*.

28. Jèn ana apa-apa kanḍaa teroes *terang baé*. Beneré:
Jèn ana apa-apa kanḍaa barès baé.

29. Grija poenika manawi wonten ingkang njéwa, mangké dipoen *damel saé*.

Beneré: *dipoen dandosi*.

Pesanggrahan ing Ambarroekma sapoenika *dipeon damel saé*.

Beneré: *dipoen moeljakaken*.

Temboeng *dipoen damel saé* tegesé: dibetjiki toemrap manoesa.

Kajata: Si S. kaé pantjèn wis ora kena digawé betjik.

Si trajoli Damarwoelan, tan kena ginawé betjik.

30. Temboeng *oetoes* kerep klèroe penganggoné. Kajata:

Koela dipoen *oetoes* mbesoeti klobot. Beneré:

Koela dipoen *dawoehi* mbesoeti klobot.

Mengkono oega:

Akoe *dikongkon* noelis. Beneré: Akoe *dikon* noelis.

Temboeng *oetoes* oetawa *kongkon* ikoe kanggoné jèn sing nglakoni krijané koedoe loenga. Kajata:

Dipoen *oetoes* dateng petjinan.

31. Bapak *taksih* njerat.

Jèn karepé ngandakaké pegawéjané bapak, temboeng *taksih* ikoe maoe loepoet. Beneré: *saweg*. Nanging jèn karepé ngandakaké olèhé doeroeng lèrèn enggoné noelis, temboeng *taksih* maoe wis bener.

Sampoen djam kalih welas daloe bapak *taksih* njerat kémawon. Ikoe wis bener. Adat sabèn jèn noelis ora nganti kliwat djam rolas.

Bapakmoe ana ngendi lé?

Taksih njerat. Ikoe loepoet. Beneré: *Saweg* njerat.

32. Kantor koela poenika poenapa èstoe pindah dateng Soerabaja poenapa tetep wonten ngriki poenika *taksih dados pitakénan*.

Beneré:

Dérèng wonten pawartos ingkang goematok, poenapa kantor koela poenika èstoe pindah dateng Soerabaja, poenapa tetep wonten ing riki kémawon.

33. Temboeng pangoewoeh djenengé wong oetawa peprenahan. Jèn ana ing boeri ora kena diwoetohaké baé; koedoe ditjekak.

Jèn ana ing ngarep diwoetohaké kena. Kajata:
 Akoe toekokna djadjan ja, mbok.
 Embok, akoe mengko toekokna djadjan!
 Kowé anaa ngomah baé Sarinem. ikoe loepoet, beneré:
 Kowé anaa ngomah baé Nem! Oetawa
 Sarinem, kowé anaa ngomah baé!

34. Mengkono oega temboeng *wong* karo *oewong*, ija pada beneré nanging penganggoné ana ing oekara koedoe diélingi. Kajata:
 Ana *wong* lanang.
 Maoe bengi ana *oewong*.

35. Temboeng *salah satoenggaling* ana ing ngarep, ikoe loepoet. Salah satoenggaling nata ing nagari ngrikoe wonten ingkang djedjoeloek Beneré:
 Nata ing nagari ngrikoe wonten setoenggal ingkang

36. Temboeng *djaleripoen* karo *èstrinipoen* moeng doewé teges bodjo.
 Wonten laré kalih djaler èstri; djaleripoen anama Amin, èstrinipoen anama Sijem. Ikoe loepoet. Beneré:
 Wonten laré kalih djaler èstri; ingkang djaler nama Amin, ingkang èstri Sijem.

37. Temboeng lingga wis kena dienggo krija, ora soesah digawé tandoek. Kajata:

<i>kroengoe</i>	ora soesah ditandoekaké dadi <i>ngroengoe</i> .
goemoen	nggoemoen.
pados	mados.
wiwit	miwiti.
djoeleg	ndjoeleg.
priksa	mirsa.
kraos	ngraos.
rekaos	ngrekaos.
gadah	nggadah.

Kajata:

Siti *ngroengoe* swara ngowèr-ngowèr.
 Koela *nggoemoen* poen Bodong poenika, nakalipoen!
 Pak Karta dateng negari badé *mados* pendamelan.

Sadèrèngipoen moerid-moerid *miwiti* maos serat ingkang
 angèl sageda nglantihaken roemijin.
 Kali ikoe djoerangé *ndjoeleg* banget.
 Tetijang sami boten *ngraos* sedih.
 Ikoe maoe kabèh loepoet. Beneré nganggo linggané baé.

38. Temboeng *saking*.

Let sedinten *saking* angkatipoen serat,

Beneré: Sareng serat sampoen mangkat, let sedinten
 Kirang seminggoe *saking* mangkat koela

Beneré: Sareng koela badé mangkat dateng Semarang, kirang
 seminggoe

39. Temboeng *sakawan* jèn digandèng karo temboeng kang mraté-
 lakaké oekoeran (tjatjah, timbangan lsp) ater-ateré *sa* ilang.

Anggèn koela wonten ing Kalioerang *kawan dinten*. Ora:
Sakawan dinten.

40. Temboeng kang mratélakaké oekoeran, kang olèh ater-ater *sa*,
 kramané ija *sa*, baé. Ora soesah dikramakaké *satoenggal*. Kajata:
sadjam- ora kena dikramakaké: *setoenggal djam*.

PRATELAN ISINÉ LAJANG IKI.

PÉRANGAN KAPISAN.

Katja

Nerangaké bédané basa ing toelis karo basa kang dienggo tjatoeran	5
A. Basa kang kanggo ing toelis	5
B. Basa kang kanggo tjatoeran	13
Bab I. Basa kang dienggo tjatoeran karo sanak sedoeloer	13
Bab II. Basa kang dienggo tjatoeran wong-wong kang toenggal gawé	15

PÉRANGAN KANG KAPINDO.

Moela boekané ana oenggah-oenggoehing basa	19
--	----

PÉRANGAN KANG KATELOE.

Bab soerasaning temboeng oetawa oekara	24
Bab I. Temboeng éntar	24
Bab II. Temboeng prenésan	28
Bab III. Bab temboeng-temboeng kang tegesé pada oetawa mirib	30

PÉRANGAN KANG KAPING PAT.

Bab tetemboengan kang ditata	35
Bab I. Goeritan	35
Bab II. Parikan	38
Bab III. Tembang	40
Bab IV. Wangsalan	56
Bab V. Poerwakanti	61
Bab VI. Gérongan	65

PÉRANGAN KANG KALIMA.

Basa enggon-enggonan, oetawa pesisiran	68
Bab I. Kagok Soerabaja, Malang, Pasoeroewan	71
Bab II. Kagok Semarang	73
Bab III. Kagok Blora.	75
Bab IV. Kagok Brebes, Tegal, Pekalongan	78
Bab V. Kagok Banjoemas, Bagelèn	82
Bab VI. Kagok Madioen, Kediri	85
Bab VII. Kagok Banten	87
Bab VIII. Kagok Indramajoe, Tjirebon	91
Bab IX. Kagok Banjoewangi	93

PÉRANGAN KANG KAPING NEM.

Tetemboengan oetawa oekara kang doedoe tjéngkok Djawa	97
---	----

BASA DJAWI

KANGGÉ PARA INGKANG SAMI
SOEMEDYA NGLADJENGAKEN
SINAOE BASA DJAWI

I	f 0,70
II	= 0,70
III	= 0,70

NGÈLMOE BOEMI INDIJA WÉTAN

TJAP-TJAPAN PING TELOE f 1,25

NGÈLMOE BOEMI
NEGARI WALANDI LAN BOEWANA
GANGSAL

DJILIDAN I f 1,25; DJILIDAN II f 1,50

NGÈLMOE FALAK LAN
NGÈLMOE BOEMI KODRAT

f 1,00

BABAD TANAH DJAWI LAN
TANAH-TANAH ING SAKIWA-
TENGENIPOEN

TJAP-TJAPAN INKGANG KATIGA f 1,75

NGÈLMOE TETOEWOEHAN

TJAP-TJAPAN PING TELOE f 1,25

KAWROEH BAB KÉWAN LAN MANOESA

TJAP-TJAPAN KANG KAPING PAT f 1,50

NGÈLMOE ALAM

TJAP-TJAPAN PING PAT f 1,75

PRATIKELE MOELANG

TJAP-TJAPAN KAPINDO f 1,25

NGÈLMOE WANGOEN f 1,25

BEBOEKANÉ NGÈLMOE ÈTOENG

TJAP-TJAPAN KAPINDO f 1,25

PANGRAKITING PRADJA

A. - TANAH WALANDA

B. - TANAH INDIJA-WALANDA

f 0,70



